# Мах дуг



6

2026

*Ӕрттив нæм, хуры цæст, уæларвæй,*
*Дæ хъармæй сабиты рæвдау!*
*Хæсс нæм æвдадзы хос хæларæй,*
*Нæ цинтыл ног цинтæ æфтау!*

***БАСИТЫ Мысост***





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

# МАХ ДУГ

**6**
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........ 5

**ХОЗИТЫ Барис: 70 азы**

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Дуг фыссæгæн – цæдисон. *Уац* ........ 8

ХОЗИТЫ Барис. Литературон критикæ. Ис нæм æви нæй? *Уац* ........ 13

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ПОЭЗИ**

АБАЙТЫ Эдуард. Бæргæ, куы кæсин ме уæны... *Æмдзæвгæтæ* ........ 27

ФИДАРАТЫ Руслан. Атыдтон нымды рæхыстæ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 35

**ПРОЗÆ**

БИТАРТЫ Маринæ. Фæлдурæдждждын хъысмæт. *Радзырд-æцæг хабар* ........ 38

ЦХУЫРБАТЫ Мери. *Радзырдтæ* ........ 50

КАЛМАНТЫ Этэри. Изæрмилты нымд зæгъинæгтæ. *Новеллæ* ........ 61

**ЦАРДЫСТЫ ÆМÆ УЫДЫСТЫ**

ХУЫГАТЫ Сергей. Малиты Васо. *Мысинæгтæ* ........ 65

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**

ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ........ 79

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**

ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ. Æнустæм хъуыдыйаг хæрзгæнæг. *Очерк* ........ 101

БИАЗЫРТЫ Аллæ. Дзугаты Георгийы сывæллæттæн фыст уацмысты хъомыладон, зонынадон æмæ эстетикон мидис. *Уац* ........ 117

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

БЕРОЗТЫ Аслæнбег. Гоппой æмæ Пыхцыл. *Радзырд* ........ 124

ДЫГЪУЫЗТЫ Зæлинæ. Къаппа-къуппа. *Æмдзæвгæтæ* ........ 129

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

Æлдары чызг кæнæ дыууæ æрдхорд æлдары. *Аргъау-новеллæ* ........ 132

**ТÆФÆРФÆС**

Дзанайты Ольгæ ........ 142

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## ХИСТÆРЫ ЗОНД ÆМÆ КÆСТÆРЫ ÆВЗЫГЪДДЗИНАД

Нæ фидæн, нæ ныфс сты нæ фæсивæд, нæ кæстæртæ. Уыдонæй аразгæ у нæ сомбон. Æмæ, цæмæй нæ фидæн рухс уа, уый тыххæй абоны бон нæ кæстæртæм хъуамæ радæттæм, фыдæлтæй нын цы зонындзинæдтæ æмæ фарны æгъдæуттæ баззад, уыдон.

Æгъдау тауын нымайын не 'хсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы сæйраг хæсыл. Уый у ирондзинадæн йæ бындур. Æмæ, раст бындурыл куынæ сæвæрæм нæ фæсивæды хъомылад æмæ ахуырад, ирон æгъдау нæ тырыса куынæ уа, уæд нын, куыд ирон адæмæн, фидæн нæй.

Нæ куыст аразæм Ахуырад æмæ наукæйы, Культурæйы министрадты кусджытимæ æнгом æмархайды фæрцы. Уымæй уæлдай ма æмгуыст кæнæм, ирон æгъдæутты бындурыл чи архайы, уыцы змæлдтытæ æмæ иугæндтимæ дæр. Иумæйаг хъарутæй архайгæйæ бафтдзæн нæ къухы нæ нысан. Æнæмæнг зæгъын хъæуы:

ацы куысты ирон адæмы хорз фидæнæй дарддæр æндæр пайда агурын кæй не ‘мбæлы.

Нæ архайды бындуры æвæрд сты, иу хатт ма йæ зæгъын, нæ фыдæлты зонындзинæдтæ æмæ æгъдау. Уыдонмæ бæлвырд бæрæггонд уыд, кæстæр цы æгъдауыл хæст хъуамæ уа, уый. Æмæ-иу бинонтæ кæныны афонмæ фæсивæд цæттæ уыдысты æгъдауæй дæр æмæ зонындзинæдтæй дæр. Уымæ гæсгæ нымайын сæйраг хæсыл нæ фæсивæды уыцы хорздзинадмæ ирондзинады бындурыл цæттæ кæнын, цæмæй уыдоны бон дæр уа нæ фыдæлты фарн æмæ æгъдау рæсугъдæй дарддæр адæттын. Æмæ уæд ирон бинонты кад, намыс æмæ æгъдау сæ бынат ссардзысты, нæ фыдæлтæм куыд уыд, афтæ.

Зæгъдзынæн ма иу хъуыддаджы тыххæй. Нæ фыдæлтæм, саби кæйдæр кæстæр у, зæгъгæ, ахæм хъуыды нæ уыд. Фæсивæды хъомылады архайдтой хистæртæ иууылдæр кæм – таурæгъ æмæ аргъауæй, кæм – уайдзæф кæнæ сæ разæнгардгæнгæйæ, сæйрагдæр та, – хи æгъдау æмæ æфсарм æвдисгæйæ. Гъемæ нын не Сфæлдисæг Иунæг кадджын Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, цæмæй та Иры зæххыл ирон адæмы цард йæ уагмæ раздæха. «Хистæр – зондамонæг, æгъдаутауæг, кæстæр – коммæгæс лæггадгæнæг».

*ТУАТЫ Алан,*
*æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы æвзæрст лæг*

# ХОЗИТЫ БАРИС: 70 АЗЫ



**(1956)**

*Тырнын хъæуы, алчи дæр йæ лæджыхъæд сæрибарæй кæм æвдиса, ахæм цардыуагмæ. Рæстдзинадыл æууæндын ирон адæмæн сæ туджы ис. Æмæ йæ уымæ гæсгæ цæсты гагуыйау хъахъхъæнын хъæуы.*

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# ДУГ ФЫССÆГÆН – ЦÆДИСОН

*Уац*

Йæ 70 азы юбилейыл кад æмæ радимæ æмбæлæг фыссæг æмæ ахуыргонд Хозиты Барис йæ райгуырæн Ирыстоны хорз зындгонд у. Бирæ азты дæргъы фæсивæдимæ фæкуыста Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты (ЦИПУ), уыд республикон адæмон газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор, абон та сфæлдыстадон тæвагæй хайджын фæлтæрыл ауды Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Цæгатирыстойнаг хайады сæрдары хуызы.

ЦИПУ-йы телекомпанийы директор, журналистикæйы кафедрæйы фыццаг сæргълæууæг, аивæдты, уый фæстæ та ирон филологийы факультеты декан уæвгæйæ йын цы бантыст, уыдæтты тыххæй йын лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы æмæ Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæджы ном, Хуссар Ирыстоны зонæдты сгуыхт архайæджы ном, майдан «Ирыстоны намысæн», чысыл не сты фæстæдæры хæрзиуджытæ дæр. Фæлæ нæ юбиляр йæ сæйраг хорзæхыл нымайы, ирон культурæмæ ног æмæ ног хуынтæ хæссыны, фысджыты æмæ нæ интеллигенцийы иннæ минæвæртты тыххæй цæстуарзон ныхас зæгъыны амондæй хайджын кæй у, уый.

Ленинграды паддзахадон университеты журналистикæйы факультет æмæ аспирантурæ каст куы фæци, уæдæй 40 азæй фылдæр рацыд, фæлæ хорзæй мысы, зонадмæ йын дзы фæндаг чи амыдта, уыдоны. Уæдæ, йæ райгуырæн бæстæмæ куы сыздæхт, уæд дæр цас куырыхон, ныфс æмæ йын æххуыс чи уыд, ахæм хистæр æмкусджытыл æмбæлд! Уымæ гæсгæ дзы рауад журналистикæйы, филологийы, культурологийы фарстаты специалист, зонады организатор æмæ дзыллон информацийы фæрæзты разамонæг. Йæ куыстыты æрыгоны бонтæй фæстæмæ пайда кæны историон абарсты, литературон-критикон æмæ теоретикон-журналистон фæрæзтæй, æмæ уыдон та бирæ зонындзинæдтæ домынц. Бирæ – бæрцæй æмæ ахадындзинадæй дæр, æмæ уыцы зонындзинæдтæй Хозийы-фырт хайджын у æдзух хиуыл кусыны, бирæкъабазджын архайды ногæй исты базоныны тырнæнты руаджы. Йæ фыссæн сис æххæссы дзыллон информацийы фæрæзты теори, практикæ æмæ технологитыл, лите-

ратурæ, зонады æмæ æхсæнады хъуыддæгты дзæвгар кæмæн бантыст, уыдоныл. Ирыстоны ахуыргæндтæй фыццагдæрты æмрæнхъ уый банкъардта журналистикæйы хъару куыд социалон разамынды фæрæз, уый бакуыста журналисттæ цæттæ кæныны бирæмвæзадон системæйы концепцийыл. Уыимæ уыцы концепцимæ æрмæст зонады домæнтæ нæ хаста, фæлæ ма йыл адæймагон миниуджытæй ахадынмæ дæр сидт. Уыцы хуызы, æмæ, æрыгон лæппу кæнæ чызг йæ диплом райста æмæ стыр цардмæ афæндараст, уæд мæн никæцырдыгæйуал æндавы, зæгъгæ, никæд хъуыды кодта. Йæ курдиат æмæ хъаруйæ зæрдæдаринагчи уыд, уыдоны æнæмæнг хуыдта телеуынынады, радиойы, газетты редакцитæм, сæ разамонджытæн, уымæ æмæ уымæ уæ хъус æрдарут, зæгъгæ, дзургæйæ (æвдисæн – ацы рæнхъыты автор йæхæдæг дæр).

Уæдæ ахæм хабар дæр уыд, æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты культурæ, ахуырад æмæ æнæниздзинадхъахъхъæнынады комитеты курдиатмæ гæсгæ республикæйы дзыллон-хабархæссæг фæрæзты куысты иумæйаг иртасæнтæ куы саразта. Зонадон уацты хуызы куы рацыдысты, уæд сæ æрмæст нæ республикæйы нæ, фæлæ ма Хуссар федералон зылды иннæ регионты дæр спайда кодтой.

Кæнæ, дæсгай азты дæргъы разамынд цы факультеттæн лæвæрдта, уыдоны арæзт зонадон конференцитæ, «Нывкæнынады аивад æнусты арæныл», «Актерты аивад нæ абоны дуджы», «Ирон литературæ: истори, теори, практикæ», зæгъгæ, ахæм темæтыл. Уыдоны руаджы æрыгон фæлтæры æмхиц кодта зонады фæндагмæ, уæлдæр ахуыргæнæндоны фæлтæрты бастдзинад фидар кæнгæйæ. Уыд ма академион журнал «ЦИПУ-йы фидиуæг» («Вестник СОГУ») æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты зонадон куыстыты æмбырдгонд «Ирон филологи: истори æмæ абоны дуг» («Осетинская филология: история и современность») саразыны хъуыддаг амидингæнджытæй иу æмæ сæ бæрнон нымæрдар. Йæ куыст «Ирыстоны културæ куыд рагон хæзнаты æвдисæндар» та сси Бутапешты Централон-Европæйаг университеты гранты аккаг.

Хозийы-фырт у 350 зонадон æмæ зонадон-популярон куысты автор æмæ æмавтор, 25 чиныджы автор. Се ‘хсæн – Мæхæмæтты Ахуырбеджы, Къомайты Риммæйы, Джусойты Нафийы, Беруаты Барисы, Биасты Хъазыбеджы, Лолаты Тотрадзы, Гуыриаты Тамерланы æмæ ЦИПУ-йы иннæ зындгонддæр ахуыргæндты зонадон-сфæлдыстадон портреттæ. Ам та бæрæг дары йæ цæстуарзон ахаст хистæртæм – ба-

фæндыд æй, йæ удуæлдай архайдæй йæхицæн ном чи скодта, уыдоны тыххæй дзыллæйæн радзурын, цæмæй ма сæ фæзмджытæ уа, ног фæлтæртæ уыдонау царды сæхи бæрзæндтæм тырнынил архайой.

Чингуытæ, монографитæ æмæ ахуырадон æххуысгæнæн æрмæджытæ уадзынæй дарддæр ма ахуыргонд йæ куыстытæ мыхуыр кодта Мæскуыйы, Бетъырбухы, Ростов-Доны, Краснодары, Стъараполы, Красноярскы æмæ раздæры Советон Цæдисы республикæты зонадон рауагъдты. Уæдæ Ирыстоны газеттæ æмæ журналтæн се 'ппæтæн дæр у сæ иузæрдион хæлар. Арæх æм фæсидынц литературон процессы иу кæнæ иннæ фарстайы фæдыл йæ хъуыдытæ загъынмæ, фысджыты тыххæй уацтæ ныффыссынмæ, æмæ та ам дæр йæ куысты æцæг профессионал разыны. Ныридæгæн æй аивадиртасджыты рæнхъытæм райсæн дæр ис – нывгæнджытæ, скульптортæ, иумæйагæй аивады ацы къабазыл фыст дæсгай иртасæн уацтæ уымæн фадат æмæ гæнæнтæ аразынц.

Бафиппайæн ма ис, ирон литературæйæн йæ лæггад æрмæст фысджыты цард æмæ сфæлдыстадыл фыссыны мидæг кæй нæй. Хозийы-фырт хицæн æмбырдгæндтæй рауагъта, классиктæй алы азты кæуыл цы фыст æрцыд, уыцы æрмæджытæ. Афтæмæй иу цъары бын бæстонгонд æрцыдысты Фæрнион Къостайы, Хозиты Яковы, Плиты Грисы, Джыккайты Шамилы, Хъодалаты Герсаны цард æмæ сфæлдыстады тыххæй загъд хъуыдытæ, æмæ уый æвæджиауы лæвар сси ахуыргæнджытæ, зонады кусджытæ, студенттæ æмæ скъоладзаутæн.

Литературон процессы тыххæй æвæллайгæ иртасæг йæ уацтæй иуы ахæм ныхæстæ загъта: «Хъæуы нæ, ирон литературон процессы аккаг чи уа, ахæм сфæлдыстадон архайд. Ома, йæ туг ын чи базмæлын кæна, уый æнгæс поэзи, прозæ, драмæ, публицистикæ æмæ аивадон тæлмац. Уыдонæй иу дæр йæ размæцыдæй куы ныллæуа, уæд литературон процессæн йæ хъару сæттæ æмæ сысгæ кæны. Ранымад литературæйы хуызты æхсæн ныхас куынæ цæуа, уæд сæм хорзæй мацæмæ æнхъæлмæ кæс. Æцæг литературон критикæ сын сбæрæг кæны сæ уагæвæрд, сæ иугæнæг æууæлтæ æмæ дихгæнæг миниуджытæ. Критикæ æмæ аивадон сфæлдыстадæн цæхх æмæ кæрдзынау кæрæдзийæ атонæн нæй. Иуæн дзы æнæ иннæмæй уæвæн нæй. Литературон критикæ æфсисы хос у æппæт фысджытæн дæр. Цæстуарзон æмæ рæстдзæвин фиппаинæгты бындурыл амад куы уа критикон ныхас, уæд суадоны

донау сатæг комулæфт хæссы дзырдаивадмæ. Критикæ йæ хæстæ æххæст кæнын куы фæраза, уæд свæййы литературæйы эстетикæ. Дуджы монон комулæфт, йæ хъуыдытæ, йæ бæллицтæ, йæ сагъæстæ, йæ хъынцъымтæ, йæ цардхъомыс – æгасæй дæр нæ критикæйæн хъуамæ суой йæ ныхасы сæр. Афтæ куы уа, уæд та критикæ йæхæдæг дæр свæййы сфæлдыстад, ома æрцахсы йе 'цæг бынат». Æрмæст ацы ныхæстæй дæр бæрæг у, фыссæг æмæ литературæмæ цы ахаст дары, дугимæ йæ дунембарынады куыд æнгом баст сты, уый. Йæхæдæг абоны онг хорз зындгонд у куыд литературон критик, уыцы «цинимæ» сси йæ рæстæджы Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг. Фæлæ йæм дзæвгар бамбырд æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ дæр. Адæмы размæ хаст кæй æрцæуыдзысты, ууыл зæрдæ дарæм…

Йæ юбилейыл нæ ныхасы хъæйтар æмбæлы Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Цæгатирыстойнаг хайады сæрдар уæвгæйæ. Ам, æхсæнадон куысты, у сфæлдыстадон фæлтæртæн сæ курдиат райхалынæн фадæттæ аразæг. Бирæ азты дæргъы уыд Цæдисы правленийы уæнг æмæ æнгом бастдзинæдтæ сарæзта паддзахады бирæ регионты фысджытимæ. Ныр ын уыцы хъуыддаг дæр æххуыс у алыхуызон фембæлдтытæ, литературон изæртæ, фестивальтæ, чиныгкæсджыты конференцитæ аразынæн. Уыимæ йæ алыварс æрбангом кæны сфæлдыстадон куыстæн аргъгæнджыты, æмæ цард сфидауы сæ ног хъæппæристæй. «Мæ фæлтæры фысджытæ кæстæрты цур къæмдзæстыг ницæмæй сты æмæ нæ уыдзысты. Дугивæнты æхсæнад æмæ дзыллæйы раз бæрнондзинад нæ фесæфтой, æмбæлгæ хуызы уацмыстæ снывæстой, мадæлон æвзаг, удварны стыр хæзнайæн куыд æмбæлы, ахæм буц бынаты фæдардтой. Уæдæ Фысджыты цæдисы фарсмæ æдзух сты амалхъомтæ Мæрзойты Тамерлан, Цæрукъаты Æхсар, Цыбырты Кахабер, Уататы Зелим, Æгъуызарты Руслан, Лалыты Лев, Абайты Ларисæ, æхсæнады æндæр къабæзты минæвæрттæ, æмæ нын уыдон дæр сты фидар ныфс», – зæгъы Хозийы-фырт. Дызæрдыггаг ын нæу, фыссæг раздæрау йæ адæмы сыгъдæг цæсгомæн æвдисæн кæй у, æмæ уыцы бæрнон хæс нæ фæсайдзысты нæдæр Интернет, нæдæр иннæ раззаг технологитæ.

Æмæ та – æрыгæттæн рæзты фадæттæ аразынмæ тырнынад. Фысджыты цæдисы базыры бын сæ бакæнын, æвæллайгæйæ курдиатджын фæсивæды агурын, бæрзонд æмвæзадыл æмбырдтæм сæм сидын – уыдон ын æрмæст гæххæттыл фыст фæндиæгтæ не сты, фæлæ, сæх-

хæст кæнæн кæмæн ис, ахæм хъæппæристæ. Уæдæ зоны скъоладзауты æргом Ирыстоны Цæгаты æмæ Хуссары уæлдæр ахуыргæнæндæтты филологон факультеттæм здахынил та архайы, йæхæдæг цы ахуыргæнджыты фæлтæртæ бахъомыл кодта, уыдонимæ иумæ…

Дæ бæллицты бæллиц цы у, зæгъгæ, ацы фарстæн та, ахуырад, зонад æмæ фыссæджы дæсныйад æмцæдисонтæ кæмæн систы, уыцы адæймаг загъта: «Уавæр афтæ у, æмæ, цæмæй Ирыстон иугонд, дидинкал æмæ йæ фидæнмæ уæндонæй кæсæг уа, уый тыххæй нæ алкæмæн дæр, фыццаджыдæр та интеллигенцийæн, æмбæлы йæ удварны хъомыс æмæ мидтыхтыл ма ауæрдын. Алкæй бон дæр нæ йæхи бынаты у цард рæсугъддæр æмæ райдзастдæр кæнын, æмæ, ууыл куы архаиккам, уымæ бæллын».

Сæххæст уæд фæрнджын хистæры бæллиц-ныстуан, аив дзырд та зæлæд æмæ нын нæ зæрдæтæ рухс кæнæд кæддæриддæр!

*ХОЗИТЫ Барис*

# ЛИТЕРАТУРОН КРИТИКÆ. ИС НÆМ ÆВИ НÆЙ?

*Уац*

Абон ирон литературон критикæ ис æви нæй? Уыцы зын æмæ вазыгджын фарстæн иунысанон дзуапп ссарын тынг зын у. Ис нæм, терминологи бирæ чи уарзы æмæ уый фæрцы цыфæнды текст дæр æвзарынил чи архайы, ахæм филологтæ. Ис нæм, кæйдæр курдиатмæ гæсгæ æппæлæн кæнæ фауæн рецензитæ чи фыссы се 'мсис æфсымæрты чингуытыл, ахæм критиктæ дæр. Фæлæ нæм, стыр хъыгагæн, ирон литературæйыл хæдбар афæлгæст чи сараза, сыгъдæг зæрдæимæ чиныгкæсæджы раз чи æрлæууа, чиныджы авторы æрмдзæф чи равзара æмæ йын йæ авналæнтæ чи бацамона, ахæмтæ – стæм! Фæстаг рæстæг уыцы зын хæс йæхимæ нæ курдиатджын прозаик, поэт æмæ публицист Хъазиты Мелитон хуымæтæджы нæ райста. Фæлæ иу адæймаджы бон нæу, литературон процесс цы «æнæхсæст» къутæртæй байдзаг, уыдон бахсæдын. Ис нæм дæсгай филологтæ, литературæйæ кандидатон диссертацитæ чи бахъахъхъæдта, ахæмтæ дæр, фæлæ Мамиаты Изетæ æмæ Тъехты Тамерланæй фæстæмæ уыдон критикон куыстмæ тынг зивæг кæнынц. Æцæг ма уыцы «зивæгæн» иу вазыгджын аххос ис: фыссæгæн комкоммæ йæ уацмысты хъæндзинæдтæ куы зæгъай, уæд йæ удхæссæг фестдзынæ, æнцой цард ферох кæндзынæ йæ дам-думтæй. Æмæ уымæ гæсгæ нæ иртасджытæй бирæтæ сæхицæн загътой: «Ныр мæн ацы сæрниз кæм бахъуыд!» æмæ сæхи «ссæрибар» кодтой уыцы «сæрнизæй». Бирæтæ дзы сæ иртасæн куысты кой сæ зæрдæйы дзæбæхæн кæнынц, æмæ сæ хъыгдарæг нал ис.

Фæлæ уыйхыгъд фæзындис, журналист уæвгæйæ, йæхимæ критикы хæс чи райста, ахæмтæ. Æцæг дзы, стæмтæй фæстæмæ, бирæтæ уыцы хæсы бæрндзинад зонгæ дæр нæ кæнынц. Литературон-критикон уацтæ фыссынмæ зивæг кæнынц. Сæ рецензиты арæх бакæсæн вæййы: «зæрдæмæдзæугæ ныхасыздæхт», «диссаджы фæлгонцад», фæлæ сæ хъуыды тынг стæмхатт бафидар кæнынц дæнцæгтæй, æмæ уымæ гæсгæ сæ æнæбындур æппæлæн ныхæс-

тæ уæлдæфы ауыгъдæй баззайынц. Фысджытæ та уыйадыл, сæхи дзырдаивады дæсны æнхъæлгæйæ, раздæрау нал фæкусынц, æмæ сæ фыстыхъæд раууатмæ æрцæуы. Гъе уымæ гæсгæ Уæрæсейы дæр æмæ Ирыстоны дæр мæнгфысджытæй бирæтæ хуыздæр автортыл нымад æрцæуынц. Афтæмæй та уыцы иу рæстæг æцæг фысджытæ рохуаты аззайынц. Мæнг рецензенттæ ма иу стыр зиан æрхастой нæ критикон хъуыдыйæн: хохы цъупмæ кæй систой, уыцы фысджытæ налдæр сæ уацмысты æвзагыл кусынц, налдæр сæ мидисамадыл. Лæмæгъ фыссын литературæйы царды фæтк ссис. Мæнг критик бабын кодта нæ фысджыты иу хайы. Цæмæн, зæгъгæ мæ куы бафæрсат, уæд уын ратдзынæн æргом дзуапп. Нæ литературон кусджытæй бирæтæ сæхицæн хъарм бынæттæ ссардтой: чи фыссын райдыдта амалхъом адæймæгты тыххæй, чи басгуыхт сæйраг редактортæм «ныхас хæссынæй», чи та – лæмæгъ фысджыты стауынæй. Литературон критиктæй иуæн карз уайдзæф бакодтон, зæгъын, иртасæн куысты фæтк æмæ уагæвæрд не ‘нкъарыс æмæ æндæр исты куысты бæрны бацу. Æз афтæ æнхъæл уыдтæн, æмæ мæм уый тынг фæхæрам уыдзæн. Уый та мын мидбылхудгæйæ дзуапп радта: «Æмæ æз ахæм хæс (ома критикæйы æгъдæуттæ базонын – Х.Б.) мæ размæ æвæргæ дæр нæ кæнын!» Ацу æмæ ахæм æнæджелбетт ныхæсты фæстæ ма атъæпп кæн!

Аивадон литературæйы тыххæй, куыд кæцыфæнды æндæр аивадыл дæр, дзурæн ис, фæлæ дзуапп дæттын хъæуы ахæм фæрстытæн: «Цæй тыххæй?» æмæ «Куыд?» Цалынмæ сагъæс кæнын райдайæм, уый размæ вазыгджын вæййы фенын æмæ бамбарын, куыд конд æрцыд, уый. Репины тыххæй баззад ахæм таурæгъ: «Хъисы дæснымæ-иу нывгæнæг куы æрбацыд æмæ-иу йæхи абстракционист куы схуыдта, уæд-иу дзы цытджын нывгæнæг ракуырдта, цæмæй-иу бæх сныв кодтаид. «Нывгæнæг»-иу куынæ сарæхст, уæд-иу æй Репин ратардта, æмæ-иу æй бауырныдта, «абстракционизммæ» адæм рахизынц, ныв кæнын сæ бон кæй нæу, уымæ гæсгæ». Цытджын нывгæнæджы фидарæй уырныдта ныв кæныны арæхстдзинад; нывкæнынады техникæйæ арæхсын – уый у нываивады бындур. Дзырдарæхст – дзырдаивады бындур. Кæд фыссæг адæймагæн дзырд йæ коммæ нæ кæсы, уæд уый не ‘нкъары ныхас, æмæ дзы фыссæг нæ рауайдзæн. Литературон æвзаг у дзырдаивады нысан. Фæлæ,

хъыгагæн, аивадон æвзагмæ фаг хъусдард нæй. Уæвгæ ис ахæм иртасджытæ дæр, афтæ чи дзуры, зæгъгæ, ам лыггæнинаг фарстатæ нæй.

Æнæ аивадон æвзаг, æнæ сæрмагонд аивадон æрмдзæфæй фыссæгæн æмæ уымæй ратæдзгæ аивадон литературæйæн уæвæн нæй. Фæлæ аивадон æвзагæй уæлдай фыссæгмæ хъуамæ уа йæхи дуне фæлдисыны хъомыс. Литературæ æнцой кæны фæрссагон дунейыл. Æрмæст æцæг литературæйы вæййы удæгас дунетæ. Уым, гæнæн ис, æмæ цæрой алыхуызон адæмтæ, фæлæ, аивадон уацмыс кæсгæйæ, чиныгкæсæг хъуамæ хата уыцы дунейы комулæфт. Удæгас дунейы бынат нæй ихсыд къахдзæфтæн, уым алцы дæр баст у мидхъуыдыйы зондахастимæ. Уым архайджытæн царды хуызæн ис сæхи цæсгом, сæхи уагæвæрд, сæхи æвæрццæг æмæ æппæрццæг æууæлтæ, æппынфæстаг, ныхас дæр кæнынц сæхирдыгонау. Уымæй уæлдай ма аивадон литературæ ныхас кæны фæлгонцтæй æмæ сын сæ фæлгæты æмбæхсы хицæн хæйттæ, хуызтæ, уазнысантæ. Уыцы æппæт базон-базонтæ кæсын зонын хъæуы. Фæлæ бæллæх уый мидæг ис, æмæ дзы арæх, цы бакæсæм, уый нæ вæййы, кæнæ та, – чи йæ бакæса, уый.

Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, литературон уацмыс хъуамæ алы хатт дæр уа, иумæйаг хъуыдыйыл чи куса, ахæм æххæст æмбарынад. Цыфæнды мадзалы бындурыл баст куы уа, уæддæр дзы хъуамæ бæрæг дарой хицæн хæйттæ нæ, фæлæ æххæстад. Æмæ уæд чиныгкæсæджы зæрдæйы уадздзæн æххæст æнкъарынад. Æнæххæст таурæгъондзинад алы хатт дæр вæййы æвзæр литературæйы нысан, лæмæгъ авторы амонæг. Цы домæнты рæгъмæ æркастыстæм, уым æцæг литературæ ивд æрцæуы аивадон фæзмæнтæй. Уыимæ, гæнæн ис, æмæ литературæ уа бындурон, хиирхæфсæн кæнæ ног фæрæзы дæнцæг. Сæйрагдæр у хорз æвзагæй фыст удæгас, æххæст æмæ уджын таурæгъондзинад. Æцæг аивадон литературæ хъуамæ адæймаджы æвзæрыл ма ахуыр кæна. Æцæг нывгæнæг æвзæр хъуыддæгтæн никуы фæллæггад кæны.

Ныр та ногæй раздæхæм нæ критикæмæ. Нæй нæм абон Тыбылты Алыксандры хуызæн дæснытæ, фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ нæхи бынтон мæгуырауыл банымайæм. Хъыгагæн, æгæр раджы ацыдысты ацы дунейæ Дзуццаты Хадзы-Мурат, Æлборты Ха-

дзы-Умар, Джыккайты Шамил, ноджы раздæр – Гаджиты Георги. Ахæм иртасджытæ æрвылаз нæ гуырынц. Иннæрдыгæй та, нæ филолог-ахуыргæндтæ Мамиаты Изетæйæ фæстæмæ зивæг кæнынц ирон литературон критикæйы зилдухы архайынмæ. Ис ма нæм аивадон литературæйы æндæр иртасджытæ: Дзапарты Лизæ, Тъехты Тамерлан, Битарты Маринæ, Асаты Наташæ, Тыбылаты Анжелæ, Хетæгкаты Кристинæ æмæ Къæбулты Гаянæ.

Уыдон иууылдæр бахъахъхъæдтой кандидатон диссертацитæ литературæйæ, æмæ сæ арæхдæр хонын хъæуы литературон процессы архайынмæ, кæннод, сæ ныфс куы асæтта, уæд сæ нæ критикæйæн ницыуал пайда уыдзæн. Уый тыххæй та арæхдæр аразын хъæуы тымбыл фынгтæ алыхуызон литературон фарстатыл. Уым хъуамæ активонæй архайой Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны уæлдæр скъолатæ æмæ наукон-иртасæн институттæ, сфæлдыстадон цæдистæ æмæ чиныгуарзджыты æхсæнадтæ, чиныгдæттæ æмæ астæуккаг скъолатæ. Цæмæй литературæйы æмвæзады бæрæггæнæн бынмæ ма хауа, уый тыххæй кæсын хъæуы, «лæмæгъ» чингуытыл одæтæ чи фыссы, уыдонмæ: «Цæмæн ис ахæм фæзынд нæ литературæйы? Куыд кæсын хъæуы ацы зианхæссæг фæзындмæ? Цы зæгъын æмбæлы «сауы урс» хонджытæн?» Фæндырдзæгъдæгæн хæлд музыкалон дзаумайыл цæгъдæн куыд нæй, афтæ чиныгкæсæгæн дæр, æвзæр литературæ кæсгæйæ, сæфгæ кæны йæ хæрзаудæн æнкъарынад. Уымæ гæсгæ мæ мæнг критиктæн зæгъын фæнды: æвзæр уацмыстыл æнæбындур æппæлæн ныхæстæй кæй фыссут, уымæй сымах æцæг литературæйæн лыг кæнут канд йæ уидæгтæ нæ, фæлæ йæ къабузтæ дæр. Æмæ уын уæ монон æмæ фæткæвæрдадон фыдракæнд хъысмæт нæ ныббардзæн. Æз дæр разы дæн: уадз æмæ уа алыхуызон фысджытæ – хæрзтæ æмæ хæдбындуронтæ. Фæлæ цæмæн хъæуы сауы урсæй æвдисын? Æгурдиат фыссæггæндты хæрдмæ исгæйæ халæм чиныгкæсджыты хæрзаудæн æнкъарынад.

Цы кæнгæ у ахæм уавæры? Литературон процессы вазыгджын къабаз – литературон критикæйы – абон куы ницы аивæм, уæд райсом нæ куыст бынтондæр саслам уыдзæн. Æхсæнад æмæ паддзахад нын цыфæнды стыр æххуыс куы бакæной, уæддæр сфæлдыстадон куысты хордзен нæхи хæсгæ у. Литературон критикæйы мидæг «хиронизмы» хабæрттæ куынæ ныууадзæм, уæд, цы жанрыл дзурæм, уый

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



# ХОЗИТЫ БАРИС: 70 АЗЫ



Таказты Валериимæ Бетъырбухы. Студенты азтæ



ЦИПУ-йы юридикон факультеты декан  Дзобелаты Олик æмæ ирон филологийы факультеты декан Джыккайты Шамилимæ



Андиаты Сослан æмæ Мæхæмæтты Ахуырбегимæ


Йæ кусæн уаты




Наукон-культурон цæлхæмбырды



Ставд-Дурты Бицъоты Грисы мысæн изæры



Сечъынаты Ладемыры мысæн изæр Алагиры



Нафийы номыл премийы къамисы уæнгтæ



Фестиваль «Ирон фæндыр»-ы архайджытимæ



Журналистикæйы факультеты ахуыргæнджытимæ




Хозиты Яковы мысæн изæры



Кавказы фысджыты Клубы уæнгтимæ



Хетæгкаты Къостайы райгуырды 159 азы бон. Ирон аргъуаны кæрты




Уæрæсейы Журналистты цæдисы Кады нысан исгæйæ



Джусойты Нафи æмæ Хаджеты Таймуразы мысæн изæры. 2025 аз




Уæрæсейы гвардионтæ арфæ кæнынц газет «Рæстдзинад»-ы коллективæн йæ 100 азы юбилейы фæдыл



Журнал «Мах дуг»-ы сæрмагонд номыры презентацийы



Хуыгаты Сергейы 85 азы юбилейы




Сечъынаты Ладемыры мысæн изæр Алагиры



Уæрæсейы фысджыты XVIII съезды. 2025 аз




Уæрæсейы фысджыты XVIII съезды делегаттимæ. 2025 аз



Фестиваль «Белые журавли»-йы архайджытимæ. Дагестан. 2023 аз



Куысты рæстæг газет «Рæстдзинад»-ы



Касаты Батрадз æмæ Хадыхъаты Фатимæимæ



Хæлæртты ‘хсæн



Фысджыты æмбырды



бынтондæр йæ бынат фесафдзæн нæ литературон процессы. Æмæ, цас дарддæр, уыйбæрц æдзæллагдæр уыдзæн йæ уавæр. Критик литературон процессы æнæкæрон уылæнты чиныгкæсæгæн хъуамæ уа фæндагамонæджы хуызæн. Абон фысджыты нымæцæн кæрон куы нал ис, уæд уый ссис уæлдай вазыгджын.

Нæ литературон-аивадон критикæ ныртæккæ цы уавæры ис, уымæн æвæстиатæй хъæуы сбæрæг кæнын йæ аххос, нæ дарддæры архайд æмæ нæ хатдзæгты уаг. Ирон критикæ йæхæдæг æдзæллаг уавæры кæй ис, уымæ гæсгæ йæ бон нæу нæ литературæйыл барджын ныхас кæнын. Йæ бон зæгъын цы бавæййы, уый та баст вæййы цардыл сагъæстимæ, æцæгдзинад æмæ аивадондзинад кæрæдзиимæ бабæттыныл, дунейы фæлгонц уынынимæ, уацмысы уагæвæрд æмæ хъайтарты ахастдзинæдтимæ. Фæлæ, хъыгагæн, се 'хсæн бахауы, цардæй бынтондæр иппæрд чи вæййы, ахæм раззонды фæрцы амад хъуыдытæ. Ферох сæ вæййы иу вазыгджын хъуыддаг: автор нын нæ размæ цы критикон хъуыдытæ рахæссы, уыдон æнæмæнгæй хъуамæ æнгом баст уой йæ зæрдæйы риссæгтимæ. Цыфæнды рæстæгмæ дæр, уæлдайдæр та ивгъуыдмæ кæсын хъæуы реалистон цæстæнгасæй. Афтæ куынæ бакæнæм, уæд нæ тухитæ хæрз дзæгъæлы фæуыдзысты, нæ критикон ныхасы хордзен та зæххæй атонын æмæ сæккой кæнын нæ бон нæ бауыдзæн. Исчи та йæ мах бæсты нæ ахæсдзæн.

## КРИТИКÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФИДИУÆГ У

Абон æппындæр сусæг никæмæнуал у, литературон критикæ нæ дзырдаивады лæмæгъдæр къабаз кæй у, уый. Уæвгæ, уымæй афтæ зæгъæн нæй, æмæ нæм литературæиртасджытæ кæнæ критиктæ нæй. Уæдæ нæм цы нæй, зæгъгæ, нæхи куы бафæрсæм, уæд ын дзуапп ссарын тынг зын хъуыддаг нæ разындзæн: ирон литературон процессы аккаг чи уа, ахæм сфæлдыстадон архайд. Ома, йæ туг ын чи базмæлын кæна, уый æнгæс поэзи, прозæ, драмæ, публицистикæ æмæ аивадон тæлмац. Уыдонæй иу дæр йæ размæцыдæй куы ныллæууа, уæд литературон процессæн йæ хъару сæтгæ æмæ сысгæ кæны. Ранымад литературæйы хуызты æхсæн ныхас куынæ цæуа, уæд сæм хорзæй мацæмæ æнхъæлмæ кæс. Æцæг литературон критикæ сын сбæрæг кæны сæ уагæвæрд, сæ иугæнæг æууæлтæ æмæ дихгæнæг миниуджытæ. Критикæ æмæ аивадон сфæлдыстадæн цæхх æмæ

кæрдзынау кæрæдзийæ атонæн нæй. Иуæн дзы æнæ иннæмæй уæвæн нæй. Литературон критикæ æфсисы хос у æппæт фысджытæн дæр. Цæстуарзон æмæ рæстдзæвин фиппаинæгты бындурыл амад куы уа критикон ныхас, уæд суадоны донау сатæг комулæфт хæссы дзырдаивадмæ. Критикæ йæ хæстæ æххæст кæнын куы фæраза, уæд свæййы литературæйы эстетикæ.

Дуджы монон комулæфт, йæ хъуыдытæ, йæ бæллицтæ, йæ сагъæстæ, йæ хъынцъымтæ, йæ цардхъомыс – æгасæй дæр нæ критикæйæн хъуамæ суой йæ ныхасы сæр. Афтæ куы уа, уæд та критикæ йæхæдæг дæр свæййы сфæлдыстад, ома æрцахсы йе ‘цæг бынат. Иу уацмыс æвзарынæй иннæмæ æрдзон хуызы куы ахизы, уæд литературон процессы буар дæр йæхи удæгас адæймагау йе уæнгтæ батилы æмæ чиныгкæсæгмæ æххæстæй разыны. Фæлæ нæ критикæ абон ис æндзыгады уавæры, йæ размæ цы хæстæ лæууынц, уыдон дæсгай азты дæргъы нал æххæст кæны. Уымæ гæсгæ зын раттæн у дзуапп, абон ирон литературæ цы у, уыцы фарстæн. Нæхи бафæрсын хъæуы æндæр хуызы. Куыд у нæ литературæйы уавæр Хуссары æмæ Цæгаты: кæуылты сты йæ авналæнтæ, арвгæрæттæ, йæ мидуагæвæрд, йæ рæзты уылæнтæ? Гъе ахæм хуызы æвæрд фарстæн дзуапп ссарæн ис, æцæг уал раздæр кæрæдзийыл абарын хъæуы, абон нæ къухы бын цы аивадон уацмыстæ ис, уыдон. Уыцы иу рæстæг бацамонын, хицæн цыртдзæвæны дуртау быдырты калд кæй не сты, фæлæ се ‘хсæн бæрæг иудзинад кæй ис. Афтæ цадæггай æрцæуæн ис рæстдзинады хахмæ.

Хи критикæ кæнын хъæндзинад нæу. Хъæндзинад у хиуылæрвæссонад. Рацарæзты райдиан Горбачевы сайд дуджы ирон фысджытæ информацийы дзыллон фæрæзтæ сæхи бакодтой æмæ, кæрæдзийы дзыхæй дзырд исгæйæ, фæдис систой: гуыры ног ирон литературæ! Рацыд æнусы æртыккаг хайæ фылдæр, фæлæ, абон Диоген куы рабада, боныгон сæ цырагъы фæрцы куы агура, уæд дæр уыцы «фæдисæтты» фæд нал разындзæн. Бирæ чингуытæ æмæ уацтæ кæй фæзынд уыцы рæстæг, уыдон иутæ банымадтой нæ литературæйы рæзтыл. Æрмæст сæ бынтондæр ферох: литературæ литературæ у, чиныгуадзынад та – бынтон æндæр хъуыддаг. Алы чиныгæн литературæйы æмвæзадмæ схизæн нæй. Уыйадыл цавæр ныв слæууыд нæ размæ? Мадæлон æвзагыл чингуытæ цæуы, фæлæ сын аргъгæнæг нæй. Раздæр-иу чиныг рауадзынæн бирæ цыдæртæ хъуыди: цалдæр

рецензийы йыл хъуамæ фыст æрцыдаид йæ фæзынды размæ, æркастысты-иу æм Фысджыты цæдисы секциты уæнгтæ дæр æмæ афтæ дарддæр. Мæскуыйы чиныг рауадзыны размæ та æвæрд цыдис ноджы фылдæр домæнтæ. Æмæ-иу чиныг чиныджы хуызæн рауад.

Литературæ критикæйыл куынæ 'нцой кæна, уæд æм йæ развæндаг хорз нæ зыны. Цас йæхи фылдæр бафæрса фыссæг, уыйбæрц растдæр хаххыл ацæудзæн йæ аивадон æрмдзæф. Дзырдаивады æмиуадæй рамбулы алчи дæр: сфæлдыстад свæййы критикæ, критикæ та – сфæлдыстад. Чи зоны, гъе уымæн нæ литературæйæн нæ фаг кæнынц критикæйы домыны тызмæгад æууæлтæ, нæ критикæйæн та – литературæйы æрхъуыдыдзинад. Цæмæй литературон критикæйы нырыккон хæстæ хуыздæр сбæрæг кæнæм, уый тыххæй базонын хъæуы, литературон процесс цы сæйраг фарстатæ лыг кæны, уыдон. Мæнмæ гæсгæ, ахæм иумæйаг цæстæнгас рауайдзæн цымыдисаг æмæ пайдайаг, критикæйы алыварс цы быцæу ныхас цæуы, уымæн. Вæййы афтæ, æмæ байгом кæнæс нырыккон ирон уацмыс (кæм уагъд æрцыд, уый кой нал кæнын), æмæ дзы зæрдæ цæуыл фæлæууа, уый нæй. Æмæ дæхи фæрсыс: «Цæй тыххæй уагъд æрцыд ацы «уацмысгонд»? Уымæй афтæ зæгъинаг нæ дæн, æмæ нæм хорз уацмыстæ нæй. Бæгуыдæр ис! Фæлæ ницæйаг чиныггонд куы рацæуы, уæд уымæй адæймаг, чиныгкæсæг ныллæггонд цæуы. Уымæ гæсгæ литературон критикæн йæ хæс у авторы ных бакъуырын.

Фæстаг рæстæг, хъыгагæн, амбæлæм æндæр уавæрыл дæр. Уый баст у куыдфæндыйы цæстæнгасимæ: литературæ никæй хъæуы, стæй йæ адæймаг цæй тыххæй уарза, ахæмæй дæр æм ницыуал ис. Ахæм зæрдæйы уавæр стæм нæу. Хистæр фæлтæр æрдиаг кæны, нæ алыварс постмодернизм хæмпæлгæрдæгау ныппырх æмæ хурх кæны ирон ныхасы улæфт. Кæд национ литературæйы уавæр сæ хæрзтæй нæу, уæддæр критик хъуамæ æдзух хъаст ма кæна, фæлæ, кризисы сæрты хизгæйæ, архайа æвæрццæг хъуыдытæ тауыныл царды дæр æмæ литературæйы дæр. Иртасæгæн кæддæриддæр йæ къухы бын ис æрмæг – текст! Слас ын йæ хъуыды æмæ цин кæн. Классикон литературæ æмæ æнæсæрфат фыссынады æхсæн цыфæнды рæстæджыты дæр быцæу ахастдзинæдтæ уыдис. Уыдон литературон процессы акодтой дыууæ донвæды. Сæ уагæвæрд сын бацамонæн ис ахæм хуызы: 1) цард хъысмæты бæсты; 2) хъысмæт царды бæсты. Æмæ

хъуыддаг æрмæст терминты мидæг нæй. Фыццаг æмбарынад арæх хонынц «ног реализм». Уый йæхи базонын кодта постмодернизмимæ тохы. Æнæмидис фыссынады ныхмæ уыдон æрæвæрдтой азфыстон хъуыдытæ, æвзонгады романтизм æмæ абоныл сагъæсты уылæн. Дыккаг уылæн – нæхи «ног модернизм»: адæймаджы æрвылбонады дзырды зæй. Уый фыццаг бакастæй æцæг дзырдаивады хуызæн у, фæлæ никæй цымыдис кæны. Азфыстон ныхасы бæсты æрбацæуы идеологон дзæнгæда: «хъысмæт царды бæсты, хъуыды алы хатт дæр цымыдисагдæр у æдых æрвылбонадæй».

Цард æмæ хъысмæт, хъуыды æмæ æрвылбонады æмиуад, азфыссынад æмæ философон мидисы бон у литературон текст снывæндын. Литературон уацмысы тых ис фыссæджы уагæвæрд æмæ йæ загъд ныхасы. Уымæ гæсгæ алы авторы мидисамады дæр бакæсын, сбæрæг кæнын æмæ раиртасын хъæуы фыссæджы миддуне. Уый та иутæм ис, иннæтæм нæй! Цæмæй нæ дисы æфтауы Бицъоты Грисы æмæ Агънаты Гæстæны прозæ? Фыццаджыдæр, сæ уацмысты текстты царды æцæгдзинад профессионалон хуызы равдисын сæ бон кæй бацис, уымæй. Нæ хиæмбарынад дæр уый тыххæй цин кæны сæ хъайтарты архайд, сгуыхт æмæ бæллицтыл, уымæн хъыг, сагъæс æмæ хъынцъым кæны сæ къуыхцытыл. Хъыгагæн, ахæм хæрзæгъдауджын фысджытæ нæм бирæ нæй. Ахæм уавæры, цæмæй литературон процесс иу уацмысы хуызæн равдисын йæ бон бауа, уый тыххæй ирон критик хъуамæ йæ удæй арт цæгъда, æцæг фыссæджы сфæлдыстады цы удæгас ныхасæй быд фæлгонц ссардта, ууыл.

Иртасæгæн йæ куысты тынг вазыгджын у бамбарын, æцæг уацмысæн йæ бæрæггæнæн æмиуадон мидис кæй у, уый. Цы йæ ‘мбæхсæм, уымæй удæгас у нæ литературæ. Æнæ уымæй мидисамады ма агур эстетикон æууæлтæ æмæ эпикон æнкъарæнтæ. Æнæ уæлдай ныхасæй зæгъæн ис, нырыккон ирон фысджытæ, æмткæй райсгæйæ, арæхсынц нæ цæстæнгасы раз царды ныв уырнинагæй равдисынмæ, сæ хъайтарты архайд раргом кæнынмæ. Ног рæстæгæн аргъ кæнын та æнцон хъуыддаг нæу. Кусæг адæймаг бафæллад паддзахадæй, идеологийæ, экономикæйæ, динæй, æгуыстæй, æппынфæстаг, йæхицæй. Æцæг фыссæджы хæс уый уыны рæстдзинад фæлгъауыны, ома йæ аивадон æрмдзæф сыгъдæг уды хъуамæ хона нæ дуджы хъомысджындæр фæзындты фæстæ. Зæрдæсаст тауынæн бирæ зонд

нæ хъæуы. Нæ хуыздæр фысджыты цард æмæ сфæлдыстад нæм гуырын кæнынц ноджыдæр иу хъуыды: критикæ дæр йе ‘мвæзад публицистикæйы онг хъуамæ ма ‘руадза, фæлæ чиныгкæсæгæн амона, йæ уарзон автор царды, сфæлдыстады адæймаджы мидцарды куыд ранывæста, уый. Критик хъуамæ йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ алкæмæн дæр (номдзыд фыссæг æмæ райдайæг авторæн) бамбарын кæна, сæ фæсдзæуин ницæйаг рецензент кæй нæу, уыцы хабар. Æцæг критик йæхи æнæрлæугæ хаты хи монон дунейы мæсыгамайæгæй, литературæ иртасгæйæ та лыг кæны дывæр хæс: йæ дуджы эпос æвдисгæйæ, уый уыцы иу рæстæг нывæнды йæхи дæр. Ахæм хуызы критикон уацмыс æнæмæнг ссардзæн йæхи чиныгкæсæджы æмæ баззайдзæн дзырдаивады тæрхæджытыл.

Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ литературæйы «бузныг» зæгъын не ‘мбæлы, æрмæстдæр – «табуафси». Фыссæгæн преми куы раттой, уæд уый нысан кæны, йе сфæлдыстады тыххæй йын «бузныг» кæй загътой, уый. Æмæ сын уый дæр хъуамæ бузныгаджы ныхмæ «бузныг» зæгъа?! Нæ, «табуафси». Авторы бæрзондмæ сисын кæнæ ныллæг æруадзын, – уый критикæн йæ куыст у. Сæйрагдæр, рох кæнын нæ хъæуы, ныллæг кæй æруадзай, уый дæ йæ удхæссæг кæй фендзæн, уый. Бæрзонд кæй сисай, уый та йæхиуыл фервæсдзæн, æмæ дзы ферох уыдзæн дæуæн бузныг зæгъын. Хъыгагæн, литературон процесс мæнг литературæйы бын фæцис æмæ æхсæнады цæсты нал ахады. Æцæг, уый афтæ нæ нысан кæны, æмæ литературæ йæ хуыздæр хуызæгты нал ис. Литературон процесс, цыфæнды хъæндзинæдтæ дзы куы ссарæм, уæддæр нæ тынг хъæуы. Уым цæуы карз тох цардхъомысы алыварс. Чиныджы тираж цыфæнды хорз куы ауæй уа, уæддæр æцæг литературæйы хай не суыдзæнис – коммерцион рауагъдæттæн чиныг ссис товар, æмæ йæ уымæ гæсгæ размæ схойынц. Литературæмæ йын ис æрмæстдæр иу фæндаг – дзуарæвæрд дискуссийы кулдуарыл. Аивадон уацмыс литературæйы иуæг свæййы, йæхи чиныгкæсæг ын куы фæзыны, æрмæстдæр уæд.

Литературон уацмысы автор йæ удварны бæркад куы байтауа, уæд дзы, æнæмæнгæй, сæвзæрдзæн зæрдæдарæн талатæ. Къухфыст æмæ æнæ мыхуырæй дæр райсдзæн зæрдæдарæн хуыз, йæ авторæн та ратдзæн бар литературон процессы къæсæрæй бахизынмæ. Литературон уацмыс аивадмæ бар куы дара, уæд дунеимæ иудзинад ссардзæн адæймаджы æнкъарынады æмæ æмбудынады фæрцы.

Уацмысы текст хъуамæ хъармгонд цæуа архайды цæхæрæй. Афтæ куынæ уа, уæд дзы рухсмæ тырнынад йæхи нæ равдисдзæн. Уымæ гæсгæ уацмысы мидисы алы хатт дæр бынат ис уды цæхæрæн. Ахæм æууæлтæ æмæ миниуджытæй дзаг уацмысыл критик куы фембæлы, уæд фыссын райдайы рæстдзинады æвзагæй. Литературон уацмыстæн аргъ кæнын райдайы нырыккон цæстæнгасæй: уым стыр бынат æрцахсынц æхсæнадон æмæ монон царды лыггæнинаг фарстатæ, хи цæстæнгасы фæстиуджытæ, сфæлдыстадон принциптæм æркаст æмæ дзыллон æмбарынады сагъæстæ.

Алы критик дæр йæ авналæнтæм гæсгæ хæссы йæ хуыны хай литературон процессмæ. Æмæ уыцы архайды мидæг канд филологийыл не ʻнцой кæны йæ хъуыды, фæлæ литературæйы теори æмæ истори, философи æмæ эстетикæйыл дæр. Иртасæджы æрмдзæф уымæ гæсгæ йæ фæлгæты баиу кæны политикон-æрвылбонон уагæвæрд журналистикæимæ. Æнгом баст вæййы æндæр зонадтимæ дæр – истори, политологи, æвзагзонынад, текстологи æмæ библиографиимæ. Критик чиныгкæсæгæй уæлдай æргом кæны æнкъарæнты æвзаг æмæ сын аргъ кæны раззонды хъомысæй. Йæ хатдзæгтæ хаст цæуынц методологи æмæ литературон-критикон жанрты уагæвæрды зонындзинæдты бындурыл. Критикон жанртæй æппæты парахатдæр у рецензи. Уый у иннæтæй бирæвæрсыгдæр: рецензи-рафæлхат, рецензи-анализ, рецензи-памфлет, рецензи-фельетон æмæ æндæртæ. Арæх æмбæлынц монографион уацтæ æмæ уацтæ-афæлгæстытæ.

Мæнмæ гæсгæ, XXI æнусы ирон литературон критикæмæ объективон æгъдауæй иртасынмæ чи æрбацыд, уыдон хорз æмбарынц æмæ арф æнкъарынц сæ сæйраг хæсы домæнтæ. Исчи сæ куы бафæрсы, нæ критикон хъуыды цавæр хъуамæ уа, зæгъгæ, уый тыххæй, уæд сæ æргомæй фехъусæн вæййы: «Нæ иртасынады мидæг аналитикон фæлтæрддзинад æмæ журналистон æфсæрмдзинадыл куы æнцой кæнай, уæд уый у дæсныйад. Текст иууон дунейы хуызæн фæлгъауыны нучы куы ацæуа, уæд та – аивад…» Уый раст хъуыды у, уымæн æмæ критикæйы ног сырæзтæн æнæ уыцы æууæлтæй уæвæн нæй. Æдзухдæр зæрдылдаринаг у ахæм хъуыды: критикæ у литературæйы хай, æмæ æнæ уымæй йæ бон хъуыды кæнын нæу. Ноджы йæ цыбырдæр зæгъын куы сфæнд кæнæм, уæд та нæ хъуыды уыдзæн ахæм: «Критикæ литературæйы фидиуæг хъуамæ уа!»

# ИРОН ЛИТЕРАТУРОН КРИТИКÆ: ЙÆ АБОН ÆМÆ ЙÆ СОМБОН

Цæй мидæг ис абон ирон литературон критикæйы хæс? Цæй мидæг ис йæ ахадындзинад национ литературон процессы мидæг? Æмæ ма ноджы иу вазыгджын фиппаинаг: кæй фылдæр хъæуы критикæ – фыссæджы, кæсæджы æви критикы?!. Хорз критикæ æмсагъæс кæны чиныгкæсджытимæ, фысджытимæ, æхсæнадимæ. Æнæ критикæйæ литературæ куырм у, йæ развæндаг нæ уыны. Критикæ сисы уацмысæн йæ уæлцъар, йæ хæрв æмæ йæ чиныгкæсæгæн равдисы йе 'рдзон хуызы. Критикты æхсæн уæрæх зындгонд у ахæм æмбисонд: «Рæстдзинад куы зæгъай, уæд дæ хæларæй æнæ хай фæуыдзынæ». Литературæиртасæгæн æнцондæр у; уый фыссы академион зонадæн, йæхи хуызæн ахуыргæндтæн. Критик та нывæнды хи æрмдзæфы фæрцы: хатт фæрæдийы, хатт фесгуыхы, хатт аргъ кæны чиныгуадзынадæн. Ахуыргонд хæстæгдæр лæууы аивадон тексты философи æмæ поэтикæмæ, критик та – чиныгкæсджытæм.

Фæлæ мах хъæуы алыхуызон цæстæнгастæ, уымæн æмæ абон чингуыты базарад тынг уæрæх анывæста йæ арæнтæ. Критик ахизы цалдæр фæлварæны сæрты: фыссæг – чиныг – рауагъдад – дукани – базарад – чиныгкæсæг. Ацы рæгъы æууæлтæ æндæр сты: абон маркетологтæ вазыгджындæр сты литературон критиктæй. Критикæйы дзырдуаты къæбиц æфсадынц алыхуызон гуырæнтæ: профессион филологон терминологи, сæрибар эстетистикæ, интернет-æмбарынæдтæ, удæгас ныхас. Фæлгонцад критикы хъыгдаргæ нæ кæны, фæлæ йын æххуысгæнæг свæйййы. Цас фылдæр фæлгонцад уа иртасæгæн йæ куысты, уыйбæрц уырнинагдæр уыдзæн йæ фыстыхъæд. Æцæг фæлгонцад нæ нысан кæны критикæйы канонтæй ахызт. Æркæсут-ма Белинскийы сфæлдыстадон æрмдзæфмæ! Цас æмæ дзы цас фæлгонцад ис. Иуæй-иу хатт мæм афтæ фæкæсы: Белинский критик куынæ уыдаид, уæд ын байгом уыдаиккой поэзи, прозæ æмæ драмæйы фæндæгтæ.

Цалынмæ уый æмæ Тыбылты Алыксандры традицитæ фидар уыдысты нæ литературæйы, уæдмæ дзырдаивадмæ кастыстæм æрвонг æмæ домаг цæстæнгасæй. Рецензийы рацыдмæ-иу чиныджы автор æнхъæлмæ каст цымыдисæй. Æмæ-иу иртасæджы фæстиу-

джытæй (хатдзæгтæ, фиппаинæгтæ, фæндиæгтæ, зæгъинæгтæ) фысджытæ пайда кодтой сæ дарддæры куысты мидæг бузныгады æнкъарæнтимæ. Литературон критикæ рауагъдады кусджытæн дæр уыдис удыхосы хуызæн. Критикон æрмæджытæм уыдон фысджытæй къаддæр не 'нхъæлмæ кастысты. Ахæм критикон хъусдарды фæстæ-иу сын æнцондæр æвзарæн уыд сæ фидæны авторты рæгъ. Цыбыр ныхасæй, рауагъдады кусджытæн критикæ уыдис сæ цæстæнгас гомгæнæг. Фæлæ фæстаг дæсазонты хъуыддаг къæссавæлдæхт фæцис: критикæйы функцитæ (хæстæ) йæхимæ райста Интернет. Æмæ нæ критикæ бæллæхы бахаудис: соцхызты фылдæрхатт æмбæлæм, профессион цæттæдзинадмæ хæстæг чи нæ лæууы, ахæм автортыл. Литературон критикæйы жанрты домæнтæм дард кæй лæууынц, уымæ гæсгæ сæ сисы бынæй фылдæр-фылдæр рацæуынц аннотацитæ кæнæ мидис фæлхатгæнæг уацхъуыдтæ. Уыимæ уыцы æнæбары фыстытæ дæр рæдыдтытæй бæз-бæз кæнынц.

Ардыгæй райгуыры æндæр бæллæх: «фысджытæ» сæдæ хатты фæфылдæр сты, иртасджыты нымæц та йæ бынатæй дæр нæма фезмæлыд. Уыйадыл литературæйæн аргъгæнæг нал ис, æмæ уый у тынг æнæраст хъуыддаг. Ирыстоны уагъд цæуы сæдæгай чингуытæ, критикон зилдухы та сæ дæсæм хай йеддæмæ нæ бахауы. Ахæм увæры зианхæссæг архайд сусæг нæу: зынгæ æрхаудта кæсджыты цымыдис чиныгмæ. Æхсæнады хъусдард дардæй-дарддæр кæны мыхуыры уагъд продукцимæ. Литературон критикæ раздæрау нал æндавы чингуытæ парахат кæныныл. Профессион критикæйы фарслæуууæг уæвгæйæ, интернет-критикæйы ныхмæ нæ дæн. Ныхас цæуы балансыл!.. Уæнт интернет-дуканитæ, æрмæст ирон чиныгæн пайда хæссæнт. Кæд сайты фæзынæг аргъгæнæг уацхъуыдты фæстæ чингуытæ хуыздæр æлхæнын байдайынц, уæд хорз. Фæлæ мæ бон афтæ зæгъын нæу блогосферæйæ, уымæн æмæ, æмткæй райсгæйæ, чингуыты темæ уым æрдæгпроцент йеддæмæ нæ ахсы. Офгæнæг уæхæдæг фæут ахæм æвдисæнтæн! Мах бæстæ, уыимæ Ирыстон дæр, рагæй нал у æппæты чиныгкæсæгдæр бæстæ.

Ис ахæмтæ дæр, æмæ уым диссагæй ницы арынц. Æмæ сæхи раст кæнынæн æрхæссынц ахæм æвдисæнтæ: литературон критикæ ивд æрцыд маркетинги архайдæй. Сæхи та раст кæнынмæ фæ-

вæййынц ахæм хъуыдыйæ: абоны чиныгкæсæджы сагъæс кæнын нæ фæнды, фæлæ рæстæг хорз æрвитын. Уый хорз бæрæггæнæн у, абон литкритикæйы ахадындзинад кæй æрхаудта, уымæн. Раздæры хуызæн уый нырыккон литературæйы тыгъдады фæндагамонæг нал у. Чиныгкæсæг критикæйæ æнхъæлмæ кæсы зондамындмæ, иу кæнæ иннæ чиныг æлхæнынмæ кæнæ кæсынмæ бæззы æви нæ, уый тыххæй. Литературон критикæйы рæзтæн тынг ахъаз кæны сфæлдыстадон, литературон æмæ аивадон периодикон мыхуыр. Раздæр уыдон уыдысты «Мах дуг» æмæ «Фидиуæг», фæстæдæр ма сæм бафтыдысты «Ногдзау», «Ирæф» æмæ «Дарьял». Литературон æрмæджытæ парахатæй мыхуыр кодтой æмæ кæнынц «Рæстдзинад» æмæ республикæйы районты газетты фæрстыл. Фæлæ абон хъуыддаг, уавæр тынг аивта. Сæ тиражтæ кæй æрхаудтой, уымæ гæсгæ сæ ахадындзинад зынгæ фæныллæгдæр.

Раздæры чиныгкæсæгæн тынг ахсджиаг уыдис, цавæр журналы кæсы иу кæнæ иннæ уацмыс æмæ йыл цы критикон æрмæджытæ рацыд, уый. Нæ хуыздæр æмæ ирддæр критиктæ Ардасенты Хадзыбатыр, Джусойты Нафи, Мæрзойты Сергей, Гаджиты Георги, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Æлборты Хадзы-Умар, Джыккайты Шамил уыдысты тынг кадджын. Адæмы цымыдисаг кодта, цæуыл хъуыды кæнынц, уый. Абон та уыцы æрдхæрæн уавæр литературæйæ ацыд, æмæ зонадон иртасæджы, критикы, публицисты æмæ хъуыдыты къуыбылойы бынат æнæ ахстæй, афтидæй баззад. Æхсæнадон-разæнгардгæнæн æууæлтæ æмæ миниуджыты хицау – адæймаг – вазыгджын хатдзæгтæ йæхицæн литературон критикæйы нал агуры. Бæзджын журналты («Мах дуг», «Фидиуæг», «Ирæф», «Дарьял») кæсджытæ-иу раздæр базонгæ сты критикæ æмæ публицистикæимæ, уый фæстæ та-иу рахызтысты поэзи, прозæ æмæ драмæмæ. Чиныгкæсæг æхсæнад уыдис хæрзæгъдау, профессионалон, экспертон зондахастыл хæст. Иумæйагæй йæм уыдис бæрзонд домæнтæ аивадон литературæмæ. Абоны кæсæджы та фæнды, цæмæй йын чиныг æндава йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтыл, уа хорз фыст æмæ цымыдисаг. Кæсæг йæхи æдылы нæ хоны, фæнды йæ чиныгимæ йæ рæстæг «хорз арвитын». Уымæ гæсгæ стыр хъуыдытæ, сагъæстæ æмæ бæллицтæм сидæг критикæ стæмтæй фæстæмæ никæйуал хъæуы.

Уыйадыл литературон критикæйы ахадындзинад зынгæ фæкъуындæгдæр ис, фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ критикæ фесæфт. Литературæйы цавæр фæндагамонæг хъæуы, ахæм хæс æххæст кæны. Литературон критиктæ Ирыстоны бирæ нæй, фæлæ уæддæр ис. Дарддæр цы уыдзæн, уый рæстæг равдисдзæн. Ныр та уал уацмысы æнкъарынад хуымæтæджы чиныгкæсæгæн вазыгджындæр у интеллектуалы рецензи кæсынæй. Йæ хъуыды: фыссæг критиктæн нæ фыссы, фæлæ уыдонæн, чиныгкæсджытæн. Абон уый хъуамæ хъуыды кæна йæ кæсджытыл. Раздæр уый афтæ вазыгджын нæ уыд, уымæн æмæ нæм уыд фидар уырнынад: кæд хорз ныффыстай, уæд дæ цыфæндыйæ дæр исчи бакæсдзæн. Абон та, фæстæмæ нæ кæсгæйæ, размæ куы ацæуай, уæд, гæнæн ис, æмæ дæ фæстæ мачи разына.

*АБАЙТЫ Эдуард*

# БÆРГÆ, КУЫ КÆСИН МЕ УÆНЫ...

* * *

Хъилхъæдур ивазы хурмæ йæхи,
Уæлдæфы ауыгъдæй баззад.
Тухынафон ын сагъд не ʽрцыди хъил.
Судздзæн æй, хъысмæт, дæ азар!..

Раст цыма саби цæуылдæр фæкалд, –
Сивæзта мадæнхъæл къухтæ,
Фæлæ нæ фæци йæ разы йæ мад,
ʽМæ сæ кæй æфцæгыл туха?!

Исдуг мæ уымæн зæрдæйæ фæндыд
Йе ʽнцой хъæдурыхъил фестын,
Фæлæ мæ катай хæрз дзæгъæлы уыд:
Чи кæлы, уый зоны фестын...

Сау хъæлæрдзыйы фæдджийыл фæхæст,
Сбырыди къомси бæласыл,
Кæрдойы сæрæй йæ уартæ ныр, кæс,
Чидæр æд кæрддзæмтæ ласы...

## ТЫХДЖЫН ДÆ, ТУГ...

Мæ кæуындзæг хъуыры æлхынцъæй фæбадти:
Йæ кæрдзыны ном дæр куынæ зоны саби.
Ысдойны, ныйирд сты йæ цæстытæ донмæ,
«Æри дон» зæгъын та иронау йæ бон нæу.

Гъе афтæ нæ рæзгæ сывæллæтты уарзæм,
Æрмæстдæр кæстæрæй дон нуазæм, дон нуазæм.
Нæ арфæйы «донарæхæн – дæ цард» хъарæм,
Фæлæ сæ мах афтæмæй дойныйæ марæм...

Былдауæн сын акæнæм не ‘взаджы мыртæй,
Мæлæг удæн донæй куыд сæрдай йæ былтæ.
Ысуадзæм сын, гормæттæ, суадзæм æмбойны
Сæ мадæлон æвзагæй уæдæ сæ дойны!..

Сывæллоны дзыхæй куыд æлвасыс уидыг?!
Дæ тала бæласæн куыд марыс йæ уидаг?!
Уый чи загъта: «Иуæн дыууæ дæр æфсад у»?!
Туг тугæй нæ ивынц. Тыхджын дæ, туг, сабух!..

## УÆЛКУРДИАТ – ÆРДЗ

Ныв кодтай ды дæ удтæмæнæй уарди.
Йæхицæй дын нæ рауади хуыздæр.
Хуыцауæн кув, кæй дын фæци йæ халдих,
Кæй йæм бацыдтæ иуцасдæр хæстæг...

Рæсугъддæр дын нæ рауайдзæн, уындджындæр,
Джелбетт сфæлдисæг не схæссæг æрдз у.
Цæххæй ма цæхх кæд фæци, зæгъ, цæхджындæр,
Цы ма вæййы хæбизджыны сæр цъупп?..

Уæлкурдиат – æрдз, йæ артыстъæлфæн – уарди,
Дæ уæлтæмæны базырты пæр-пæр.
Икарау хурмæ тырн, фæлæ йæ артæй
Дæхи ды хиз, куы баввахс уай æгæр!..

* * *

Æрбадтæ нæ хъугæн йæ быны
Мæхи арæзт бандоныл ды.
Дыууæ урс æхснудгæ тæбынау
Ныллæууыдис æхсыр уырдыг.

Æхсырæй фæлмæнгонд фæдджытыл
Дæ уырзтæ ды хъавгæ хæссыс.
Йæ урс цæкуыпумпус фынчытæ
Ысхæссы йæ сæрыл æхсыр.

Куы та фæци бонæн йæ урс хал
Зынг хуры къуыбылойыл тыхт.
Уыдзæн та нæ хæндыджы урссаг –
Ахъаззаг ахуыйæнæн цыхт.

Нæ род дæр сылыйæ ныллалым,
Хъылдым кæны мады цæстмæ.
Йæ мад та йæ бæркадæй хъал у,
Фæци дзы суанг гæды хъæстæ.

Кæд афтæ зæрдиагæй рагæй
Уый не сдæрдта къæртт цæхх? Ныххауд,
Ныдздзыхъхъ ис йæ ардуан æвзагæй,
Цыма йын ныр скодта цæххад.

Æрхуыссыд, ныуулæфыд хъуг,
Æрцыд цыма уымæн йæ уд.
Стæй нал райхъуыст скъæтæй уынæр,
Æрмæст ма уый цагъта сынæр.

* * *

Мах дын – цæджындзтæ, ды – аххæрæг,
Иумæ ныл фидар хæцыс.
Демæ ныл не скæндзæн ахæрæт,
Астæуцæджындз дæ – нæ ныфс.

Мах дын – æндзæлмттæ, сæ уæлæ та
Ноджы уæладзæнтæ уагъд,
Уыдоныл калд та – æхсæлытæ,
Æлыг сыл – къулæгæй над.

Æлыгыл – къæйтæ уæлувады –
Иры тъæпæнсæр хæдзар.
Уæлхæдзар хуртуан æнувыдæй
Хъахъхъæны лæппу – бындар.

Зилгæ уæззау æлхуый рауадзы
Уæлхæдзарбылæй гыцци.
Аскъуыд тæбын æндах: «Марадз-ма!»
Æлхуыймæ лæппу фæци...

Гайлаг рæуæдæй бæрæг нæу, цы?!
Къодах – йæ фыццаг цæфæй?!
Рауайæд ирæн æцæг лæг дзы
Къонайы хъармы тæфæй.

Самайæм иумæ нæ мæсыг дæр
Æмæ нæ фидар гæнах,
Фæлæ-иу хъуысæд æппæт сыхтæй
Гъе ‘рмæст чындзхасты гæрах...

Фестад дæ уæлхæдзар хъазты фæз,
Зарæгæй тонæд дæ цар.
Къæсæртыл æнцайæд уарзты уæз,
Хизæд дыууæрдæм сыл фарн.

Мах дын – цæджындзтæ, ды – аххæрæг,
Иумæ ныл фидар хæцыс.
Демæ ныл не скæндзæн ахæрæт,
Астæуцæджындз дæ – нæ ныфс!..

* * *

Чысылæй дæр æз буц митæ нæ уарзтон,
Фæдджигудзи мæ цæстысындз уыди.
Мæ пæртфындз-иу мæ дысалгъæй æз марзтон,
Нæ Терчы уыртыл гомвадæй – уæфти.

Нæ сæрдмæ-иу нæ хъæцыдтæн æрхъæцмæ
Æвæлмон сæрд. Гаккырисæй дзы хъаз!
Уыд Терчы уылæн уæд мæнæн мæ хъæццул,
Мæ нывæрзæн йæ дзæнхъа дур – мæ баз.

Мæ быгъдулæгдон Теркæн уыди йе змис,
Йæ лакъон мын – гуккугæнæн «хыссæ».
Нæ зыдтон балхæрд, тутахæрдæй ме 'фсис,
Змæст – куадзæнайчы ахуырсты хуызæн.

Æмæ мæм кæс – хæйрæгау дæн æвиллон –
Бал, тута æмæ лакъонæй ызмæст.
Кæд-иу нæ цыд мæ цæсгомæн йæ чъиллон,
Уæддæр сыгъди мæ удрухсæй мæ цæст.

Æмæ-иу Терчы зарынмæ хъырнидтон,
Мæ къахы бын сæгъы бага нæ саст.
Æз – цардбæллон. Цæмæты-иу бæллыдтæн!..
Цыма нæ уыд зæххыл нæ хъыг, нæ маст.

Куы ницыма æмбæрстон æз, уæд цардтæн,
Куы бамбæрстон, мæ цард та уæд фæци.
Куыдфæнды фод! Мæ цард тæхы ныр дарддæр
Дыууæ базырыл – сау маст æмæ цин.

Куыдфæнды фод! Мæ сабибонтæ мысын!
Куыройвыдау къæртлæхурд кæны дуг.
Кæддæрау Терчы абухын нæ хъуысы:
Æвæццæгæн, нывыл бакуыста духъ...

Терк нал æвæры лакъонæй сывæлдæг,
Сывæллонæй дæр сафтид ис – быгъдæг.
Бынæй йæ, охх, куынæуал уа ызмæнтæг,
Уæд ма сæрæй куыд кæндзæни сыгъдæг?!

## ФЫДЫМАДЫ ХУЫД ДЗАБЫРТÆ

Фыдымады уафсбын рæтыд уæлфад дзабыртæ
Мæрдты дæр уæнт мемæ.
Фæцыдтæн æз уыдоны 'нæхъинцæй, сабыргай,
О, ацы дунейы.

Куы дзы цæуон, гъе уæддæр – сабыргай, ‘нæхъинцæй,
Мæ дзабыртæ – фæсдуар.
Фæнды мæ, мæ фарсмæ куыд нæ уой æнæхицау,
Куыд сæ зона кæстæр...

Уæфстæ хуыйынæн-иу куыд фæхуынкъ ис йе ‘нгуырстуан
Гыццийæн, уый зоной.
Фæнды мæ, куыд аргъ кæной кæстæртæ се ‘нтыстæн,
Сæ абонæн знонæй.

Фыдымады уафсбын рæтыдуæлфад дзабыртæ
Нæ хæссын æз мемæ.
Фæлтау-иу мæ ауадзут гомвадæй сабыргай,
О, ме ‘цæг дунемæ!..

## ХОСГÆРСТЫ

Мæ цæвæджы риуыгъд мæ зæрдæйы цæфимæ сиу.
Зиу ракæнæм, лæппутæ, ракæнæм, лæппутæ, зиу!
Уыгæрдæны кæрдæг æмгуыдын æркодта фырзад,
Нæ цæвджытæ исæнт кæрæдзийы дзыхæй сæ зард.

Хал халæн æххуыс у, хал халæн æххуыс у, æххуыс,
Æмæ кæд мæнæн дæр дзæгъæлы нæ уаид мæ куыст.
Нæ уыгæрдæн – денджызау, диссагдæр ма дзы цы уа,
Нæ уистæ – уылæнтæ, кæрæдзийы сурынц цыма.

Мæ дысалгъæй асæрфтон ныхыл дыууæрдæм мæ хид,
Æхсызгон фæлладæй æруагътон мæ уисгæрон хи,
Фæлæ нæу куысты кæрон, арвмæ уыдзæн ныр мæ каст,
Куыд ива арв, афтæ мæ цæсгом дæр ивдзæни раст.

Къæвдайы хур бæстæ куы кæны дзæгæрæг, тæппал.
Æрбацæуы къæвда, æвзистцæфхад бæхау – цапуал.
Æрбахæстæг хурхæтæн, хурджын вæййы уæд, бæргæ,
Фæлæ уал ныртæккæ куы зæхмæ кæсын, куы – хæрдмæ...

## ХОСЫ ТÆФ

Нæ хосы тæфæй адджындæр
Мæнæн нæ уыди раджы дæр.
Мæрдтæм дæр мын ныввæрзæнæн
Ды хос – тъыфыл – ныввæрдзынæ...

Бæргæ, куы кæсин ме уæны...
Мæрдты дзæнæтыл не ‘ууæндын.
Нæ хосы сæр куы фæхуыссын, –
Вæййын дзæнæты хъæбысы...

## ИВДЗÆН БОН

Хъаз йæ къах уæлæмæ исы,
Сæр – йæ базыры бын конд,
Гæды пецы сæрмæ хизы,
Ивдзæн уазалæрдæм бон.

Мит мæ къæхты бын – хъыррыстæг,
Арвыл – ирд къæлæсы мæй,
Ахсæв ‘нæ тъæнджытæ хъызтæн,
Хъызтæн ‘нæ тъæнджытæ нæй.

Мигъы къæм фæзынд Хъæриуыл,
Уарынмæ æнхъæлмæ кæс.
Бирæгъ хъæумæ хæстæг ниуы,
Зымæг уæд уыдзæни хъызт.

 Æрдзы змæлдыл æз æууæндын.
Æрдз – мæ ис æмæ мæ дис!
Кастысты фыдæлтæ уæны,
Уый сæ арвайдæн уыдис.

Ныр кæсæм мах Интернеты,
Налдæр арв уынæм, нал – зæхх.
Ц‘ абухы, цы змæнты денджыз?
Уый йæхи кæны сыгъдæг...

* * *

Сасиры чъилтыл ссыд
Де ‘рмттæн сæ тъæбæртт.
Дзуллаг ссад сæхгæдта
Арынджы тъæпæн.

Сиры дзыхъхъы хуызæн
Сдзыхъхъ кодтай де ссад,
Æнхъизæн дурынæй
Рауагътай – де стыд.

Батымбыл арынджы
Надвæллад хыссæ.
Урс фынæй арсау уый
Иуафон сыстад.

Хыссæйæ равдæлон
Мадæн йæ арынг,
Фæлæ йæ пумпус дзул
Зæрдыл æз дарын.

Цард дæр – лыстæг сасир,
Луары нæ зулмæ.
Чи нæ у луарæнтæ,
Чи та у дзуллаг.

Хыссæ æвдылæны
Де ‘вдулæн баззад.
Баззад мæнæй та цы? –
Зæрдæйы мастад!

*ФИДАРАТЫ Руслан*

# АТЫДТОН НЫМДЫ РÆХЫСТÆ

* * *

Фарон уыд æви æндæраз, –
Митыл къахвæдтæ…
Ныв… рæсугъддæры тæккæ раз
Ды мæ хъал фæнд дæ.

Раст цыма нывæй æрхызтæ,
Афтæ арæзт дæ!
Атыдтон нымды рæхыстæ
Æмæ сарæхстæн.

Цом, рæсугъддæр, амад хидыл, –
Хиды дард кæрон…
Зондæй иу стæм, – мæхи дыл
Банцой кæнон.

Ныв «Рæсугъддæры…» тæккæ раз
Алчи дæу уындзæн.
Фарон уыд æви æндæраз –
Ныр æдзух уыдзæн…

* * *

…Галиу армыл – бумбули,
Рахиз армыл – дур.
Æз мæ ерыс рамбулин,
Фæлæ хид хæлд у.

Бонтæ хидæн аиваз –
Рæстæгæн – нæ был.
Хиды астæу – аив аз,
Арæзтæй – тымбыл.

Аразæг, кæцон дæ ныр,
Арæхсгæ зын тар.
Дур хæссын æнцондæр у,
Бумбули – зындæр…

* * *

Арв æмæ зæххастæу –
Хохы цъуппæй хид.
Нарты цæуæн, уастæн,
Дзырд – йæ бон, йæ хин.

Нарты фæндыл бал-цыд –
Здæхгæ дæргъæццон.
Ахæм бон нæма ‘рцыд,
Ма йыл уа бæлццон.

Хохы цъупп кæрон у,
Райдæйæн дын уæд…
Дун-дуне ирон у,
Кæд ирон дæ, уæд!..

* * *

Доны тыххæй, дуры зондæй
Арæзт у Нæртон.
Нарты бæласы бæрзондæй
Рæгъæд фæткъуы тон…

## РÆСУГЪДÆН

Зондамонæг, дины лæг,
Стæм, – зæгъынц, – рæстæгмæ.
Ды рæсугъддæр дидинæг
Бафтыдтай дæстæгмæ.

Дидинджыты ирд æргъом
У ныхкъуырд салютæн.

Рухс дæ бирæтæн æргом,
Цæсты къæм – сæ иутæн.

Цæст уынаг у, зонд уыны
Дард æмæ хæстæгмæ.
Чи кæдмæ у… – мæн уырны –
Нæу рæсугъд рæстæгмæ.

## ИТÆ

Йæ хай мæ ныфсæн –
Мæ аргæ Итæ.
Ныв кæн, мæ фыссæн,
Хуымтæ, кæритæ…

Филосæ – лофтæ,
Цæрæм… кæд та?!
Куыстмæ хæлофтæ,
Сæрдæм кæттаг.

Дзырдтæн сæ аипп,
Хъуыдыты зæй.
Нывгæнæг аив
Кæны хуызæй.

Хуызы кæритæ,
Кæттагыл «гай».
Мæ аргæ Итæ –
Рæсугъд чызгай.

*БИТАРТЫ Маринæ*

# ФÆЛДУРÆДЖДЖЫН ХЪЫСМÆТ

*Радзырд-æцæг хабар*

– Баба, цæй, куыд бакуыстон? – зæронд Айтеджы раз алæууыд дыууадæсаздзыд чызг. Йæ уадултæ ныссырх сты, йæ саунæмыджы хуызæн цæстытæ – фæлладхуыз, уæддæр дзургæ-дзурын рæвдз æвналы хæрæджы идонмæ.

Айтег йæ дæрзæг арм чызджы сæрыл рæвдаугæ æрхаста:

– Хорз! Хорз, мæ чызг!

Дибæ йæ бабайæн аххуыс кодта сугтæ уæрдонмæ фидар бабæттынмæ, стæй дыууæйæ дæр схызтысты уæрдонмæ æмæ сæхимæ рараст сты.

– Баба, кæд хорз бакуыстон, уæд мæм дзыцца æмæ нанайы хыл кæнын ма бауадз.

Айтег йæ худын нал баурæдта:

– Баныхас кодтам, кæд мын, цы фыдуаг ми та ракодтай, уый радзурдзынæ, уæд.

Дибæ йе уæхсчытыл хæрдмæ схæцыд æмæ скаст зæронд лæгмæ:

– Æниу та цас фыдуаг ми у, дæлæ Чабæханты цъыззыйы къуылых Чермены ранадтон, æндæр... Баба, хъæугæ йын кодта, – йæ хъæлæс фæфидардæр ис чызгæн.

–Ха-ха! – Айтеджы худын хъæдрæбынты азæлыд. Стæй хæрæджы ехсæй æрцъыкк кодта æмæ йæ ныхас даргъ айвæзта:

– Над та дын цæттæ аизæр, мæ чызг!

Дибæ йæхи «фæпыхцыл» кодта:

– Баба, дзырд мын куы радтай, кæй мæ нæ бауадздзынæ нæмын.

Зæронд лæг Дибæйы ʻрбахъæбыс кодта:

– Уæдæ-ма дæм исчи сдзурæд Чабæханæй, дзыццайæ, нанайæ, – мæ цæвæнгарз сæ нæ раздахдзынæн.

Дибæ нал фехъуыста бабайы ныхæстæ, йæ сæр зæронд лæджы хъæбысы æруагъта æмæ афынæй.

Айтег йæ ну къух æнцойæн дары сывæллоны сæрмæ, иннæмæй та идоныл хæцы. Хæрæг дæр куы банкъардта, тагъдгæнæг æй нæй, уæд йæ хъустæ æруагъта æмæ сабыргай цыд.

Айтег арф ныуулæфыд:

– Хъысмæтæн та цы загъдæуа, Германы лæгмартæ хæрзбын бауой, ацы дыууæ чызгæн сæ фыды чи бабын кодта. Бæргæ сæрыстыр уыдтæн мæ сиахсæй, фæлæ йын цæрын нæ бантыст, æмæ цы кæнон. Мæ бон цас у, уыйбæрц архайын, фæлæ зын у царды уавæртæ фæхуыздæр кæнын, уый йеддæмæ Дибæ хъуамæ сугдзау цæуид?

Хæдзармæ куы схæццæ сты, уæд Айтег чызджы хъавгæ бауыгъта:

– Æрбахæццæ стæм, мæ чызг!

Дибæ фехъал, фæлæ рахизынмæ нæ тагъд кæны, къах æй нæ хæссы мидæмæ. Уæдмæ Айтег райхæлдта сугты баст æмæ Дибæйы зæхмæ æриста.

Чызг хъавгæ бацыд мидæмæ, фæлæ йæм йе 'ргом ничи раздæхта.

Хистæр хо Айсæт кæуындзæстæй рауай-бауай кæны. Дзыцца пецы уæлхъус архайы, карчы басы 'хцон тæф æххормаг чызджы фындзыхуынчъыты смидæг. Нана æнæдзургæйæ рауад æмæ Айтегæн æххуыс кæны сугтæ хæссынмæ.

– Не 'фсин, æвзæр хабарæй нæ Хуыцау бахизæд, цы тарæрфыг дæ? – зæронд лæг, сугтимæ архайгæйæ, афарста Сæниаты.

– Нæ чызджы агурджытæ ис, – арф ныуулæфыд Сæниат.

Равдæлон кодтой уæрдон, Айтег æмæ Дибæ стъолы уæлхъус æрбадтысты, Сæниат сын мисын æмæ тæвд кæрдзын сæ разы авæрдта.

– Дзыцца, мæн карчы бас хъæуы, – лæгъстæгæнгæ бадзырдта Дибæ йæ мадмæ.

– Нæ уазджытæ куы ацæуой, уæд дын сгуы ратдзынæн, – æрбахъæбыс кодта Фаризæт йæ сугдзау чызджы.

Дибæ æхсызгонæй йæхи балхъывта мадмæ:

– Æвæццæгæн, Чабæхан нæма уыдис ам.

– Чи сты, кæцæй сты? – Айтег нырмæ æнæдзургæйæ хордта аходæн, стæй бинонтæм радта цæхгæр фарст.

Айсæт феддæдуар ис æмæ йæ фæстæ дуар ныггуыпп кодта. Сæниат æввахсдæр бабадт Айтегмæ æмæ йын дзуры:

– Дæлæ нæхи Албеджы æмхæрæфырт Залдуз чындзагурæг фæразил-базил кодта, айфыццаг ам уыдысты, махон та уыцы рæстæг фос сцæйтардта. Уыйадыл Залдуз минæвæрттæ 'рвитынил ныллæууыд.

– Залдузы зæрдæмæ фæцыд, Залдуз минæвæрттæ 'рвитынил ныллæууыд! Йе лæппу фарсты нæ цæуы, йе дзы хæдзары хицау нæй?

Æнхъæлдæн, йæ сæрыхицау Бало цæрдудæгас у, – мæстæлгъæдæй сдзырдта Айтег.

– Нæ зонын, нæ зонын, цыдæр хъал бинонтæ сæ хонынц, дызæрдыгхуызæй ма бафтыдта ныхасмæ Сæниат дæр.

– Дибæ! Дибæ! Рацу-ма æддæмæ, – æрбахъæр кодта Бæди, Албеджы чызг.

Дибæ ралыгъд йæ хæлар чызджы размæ. Сæ хъазæн фæзы балæууыдысты, уым бæласы ауон сæхи фæкодтой. Стæй Бæди къæркъæрæй радзырдта:

– Дибæ, тагъд нæ хæстæджытæ Айсæты ачындз кæндзысты, æмæ ноджы хæлардæрæй цæрдзыстæм.

– Айсæт кæугæйæ рацу-бацу кæны, баба дæр амæсты ис. Цыма дзы ницы рауайдзæнис, афтæ мæм кæсы, – рахабæрттæ кодта Дибæ.

– Æдылы къоппа, зоныс, цы хъæздыг сты! Залдузыл цы къаба æмæ къухдарæнтæ ис, æз ахæмтæ мæ фыны дæр никуы федтон.

Изæрæй Айтеджы хæдзары дуар бахостой уазджытæ. Каубыд дуарыл Албег бахæцыд æмæ хионы цыд бакодта, йæ фæстæ Залдуз, стæй бæрзонд,  саджы фисынтыл амад лæппу.

– Æмбæлы уæм, фысымтæ?

Айтег йе 'рфгуыты бынæй бакаст уазджытæм:

– Мидæмæ рахизут! Цы уæ 'рбахаста мæ мæгуыр къæсмæ?

– Мæгуыр худинаг никуы уыд, ацы зæхбын хæдзæрттæ мæ зæрдæмæ æввахсдæр сты, – хъæлхуызæй йæ цæст агъуыстыл ахаста сылгоймаг.

– Æвæццæгæн дын тыххæй раивын кодтой дæ зæхбын фæйнæгæй? – фелхынцъ кодта уазæджы Айтег. – Айсæт, Фаризæт, фынгыл истытæ авæрут, стыр горæтæй нæм уазджытæ ис.

Мад æмæ чызг уайтагъд фынг ацæттæ кодтой. Уазæг лæппу йæ цæстытæ нал иста чызгæй. Залдуз дæр ын йæ алы фезмæлдмæ аивæй йæ хъус дардта.

* * *

Айсæтæн йæ зæрдæ дыууæ дихы кæны, уазæг лæппу йæ цæстытæй нæ хицæн кæны. Сылгоймаджы цæстæнгас йæ зæрдыл куы 'рбалæууы, уæд та йыл ихæнриз бахæцы.

– Нæ, æз чындзы нæ цæуын, – алыг кодта чызг.

Фæлæ Залдуз йæ сæрыхицау Балоимæ банызхас кодта, æмæ сабаты

минæвæрттæ ‘рвитынил ныллæууыдисты. Залдуз йæхицæй тынг ныббуц ис, йе ‘взæрст чызг Уырызмæджы зæрдæмæ тынг кæй фæцыд, уый тыххæй. Рæсугъд, гуырвидауц, йæ февнæлд – рæвдз æмæ арæхстджын, бонзонгæ. Чындзагæн ма хуыздæр цы уа!

Арвыста Уырызмæджы æртæ боны æмгъуыдмæ Албегтæм. Стæй та Албегæн йæхи фæхуыдта, тынг ын бафæдзæхста, цæмæй Бæди йе ‘мбал чызг Дибæйы дæр ракæна, уадз, феной, куыд цæрæм, уый, зæгъгæ.

Фæлæ Айсæт цæхгæр ныллæууыд. Залдузы митæ йын йе ‘рыгон зæрдæйы тас æмæ гуырысходзинад уагътой. Залдуз та мæстæй тъæпп хаудта. Уый та куыд, мах хуызæн бинонтæн разыйы дзуапп ма ратта? Ныхас арвыста Сæниатмæ:

– Аскъæфдзыстæм чызджы, стæй йæ хъæуы сæр рахизын кæндзыстæм, æмæ цæрæд йæ худинагимæ.

Сæниат тасы бацыд, дывыдон арты судзы, Айтегæн та хъæр ницы кæны. Фаризæт æмæ Айсæтæн дзуры:

– Фыдбылызæй бахизут бинонты!

Ныр дæр та абадт Айсæты раз æмæ йын афтæ зæгъы:

– Сразы у, цардæй дæр исты фендзæнис дæ сидзæр уд, уыдон хъæздыг цæрынц, махау сæ къухтæм æмхасæнтæ нæ кæнынц, лæппу – аив, чызджытæ йæм сусæгæй кауы сæрты куы кæсынц.

Цалдæр боны фæстæ Дибæйы арæвдз кодта æмæ йæ Албегтæм арвыста. Албег бæх аифтыгъта, дыууæ чызджы уæрдоны сбадтысты, æмæ араст сты уазæгуаты. Дибæ æмæ Бæдийы цинæн кæрон нал уыд, кæдæй-уæдæй сæ хъæуæй дарддæр цæуынц. Тынг цымыдисæй кастысты, фæндагыл цы уыдтой, уымæ; адæм дæр – аивдæр конд, хæдзæрттæн сæ фылдæр – бæрзонд арæзт. Албег бæх баурæдта иу ахæм бæрзонд аив хæдзары раз. Кулдуар фегом, æмæ сæ размæ рауадысты дыууæ хæрзарæзт чызджы. Уæдмæ хæдзары хицау дæр рахызт, зæрдиагæй бацин кодта уазджытыл:

– Азаухан, Райхан, уазджыты мидæмæ акæнут.

Чызджытæй кæстæр Райхан Дибæ æмæ Бæдийы акодта мидæмæ, сæ мæгуыр фæлыстмæ сын æнæрвæссон каст кодта, афтæмæй.

Уырызмæг дыууæ чызгыл тынг бацин кодта:

– Ахæм диссаджы уазджытæ нæм цы Хуыцау æрбахаста?

Дибæ æмæ Бæди бандоныл бадынц æмæ дис кæнынц, цы хъæздыг хæдзар сты, ууыл.

Залдуз дынджыр агуыридурæй амад пецы раз лæууы аив дарæсы, чъиритæ кæны.

Дибæ фæкомкоммæ аив къуламад сугтæм. Арф ныуулæфыд: «Тæхуды, се ‘ртыккаг хай уæддæр куы фестид нæ кæрты афтæ амадæй!»

– Барис, сугтæ-ма радав! – Залдузы хъæр Дибæйы хъуыдытæ фесхъуыдта.

Кæцæйдæр рæвдз фæзынд дæсаздзыд лæппу, афтид тæскъ аскъæфта æмæ йæ сугтæй айдзаг кодта, пецы раз æй авæрдта, стæй арты цалдæр æндзарæны фæд-фæдыл баппæрста, – арт уайтагъд ацырен ис.

Фынгыл æвæрын райдыдтой алы хæринæгтæ. Дибæ сæм кæсын дæр нæ уæндыд. Уæдмæ сын дзадждджын уæлибæхтæ, стæй фыдджынтæ дæр авæрдтой сæ разы. Барджын хъæлæсыуагæй та дзуры æфсин.

– Уырызмæг, чызджытæ куы ахæрой, уæд сæ тезгъо кæнынмæ акæн, уадз истытæ феной.

Лæппу сæ ‘хсызгонæй æрзилын кодта горæты рæсугъддæр бынæттыл.

Дыккаг бон Залдуз афæндараст кодта йæ уазджыты. Дибæйы къухы стыр уæззау хызын фæсагъта:

– Чындзæхсæвмæ-иу дæхицæн къаба бахуыйын кæн.

Дзæвгар куы рацыдысты, уæд чызджытæ нал фæлæууыдысты æмæ сæ хуынтæ къахын райдыдтой. Дибæйы дисæн ма кæрон кæм уыд, куы дзы ссардта æрвхуыз цыллæ хъуымац, духи, хорз чи тæф кæны, ахæм сапæттæ, рæсугъд стъолæмбæрзæн, къафеттæ æмæ ма æндæр адджинæгтæ.

Къафеттæй йæ хъæбысы æркалдта, стæй хызын йæ фарсмæ арæхстгай æрнуæрста. Албег сæм фæстæмæ ракаст мидбылхудгæ:

– Цæй цы, æнæфендтæ, уæ тæсчъы та уæ тъæпп фæцыд. Дибæ, федтай, куыд диссаджы цард кæнынц, де ‘дылы хо та йæ къахæй йæ амонд æддæмæ ссоны. Сабаты минæвæрттæ, минæвæрттæ, мæ къона.

Мады зæрдæ, дам, зонаг вæййы. Фаризæтæн йæ зæрдæйы рыст нæ лæууыд. Чындзæхсæвы бон йæ цæссыг сусæг-æргомæй згъæлди. Устытæ-иу æм фæлæбурдтой:

– Цымæ, цæуыл кæуыс, æгайтма ахæм амонд ссардта дæ сидзæр.

– Сидзæры та амонд кæд уыд? – Фаризæт-иу ноджы тынгдæр фенкъард.

Айсæт къуымы афтæ тынг фидыдта, æмæ дзы уазджытæ сæ цæстытæ нал истой. Йæ донызылд цæстытæ, йе 'нкъард цæстæнгас ын ноджы рæсугъддæр хуыз лæвæрдтой.

Фыццаг бонæй Айсæт йæ сæр ныггуыбыр кодта, æмæ йын хæдзары куыстытæ иууылдæр йе уæхсчытыл сæвæрдтой. Уырызмæгæн та бонæй-бонмæ йæ уарзондзинад тыхджындæр кодта йæ рæсугъд бинойнагмæ. Кæд ын уæдмæ бирæ лымæн чызджытæ уыд, уæд сæ ныр хъуыды дæр нал кодта. Айсæтмæ йæ номæй нæ дзырдта, фæлæ, мæ кукла, зæгъгæ. Уырызмæг хæдзармæ æрбахызт, уæд æдзух цæстæй агуырдта Айсæты. Уыцы уарзондзинадмæ кæсгæйæ, Залдуз æмæ йæ дыууæ чызджы маст цыренæй-цырендæр кодта. Иубон сыхæгты ус æрбауад æмæ Залдузæн бакой кодта:

– Цыма уæ чындз йæхи бар нæу, афтæ мæм кæсы.

– Цы? – мæсты каст æм бакодта Залдуз. – Цы нæ зæгъдзынæ, нырма йын раджы у, стæй, боныфæстагмæ, æз дæр чындз уымæн æрхастон, æмæ мæ уд гыццыл æрæнцайа, къуырийы фæстæ санаторимæ цæуын, æмæ мын мæ хъуг чи дуццдзæнис?

– Мæ хæдзар, æмæ нырма фæззæджы куы уыдтæ улæфынмæ, – бадис кодта сыхаг.

– Æмæ цы, уæд мæ зæнгтæ дзæбæх кодтон, ныр та – мæ зæрдæ. Æллæх, æллæх, æхсæв афтæ бавзæр вæййын, æмæ дын куыд зæгъон.

Сыхаг ус ницыуал сдзырдта, йæхи фæцæуæг кодта. Айсæтмæ ма тæригъæдгæнгæ иу каст бакодта æмæ кулдуары æдде фæцис.

Айсæт рынчындоны хуыссы, йæ цæссыгæй йæхи æхсы. Дохтыр Залдузмæ рацыд:

– Алцы дæр хорз у, дыууæ сахаты фæстæ йæ уæ бон у акæнын.

Æрыгон сылгоймаг бонæй-бонмæ тад, йæ сæрымагъз никуыд æмбæрста, цæмæн ын æрбаскъуынын кодта йе 'фсин йæ цин, адæм сывæллонмæ куы фæбæллынц сæ кæстæртæн. Уырызмæг рæвдыдта Айсæты, архайдта йæ зæрдæйы рис ын фæкъаддæр кæныныл, фæлæ уымæн йæ зæрдæйы æгæр арф хъæдгом уыд.

Уæд сæм Залдузы файнуст æрбацыд уазæгуаты. Айсæт кæрты цыдæртæ змæлыд, стæй кæрдойы бын бандоныл æрбадт æмæ æбæрæг кæдæмдæр нымдзаст.

– Уæ чындз тынг сфыдхуыз ис, йæ цæсгом ныттар.

– Æмæ йын цы нæ фаг кæны, – цыллæты йæ стыхтам, бадгæ

цард кæны, йæ къух уазал доны никуы атылдта, уартæ йæм кæсыс, æдзух афтæ æндзыджы бадт кæны. Йæ лæджы дæр æндæр ничиуал хъæуы, цыма йæм уæларвæй стъалы æрхауд! Цæмæ мæ хъуыд, авд хъæуы сæрты йæм куынæ ахызтаин, уæд… – йæ маст фæкъæртт ис Залдузæн.

– Æгайтма сæ кæрæдзийыл æнувыд сты, – дзуры та файнуст.

– Цы ма уыдзынæн, æнувыд куы уой кæрæдзийыл, уæд, – йæ ныхас фæхъæддыхдæр æфсинæн.

Дыккаг бон Уырызмæг йæ мадмæ дзуры:

– Нана, чындзы йæ цæгатмæ куы аласин, уадз чысыл баулæфа.

– Цыфæнды йын кæн, фæлæ кæм бафæллад? Мæ куыстытæй мæ къухæй куы ницыма ахаудта…

Лæппу ницыуал сдзырдта, сæргуыбырæй йæ уатмæ бахызт.

Сæниат Айсæты куы федта, уæд йæ мидбынаты æрцæйхауд, фæлæ сиахсы æфсæрмæй ницы сдзырдта. Уырызмæг ма гыццыл алæууыд, стæй Албегтæм ацыд. Дибæйы цинæн кæрон нал уыд, ныр бафсæддзæнис йæ хоимæ дзурынæй. Фæлæ Айсæты дзыхæй ныхас нæ хауд, æрмæст йæ цæссыг калдта. Сæниат ын сæгъы ‘хсыр соимæ бон æртæ хатты дардта. Фаризæт фидарæй загъта:

– Нал æй ауадздзынæн, Дибæ ахуыр кæнынмæ цæудзæнис Дзæуджыхъæумæ, æмæ кæд иумæ ацæуиккой.

Сæниат æй дзурын дæр нæ уагъта:

– Дæ сæры зонд фæцыд, нырма афæдз дæр куынæ цæры, стæй йæ худинаг та? – йæ сæрыл ныххæцыд Сæниат.

– Талынг æгъдæутты рæстæг нал у, нана, цы зæгъынмæ хъавыс, хъуамæ йын йæ мард раласæм уырдыгæй, уæлдайаг чызг мын нæу, афонмæ йæ фыд мæрдты йæ ингæны æрзылдис йæ тæригъæдæй, йæ хуызмæ-ма йын бакæс!

– Фæразын хъæуы, гормæттæ, фæразын, сылгоймаджы хъысмæт афтæ у, нæ раттæгæн урс галтæй скуывдæуа!

Цыбыр рæстæгмæ Айсæт йæхиуыл фæхæцыд, йæ уадулты туг ахъазыд. Дибæ-иу ын худæг ныхæстæ акодта, хъæуы цы ног хабæрттæ уыд, уыдон-иу ын фæдзырдта. Йæ сусæг фæнд дæр ын раргом кодта:

– Айсæт, дыууæ мæйы фæстæ скъола каст фæуыдзынæн, фæнды нæ Бæдиимæ медицинон институтмæ нæ гæххæттытæ бадæттын.

– Бæргæ, мæ зæрдæ уын зæгъы æнтыстдзинæдтæ, фæлæ сымахæй

цæй дохтыртæ ис, физкультурæйы ахуыргæнджытæй хуыздæр сфидаудзыстут, – бахудт Айсæт.

Дибæ худæгæй бакъæцæл:

– О, о, Чабæхан нанайæн куыд фæзæгъы, уый зоныс? Дæ хъæддаг чызг, зæгъгæ.

Айсæт бахъæлдзæг:

– Чабæханы тыххæй дыл над бирæ хæттыты ауад, куыд у уыдоны Чермен та?

– Куыд уыди, афтæ, гыццылæй – цъыззыйы къуылых, гъеныр та уæзджын гогыз. Иухатт та йæ доныбыл ранадтон, Бæдийы дзабыртæ доны кæй баппæрста, уый тыххæй. Кæугæ сæхимæ алыгъд. Чабæхан та æрбалæбурдта: «Уæ хъæддаджы-ма мæм ракæнут, æз ын йæ дзыккутæ ныттонон. Сыстæм ацы хъæуæй, æндæр гæнæн нын нал ис. Уæ хъæддаг нæ кæд ныууадздзæнис?»

Уæд æм баба рауад:

– Хъус-ма, Чабæхан! Алы хатт ды ам фæдисхъæр цæмæн кæныс сывæллæтты сæрыл, худинаг дын нæу? Райс æмæ уыцы цъыззыйы къуылыхы дæхæдæг фæнæм. Цæмæн ыл тых кæны чызг?

Дыууæ хойы зæрдиагæй ныххудтысты. Фаризæт сæм уатмæ бахызт.

– Цард уын фестон, æгайтма худгæ кæнут. Айсæт, нал дæ ауадздзынæн уыцы фыдусмæ. Дибæ скъола куы фæуа каст, уæд горæты фатер баххуырсдзыстæм, хус къæбæрæй дæр цæрдзыстæм, фæлæ æнæ мастæй.

Чызг йæ даргъ сау цæстыхаутæ бынмæ æруагъта, стæй кæддæр-кæддæр æфсæрмыгæнгæйæ сфæрæзта сдзурын:

– Уырызмæг дæр мын зæрдæ куы бавæрдта, фатер, дам, баххуырсдзыстæм, æмæ, дам дын фенцондæр уыдзæнис.

Фаризæт арф ныуулæфыд: йæ хъæбулы рыст зæрдæйы ма уарзондзинадæн дæр бынат ис...

Уыцы бонæй дзæвгар рæстæг рацыд. Дибæ цæмæ бæллыд, уыцы хорздзинад йæ къухы бафтыд. Медицинон институты дыккаг курсы ахуыр кæны. Хъæлдзæг æмæ зæрдæргъæвд чызг дзы рауад, æмбæлттæн – фæзминаг, ахуыргæнджытæн – уарзон.

Фаризæт дзулфыцæн заводы куысты ныллæууыд, æмæ ныр сæ царды уавæртæ фæхуыздæр сты. Æрмæст Айсæтмæ цæмæндæр хъысмæт йе ‘ргом не здахы. Хуыцау ын балæвар кодта хъæбул. Фæлæ

йæ йæ хъæбысы æрбакæна æмæ йæ хъармæй йæхи батава, уыцы фадат ын нæй. Дыууæ ходыгъды сывæллоны æфсон сæхи куыстытæй аиуварс кæнынц, æниу æфснайын æмæ хæринаг кæнын сæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыд, сæхи  дзаумæттæ дæр сын чындз æхсы. Залдуз дæр сабыргай хъуг дуцын Айсæты бæрны бакодта. Уæд йæ сæр фæриссы, уæд йæ цæнгтæ йæ бон сисын нæ вæййы. Уырызмæг, алы бон хæдзары мады хъуынтъыз цæсгом уынгæйæ, рæхуыст ныхас хъусгæйæ æмæ Айсæты æнкъард зæрдæйæ йæхи хæдзарæй æддæмæ ласын райдыдта. Йæ раздæры зонгæтæй лымæндæр кæимæ уыд, уыдонæй йын сæ иу, Симæ, зæгъгæ, уайтагъд йæ сагъæстæ сурæгæй ныллæууыд.

Залдузæн йæ хъустыл куы ‘руад, Уырызмæг йæ кæддæры хæзгулимæ баиу ис, уый, уæд мæстæлгъæдæй йæ мойы раз алæууыд:

– Хæлиудзых, лæгимæ цæрын дæр нæ базыдта.

Бола иуцасдæр ницы дзырдта, йæ бинойнагмæ æдзынæг ныккаст, стæй йын загъта:

– Уыцы мæгуыр сылгоймаг дæ цы дары? Хæдзар – йе ‘ккой, суанг ма дæ чындздзон чызджыты гæрстæ дæр уый куы æхсы. Хæрзхъæд, хæрзуд, йæ лæгимæ хъæрмуд дæр уыдысты, фæлæ дын уый дæр дæ тъæнгтæ цагъта. Иу фæлмæн ныхас дæ нæ зоны æмæ куыннæ уа æнкъард йæ зæрдæ? – сыстад Бола æмæ, йæ сæр тилгæ, тыргъæй рахызт.

Залдуз мæстæй ноджы тынгдæр фæцæйрæдывта. Хорз уыд, æмæ ацыд йæ мой, æндæра йын йæ фарстæн цы дзуапп радтаид, уый йæхæдæг дæр не ‘мбары. Цæмæн афтæ сных ис чындзмæ?.. Йæ февнæлд – рæвдз, йæ архайд – бæстон. Нырма æфсины дзыхæй не схауы, ацы куыст кæнын хъæуы, зæгъгæ, афтæ конд вæййы – исдуг-иу уый тыххæй дæр амæсты ис æфсин. Ныр йæхæдæг дзуапп радта йæхицæн дæр æмæ йæ мойæн дæр.

Уырызмæгмæ йæ бинойнаджы зæрдæхсайд кæны, æмæ йын уыцы æнкъарæнтæ æнцой нæ дæттынц. Æмбары Залдуз йæ азым, чындзы тæригъæды кæй цæуы, фæлæ ницы у йæ бон бакæнын. Ныр та йын, Уырызмæг хæдзармæ кæй нал цæуы, уый тыххæй у æнæуынон Айсæт.

Раздæр Уырызмæг æдзух бинонты ‘хсæн æрвыста йæ рæстæг, йæ фыдæн æххуыс кодта.

Бало-иу загъта:

– Федтай, не ‘фсин, бинонтæ ‘ркодта æмæ фæхæдзардзиндæр.

– Ныууадз-ма-иу ды та, бинонтæ æрхаста æмæ, – сфæзмыдта-иу æй Залдуз. – Уæдæ, уыцы гуымыдза йæ фæхæдзардзин кодта...

Айсæт йе ‘фсины æнæхъуаджы æфхæрдтытæн ныхмæ кæй нæ лæууыд, уый тыххæй йæ гуымыдза хонын райдыдтой ходыгъдтæ дæр. Цас йæ бон уыдис, уыйбæрц йæ гыццыл хъæбулы адæргæй йæхицæн ныфсытæ æвæрдта, фæлæ иубон йæ фæллад зæрдæ нал бафæрæзта, æмæ йæ тагъд æххуысы машинæ рынчындонмæ аласта. Сæмтъеры сты бинонтæ. Залдуз хъуг дуцын ахуыр нал уыд æмæ мæсты кодта. Дыууæ чызджы арæх хылтæ кæнын райдыдтой, уæдæ гыццыл Асланы чи раздæр акæндзæн тезгъо кæнынмæ – уæд иннæйы хæдзары куыстытæ кæнын хъæууы. Бола уайдзæф кодта:

– Нæ хæдзары хуызæнæн хæринаг нал ис.

Залдуз-иу уæд ноджы фемæхст:

– Йæ мард ын фен, кæд нæ нырмæ дæр уыцы гуымыдза нæ дардта.

Айсæт бынтон æруатон ис, нуæртты низ дæр ма йæм сбæрæг кодтой дохтыртæ, палатæмæ йæм уадзгæ дæр никæй кодтой. Уæд æм Уырызмæджы хæзгул бацыд:

– Æцæг Уырызмæгимæ ахицæн стут? Мæн куры.

Айсæт хъæлæсы дзаг ныббогъ кодта. Дохтыртæ йын цалынмæ фынæйы хос радтой, уæдмæ нал сабыр кодта.

Гыццыл Аслан, йæ мады мысгæйæ, хæргæ дæр нал кодта. Уæд Залдуз сфæнд кодта чындзы бабæрæг кæнын. Сыхæгтæ йæ куы афæрсынц, куыд у Айсæт, уæд фæзæгъы, знон æм чызджытæ ацыдысты, абон æм Уырызмæг уыд, зæгъгæ, афтæмæй та йæм дыууæ мæйы дæргъы палатæйы къæсæрæй кæсгæ дæр ничи бакодта. Дуарæй куыддæр бахызтысты мидæмæ, афтæ Аслан, «гыцци, гыцци» хъæргæнгæ, йæ мадыл ныддæлгом.

Айсæт йæ хъæбулы йæхимæ æнгом балвæста, цæссыгтæ фемæхстысты, Залдузæн та уый дæр хъыг уыд: «Кæс-ма йæм, дыууæ мæйы йæ мæ риуыл рахæсс-бахæсс кæнын, афтæ ‘нхъæлдтон, йæ мадмæ хæстæг дæр нал бацæуудзæнис…» Сывæллоны къухмæ бавнæлдта æмæ йыл рахæц-рахæц кæны, фæлæ уый йæхи йæ мадмæ нылхъывта. Уæд æм Айсæт йæ цæстытæ сзылдта:

– Бауадз-ма нæ гыццыл, гормон, æви мæ ныр та мæ хъæбулмæ зæрдæхсайд кæныс?

– Цы? – Залдуз сонт хъæр фæкодта. – Кæс-ма, кæс, гуымыдза цы дзых фæхæлиу кодта!

Сывæллоны къабазыл фæхæцыд æмæ йæ дуары æдде фæкодта:

– Уæдæ æз ус ма уон, ды ма хъæбул куы фенай!

Асланы цъæхахст кæнгæйæ йæ фæдыл ласæгау акодта.

Айсæтæн йæ хъæбулы кæуынмæ йæ зæрдæ сæнкъуыст æмæ ницыуал бамбæрста.

Залдуз йæ ныхас сæххæст кодта, сывæллоны фæрамбæхс-бамбæхс кодта Дибæ æмæ Фаризæтæй дæр.

Иухатт та сын æргомæй загъта:

– Сымахæн ам сывæллон нæй, ницавæр тыхтæ атондзысты махæй ацы сывæллоны, закъонмæ гæсгæ гæххæттытæ дæр скодтам, – сæрибар стут!

Фаризæтæн иуцасдæр йæ дзыхы ныхас нал бадтис, стæй кæддæр сфæрæзта:

– Уый та куыд? Ис ныййарæгæй куыд сæрибар стæм сывæллонæй? Мады фæнды йæ хъæбулы фенын. Худинаг дын нæу? Хуыцауы бын куыд цæрыс?

– Ха! Ха! Мæнæ ракæс, куыд цæрын! – Залдуз йæ къухæй ацамыдта, йæ фæстæ сæрыстырæй цы стыр хæдзар лæууыд, уымæ. Йæ цæстытæ мæсты ‘рттывд кодтой.

– Сымахæн ам сывæллон нæй, мæ удæгасæй йæ уыцы гуымыдза йæ цæсты кæронæй дæр нал фендзæнис. Ис нæм, сывæллоныл йæ къух кæм исы, ахæм гæххæтт дæр йæ къухфыстимæ. Исты ма зæгъут? Уый та уын закъонмæ гæсгæ дзуапп.

Фаризæт, уыцы æбуалгъ ныхæстæ фехъусгæйæ, йæ зæрдæмæ февнæлдта æмæ фæцудыдта. Дибæ ныккуыдта:

– Дзыцца, цом ардыгæй. Айсæт уал хуыссæнуатæй рахиза, стæй сыл ахæм дауты тыххæй тæрхондонмæ бадæтдзыстæм, ныр уал цом ардыгæй.

– Уайгæ кæнут! Барис, куыдзы-ма сыл суадз, кæс-ма сæм, тæрхондонмæ мыл дæттынц, æрсытимæ кæрдо цæгъдынц!

Айсæт йæ низтимæ тох кодта, архайдта, цæмæй тагъддæр сдзæбæх уа æмæ йæ хъæбулы йæхимæ æрбаввахс кæна. Фæлæ низ мæнгард у, буары куыд æнцонæй бахизы, æддæмæ афтæ æнцонæй нал фæкомы. Ныддæргъвæтин ис йæ рынчын. Залдуз æмæ йæ чызджытæ та Асланы фынæй дæр æмæ хъал дæр кодтой уыцы иу ныхæстимæ: «Дæ мад дæ ныууагъта, хъуыды дæр дæ нал кæны».

Афтæмæй лæппу йæхæдæг райдыдта æмбæхсын Айсæтæй, стæй Дибæйæ дæр. Куыд стыр кодта, афтæ йæ ныййарæгæй дардæй-дарддæр кодта. Уæддæр Айсæт йæ зæрдæ дардта, йæ хъæбул рæстдзинад кæй базондзæнис. Бацыдис-иу æм скъоламæ, фæлæ-иу лæппу дуæрттæ йæ сæрыл ахаста.

Аслан йæ лæджы кары бацыд ахæм фидар хъуыдыимæ: йæ мад æй ныууагъта, йæ къух ыл систа. Айсæт æхсæвæй-бонæй йæ цæссыгæй йæхи æхсадта, бирæ фæфæлвæрдта йæ хъæбулæн æцæгдзинад базонын кæнынил, фæлæ йæм нæ разынд уыцы тых. Уæддæр цард йæ хъæбулы цæрайæ, кæд йæ фарсмæ нæ уыд, уæддæр. Хуыцауæй куырдта, цæмæй Аслан йæ амонд ссара. Хуыцаумæ та хатт сыгъдæг уды лæгъстæтæ дæр фехъуысынц.

Айсæтмæ æрбайхъуыст, Аслан бинонты хъуыддаг бакодта, зæгъгæ. Ныййарæгыл нып та, уыдоны амондмæ кувгæйæ, цыдысты йæ бонтæ. Цæмæй зыдта сылгоймаджы фæлмæст зæрдæ, Хуыцауы цæст ма йын иу стыр лæвар кæй бауарзта.

Иуизæр Айсæты дуар æрбахостæуыд. Къæсæрыл лæууыд йæ хъæбул, уал азы йæ цæстытæ æнхъæлмæ кæсынæй кæмæ бафæлладысты, уал æмæ уал азы кæмæ фæдзынæзта, уыцы хъæбул. Йæ фарсмæ лæууыд рæсугъд, зæрдæмæдзæугæ сылгоймаг æмæ йæм йæ мидбылты фæлмæн худт кодта. Айсæтæн цыма йе ‘фсæртæ кæрæдзийыл æндæдзгæ бакодтой, – йæ бон дзурын ницы бацис, афтæмæй къулыл банцой кодта.

Аслан мидæмæ æрбакъахдзæф кодта:

– Дæ изæр хорз, гыцци!..

*ЦХУЫРБАТЫ Мери*

*Радзырдтæ*

# УЫЦЫ СÆРДЫГОН ДАРГЪ ÆХСÆВ

Хæдзары раз цæхæрадоны астæу æвзонг чылауи бæласыл, æвæццæгæн, ракетæйы схъис сæмбæлд – йæ астæуыл æй атæхын кодта. Лыггаджы æрдæг ма цъарæй гæзæмæ хæцыд зæнгыл æмæ йæ цъуппæй зæххыл узæлыд.

Бæласæн йæ хъæдгомæй лæдæрст урс-урсид цæссыг æмæ йæ лæгъз цъарыл дæлæмæ афæд кодта уидæгты онг.

Куыдта бæлас, судзгæ цæссыгæй куыдта…

Знонрайсом дæр ма йæ рæсугъддзинадæй сæрыстыр уыд. Уæлæмæ, арвмæ ивæзта йæхи æмæ йæ цъæх-цъæхид дарæсыл ради. Ныр ын кæйдæр æгъатыр къух байста йæ фидыц, фæцæнкуыл æй кодта…

Ахæм райдзаст хур бон скодта, æмæ зæрдæ æддæмæ, уынгмæ, тырныдта – ахиз цæхæрадонмæ! Алцæуыл дæр дæ уды фæндиаг фæцин кæн, æртон бирæ дидинджытæ æмæ сæ хæдзармæ бахæсс, хæдзар се ‘хцон хæрздæфæй куыд байдзаг уа…

Фæлæ дæ мадæн чызгæн бабæзз æмæ бафæлвар æддæмæ ахизын – нæмгуытæ их уарæгау кæнынц, минутæй-минутмæ амыты-уымыты спырх вæййынц минæтæ æмæ сæ тæвд схъистæй мæлæт тауынц, æнхъæл кæм нæ уай, ахæм рæтты дæр.

Кæм бадынц, уыцы æрдæгныккæнд хатæны фæрссæгтæ зæххы æмвæз сты. Уырдыгæй сæм цы зыны, уыцы арвы гæппæл æмæ цæхæрадоны æрдæгмæ цымыдисæй кæсынц хæдзары хицау, фысым – зæронд ус, мад, чызг, æмæ цыппарæй та æввахс сыхæгтæ – дыууæ ироны, иу гуырдзиаг æмæ иу та – сомихаг – ацæргæ сылгоймæгтæ.

Кæсынц æнæдзургæйæ. Сæ тарстхуыз цæсгæмттыл æнцонæй рахатдзынæ дисы æнкъарæн – куыд рæсугъд у алцы дæр, дуармæ талынг къуымæй кæсгæйæ! Уым, се ‘хсæн разил-базил кæнгæйæ, афтæ химæлвасгæ цæуылнæ зынынц уыцы сырх, бур уардитæ, сæнæфсиры цъæх цупæлттæ бынмæ зæбулæй!

Куыд рæсугъд, куыд зынаргъ у алцы дæр æдде ацы хур бон, куыд!.. Фæлæ хъуамæ быхсай, хъуамæ ныккæнды бадай – ахæм хъысмæт сын снывкодта сæ раттæг Хуыцау…

Æмæ бадынц. Ацы хæдзар сæм, æвæццæгæн, Хъарсы фидарæй

фидардæр кæсы, æндæра цыппар сылгоймаджы дæр тынг æввахс цæрынц, дыууæ ироны та бынтон æмкъултæ сты. Сымахмæ, дам, нæхи æдасдæрæй хатæм, фидардæр амад, дам, у уæ хæдзар – ракетæ дæр ын ницы ракæндзæн. Æмæ та æхстытæ куы стынг вæййынц, уæд уыдон дæр сæхи ардæм æрбаппарынц. Æрбаппарын та цы хоныс, æхсæвиуат дæр ам куы фæкæнынц – сæ къæбæр семæ æрбайсынц æмæ сæ чи уатыл, чи та фæлмæн бандоныл æрбынат кæны, афтæмæй арвитынц æнæнцой æхсæв.

Стæй ма хæдзары хистæры дæр фидарæй уырны: «Уый гæнæн нæй, мæ хæдзар исты кæна, рæстаг лæджы Хуыцау нæ фесафдзæн. Тæрсгæ та æппындæр ма кæнут, тæрсагмæ фыдбылыз æмхиццæр у, – ныфсытæ сын авæры, фæлæ йæхинымæры та Хуыцаумæ скувы: – Мæ бинонтæ дæр дæ фæдзæхст æмæ мæ адæм дæр, Стыр Хуыцау, алкæй дæр нæ бахиз фыдбылызæй!..»

Уыцы æхсæв дæр та цыма арв æмæ зæхх кæрæдзийы хостой – рухс ма уыд, афтæ райдыдтой гæрæхтæ кæнын æмæ суанг райсоммæ æнæаскъуыйгæ æхстой горæтмæ. Æмæ диссаг та куыд нæ уыд: гъа, адæмыл нал ауæрстой, фæлæ сæхицæн та цæуылнæ лæвæрдтой улæфт?! Уыйбæрц алыхуызон хæцæнгæрзтæй æхстой, æмæ, раст ихуарды размæ арв куыд фæнæры, ахæм гуыр-гуыр кодта бæстæ, æддæмæ ракæсæнтæ нал уыд.

Æнæхъæн æхсæв иу цъынд дæр нæ федтой сылгоймæгтæ, æмæ, æвæццæгæн, горæты ма чи баззад, уыцы адæм иууылдæр. Уæлдайдæр та, горæты адæмы цард чи хъахъхъæдта, уыцы хæстон фæсивæд – æвзонг хъуымызбыл лæппутæ.

– Ахсæв дæр ма куы аирвæзиккам, уæд нын, æвæдза, куывд скæнын æмбæлы, – хъазгæмхасæн ныхас æрæфтауыныл афæлвæрдта Хъоцон, фæлæ йе уæны мигъ кæй бадтис, уый бамбæхсын нæ бацис йæ бон.

– Уый та дын цыхуызæн ныхас у? – фæхъыг æм ис фысым æмæ йæм йæхи фæгæмæл кодта. – Æндæрæхсæв амæй къаддæр не ‘хстой, фæлæ ницы кодтам Хуыцауы фæрцы.

– Бон дæр нал кæны, бон! Сæрдыгон ма уæ исчи ахæм даргъ æхсæв федта? – ныхас æндæрæрдæм аздахыны охыл загъта сомихаг сылгоймаг. – Бонæй уæддæр æнцондæр фæразæн у ацы дудгæбонæн.

– Уæдæ уым сæ ныхмæ чи тох кæны, уыдон куыд кæнынц, мах ма ам, агъуысты, дурæй амад къулты ‘хсæн уæддæр бадæм, – загъта та зæронд ус, æмæ иууылдæр ныссабыр сты.

Уыдон та… Уыдон – æвзонг, цардбæллон лæпputæ – Згъудермæ схæрдгæнæны, фæндаджы уæле наз хъæды къохы æрбынат кæнгæйæ, тох кодтой ныхмæлæууæгимæ. Сæ удтыл дæр нал ауæрстой ацы æстдæс-дыууыназдзыд лæппутæ, цæмæй фæстæмæ бацахстаиккой, амæйразмæ сын кæй байстой, уыцы позицитæ, сæхи та æрфидар кодтаиккой æмæ знагыл горæты сæрæй фæстæмæ ахæцыдаиккой.

Изæрмилты ма уæддæр зыдтой, чи сæ кæм лæууы æмæ куыд у, стæй, куы æрталынг, уæд ныхмæлæууæг ноджы фæфыддæр.

«Размæ бырсын нæ хъæуы, дардæй сын куыд спырх кæндзыстæм сæ танкты?» – æмбарын кодтой кæрæдзийæн æмæ, къутæрты, бæлæсты аууæтты хъуызгæ, раздæр кодтой сæ хæцæн бынæтты. Æхстой æмæ къахдзæфгай хæстæгдæр кодтой сæ нысанмæ. Уæдмæ лæппутæй иу схъæрзыдта æмæ æрхауд йæ мидбынаты. Æмæ бамбæрстой, чъылдымæрдыгæй дæр сæ кæй райдыдтой æхсын.

«Æрхъулайы бахаудыстæм, – февзæрд раззаг лæппутæй иуæн йæ сæры, æмæ ма иу хъæр фæкодта йæ хъæлæсы дзаг: – Фæстæмæ, лæппутæ!» – фæлæ уымæн дæр йæ хæдæхс йæ къухтæй æрхауд…

Бонмæ нæ банцадысты æхстытæ. Стæй…

Лæппутæй ничиуал æхста…

… Тых æмæ фыдтæй фæтых боны рухс даргъ æхсæвы талынгыл æмæ рудзынгæй мидæмæ бакаст. Сылгоймæгтæ сæ риутыдзаг сулæфыдысты. Уæдмæ хур дæр скаст æмæ йæ сыгъзæрин тынтæ цæхæркалгæ æнæвгъауæй байтыдта бæстыл.

Раст уыцы афон чидæр кæрты дуар ныххоста:

– Дуар-ма бакæнут!

– Нæхиуæттæй чидæр у, – загъта чызг æмæ асæррæтт ласта дуар кæнынмæ.

Къæсæрыл тыхст æмæ фæдисоны лæуд акодта сыхæгты лæппу, йæ дзаумæттæ иууылдæр – тугæй ахуырст. Сылгоймæгтæ йæ ахæм хуызы куы ауыдтой, уæд иууылдæр сæ хуыз аныхъуырдой, фыр адæргæй сæ алкæуыл дæр ризæг бахæцыд.

– Уæ телефон кусы?

– Кусы…

Лæппу мидæмæ æрбахызт, салам раттынмæ дæр нал фæцарæхст – йæхи баппæрста телефонмæ æмæ тагъд-тагъд уидзын райдыдта номыртæ. Нæ, ничи йын дзуапп дæтты…

Сылгоймæгтæ, цыма се ‘взæгтæ аныхъуырдтой, уыйау лæппумæ дзагъырдзастæй кæсынц.

Лæппуйыл дыууадæс-æртындæс азæй фылдæр нæ цыдаид, фæлæ хæсты райдайæнæй фæстæмæ иудадзыг хæцæг лæппутимæ вæййы, æмæ йын цыфæнды бахæс кæнынц, – сæххæст æй кæны. Æмæ буц у йæхицæй лæппу. Стыр лæгау уыцы барджын ныхæстæ фæкæны. Фæлæ ныр ныфссаст, фæллад æмæ æргъæвстæй лæууы телефоны цур. Дзуапп ын куы ничи радта, уæд хæтæл æппарæгау æркодта, стæй йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгом бамбæрзта æмæ хъæрæй ныккуыдта.

Зæронд ус æм хæстæг бацыд, йæ сæрыл ын йæ арм рæвдаугæ æрхаста æмæ йæ йæ риумæ балхъывта. Æрæджиау сагъæсхуызæй афтæ бакодта:

– Æ, дæ сæрылхаст фæуон… Лæппутæй та кæцыдæрыл цыдæр æрцыд, хъæбул?..

– Кæцыдæрыл!.. – схæкъуырцц та кодта лæппу æмæ æрæджиау тыххæй сфæрæзта йæ ныхас: – Авдæй… авдæй фæмард сты!..

Стæй йæхи тонæгау акодта зæронд усы къухтæй æмæ кæугæ уынгмæ ныййарц.

Сылгоймæгтæ æмкуыд ныккодтой…

# ХЪРИХЪУППЫТÆ

Уарыд мит.

Мартъийы дымгæ урс-урсид митын гæлæбуты йæ разæй айсы æмæ сæ сæрзилæнтыл фæкæны. Миты стъæлфæнтæ расгуытау куы кæрты æрдæгхус, кæлæддзаг фæткъуы бæласыл атыгуыр вæййынц, куы та дуарæхгæд къæсы ‘рдæм фæвæййынц æмæ сæхи рудзгуытыл ныццæвынц. Цыма сын уазал у, æмæ рудзгуыты æвгтыл сæ цæссыг уымæн калынц. Къæс талынг æмæ æмырæй лæууы, мæрдон æмырæй.

Дымгæ, мартъийы æрра дымгæ, æхситгæнгæ, футтытæгæнгæ къæсы алыварс зилы, архайы мидæмæ баирвæзыныл.

Фæлæ æнæхъуаджы у йæ хъиамæт…

Дуар фидар æхгæд у…

Æмæ дис кæны, дугъон бæхау æрулæфт чи нæ зоны, уыцы дымгæ: цымæ, уагæры кæдæм фæцыдысты хæдзары бинонтæ? Цæмæн у афтæ талынг æмæ æмыр ацы къæс? Кæддæр-иу дзы мидæгæй пиллон арт куы сыгъд, артæн-иу йæ сырх æвзæгтæ пецæй

æддæмæ куы лæбурдтой, дымгæйы уазал комулæфты-иу хæдзармæ æмгæрон дæр куынæ уагъта, æмæ… Чысыл лæппутæ-иу, сæ фындзтæ рудзынджы авгмæ нылхъивгæйæ, æддæмæ хъæлдзæгæй, циндзастæй куы кастысты…

Æмæ ныр кæм сты?..

Æмæ та йæ тых-йæ бонæй зилдух кæнын систа къæсы алыварс дымгæ. Хойы дуар, йæ тых фæлвары къултыл, зыр-зыр кæнынц рудзгуытæ.

Талынг къæсы базмæлыдысты дыууæ æндæрджы, цыма агурынц кæйдæр æви кæйдæрты… Æмæ иуафон сылгоймаг-мады æндæрг ныууынæргъыдта, стæй райхъуыст йæ сабыр, фæлæ тыхст хъæлæс:

– Мæхæмæт…

Дзæрæхмæт...

Хадзысмел…

Созыр…

Шамил…

Махарбег…

Хасанбег…

Кæм стут, мæ зæрдиæгтæ?..

Сиды мады уд йæ хъæбултæм, сиды сæм зæрдæскъуыдæй…

Фæлæ никæмæ хъуысы йæ сидт, дзуапп ын ничи дæтты, æгомыг у бæстæ.

Къæс дæр у талынг æмæ æгомыг, æмырдзинад ын схицау… Æмæ дымгæ æдде, йæ мард хъæбулты табæтты уæлхъус дзыназгæ мады хъæлæсæй кæугæ-ниугæ зилы талынг уынгты æмæ æхсæвы æмыры фæдисы хъæр кæны фæйнæрдæм:

– Мæхæмæт!

Дзæрæхмæт!

Хадзысмел!

Созыр!

Шамил!

Махарбег!

Хасанбег!

Мады æндæрг артдзæстмæ ныггуыбыр, фæнык азмæста æмæ фу кæны уазал æвзалытыл… Фæлæ арт нæ судзы, нæ йын комы ссудзын, æмæ уазал у къæс. Уазал æмæ æмыр талынг…

– Уадз æй, мауал фыдæбон кæн, нал дын ссудздзæн, – мады хъустыл ауад зонгæ хъæлæс… Сындæггай, тынг сындæг æмæ уæззаугай схæцыд мады æндæрг йæхиуыл. Æмæ уæд базмæлыд нæлгоймаджы æндæрг дæр æмæ йæхи бакъул кодта мады ‘рдæм.

– Уый ды дæ?..

– Æз дæн…

– Æмæ кæм сты нæ лæппутæ?

Нæлгоймаджы æндæрг ын къухæй цары ‘рдæм, уæлæмæ ацамыдта:

– Æвæццæгæн…

Стæй мады æндæргæн йæ цонгмæ бавнæлдта æмæ йыл хъавгæ ахæцыд дуары ‘рдæм. Дымгæйы бон кæмæн ницы бацис, уыцы дуар байгом йæхæдæг æмæ дыууæ æндæрджы æхсæвы тары аныгъуылдысты. Ницы уыдтой, ницы сæм хъуыст сæхи хъæлæсты йеддæмæ:

– Кæм дæ, кæм дæ?! – кæцæйдæр æрбаскъæфта дымгæ фыды хъæлæс.

– Ауылты, ауылты! – сидт æм мады хъæлæс.

Æмæ тары æнæкæрон тыгъдады размæ бырста фыды æндæрг, йæ кæрон кæмæн никуы зынд, уыцы фæндагыл.

Дымгæ чысыл фæсабырдæр, мартъийы æрра дымгæ. Æмæ хъуыст мады æрхæндæг, фæлæ хъарм, фæлмæн хъæлæсы сидт:

– Ауылты, ауылты!..

Нæлгоймаджы æндæрг йæ хъус адардта фæйнæрдæм. Фыййагдон хъуырхъуыргæнгæ тындзыдта размæ мæстджынæй, дуртыл йæ пырх калгæ.

Сагъдæй лæууæг æндæргмæ хæрз æввахсæй æрбайхъуыст:

– Ссардтон сæ, ссардтон сæ!

Фыд йæ цæстæнгас ахаста арвы тыгъдадыл, стæй акаст йæ алфамбылай æмæ бамыр. Фæндаггæрон лæууыд саударæг мад, лæууыд сæрыстыр æмæ æрхуымæй. Лæууыд дурæй конд мады æндæрг, йе тарæй хърихъуппыты хуызы кæрæдзийы фæдыл тахтысты йæ фырттæ – авд хърихъуппы, авд лæппуйы, авд уды…

# МÆЛÆТ АЛЫХУЫЗОН У

– Аргæвд æй, къуырма, аргæвд. Йæ тæригъæдмæ кæсын мæ бон нал у… Ныр къуырийы бæрц архайы йæ уд исыныл. Йæхæдæг дæр фервæз-

дзæн йæ хъизæмарæй æмæ мах дæр… – зæронд ус æддæмæ-мидæмæ кодта, мигæнæнты дзыгъал-мыгъул хъуыст.

Герга кæрты æнгуз бæласы бын сыфцæй ласт хъæдыл бадт, йæ рæмбыныкъæдзтæ йæ уæрджытæм быцæу радта æмæ йæ сæр йе стыр æрмтты ‘хсæн нылхъывта.

Бадти æмæ дзагъырдзастæй зæхмæ касти.

– Уæртæ сыхæгты лæгтæй искæмæты бадзур. Герисо сæ кæрты цыдæртæ архайы, Нане дæр сæхимæ уыдзæн – фæкæсдзысты дæм… Аргæвдут æй æмæ йæ искуы баныгæнут, кæдмæ хъуамæ удхар кæна!

Лæг уæддæр æнæфезмæлгæйæ бадти сыфцæй ласт хъæдыл. Нæ йæм хъардтой сылгоймаджы ныхæстæ.

…Скъæты фарсмæ каубыды рахиз къуымы уыд йæ бынат рагæй фæстæмæ дæр. Иууылдæр æй зыдтой, уыцы бынат æрмæстдæр уый кæй у. Кæд-иу æм искæдæй-искæдмæ дыгæрдгуытæ кæнæ фыдуаг уæнгуытæ æнæрхъуыдыйæ барæдыдысты, уæддæр-иу сæм не смæсты, йæ сыкъатæй сæ æвзидгæ дæр никуы никæмæ фæкодта, уæззаугай-иу сыл йæ сæрæй фæрсæрдæм цы ахæцыд, уый йеддæмæ.

Фæстæмæ фæкæсын, ныхмæ фæлæууын æм чи бауæндыдаид!

Æмæ ома цæваг уыд? Хылгæнаг? Нæ. Тыхджын уыд, афтæ тыхджын уыд, æмæ йын зæгъæн дæр нæй! Æнахуыр тыхджын æмæ адæймагау зондджын…

Ныр хуыссы ауухоны иунæгæй. Раздæр-иу куыд хуыссыд, афтæ нæ – йæ цыппар къахы-иу йæ быны бакодта, йæ рæсугъд уырынгтæ-уырынгтæ къæлæтгонд сыкъатæ-иу йæ бæрзæйыл сæвæрдта, афтæмæй-иу цъындцæстæй сынæр цагъта…

Ныр та адæймагау хуыссыд йæ иу фарсыл, йæ къæхтæ размæ адаргъ кодта, сæр дæр зæххыл – æдыхæппæрст…

Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу схыр-хыр кодта, йæ куынцыйас фындзыхуынчъытæй ракæлæг уæлдæф-иу ын йæ разы рыг сыстын кодта æмæ-иу, йæ цæстытыл чи ныттыгуыр, уыцы бындзытæ гуызгуызгæнгæ сæхи фæйнæрдæм айстой. Стæй-иу рыг куы æрбадти, уæд та-иу ын йæ цæссыгæй удæст уæлтъыфæлттыл фæстæмæ арæгъ-рæгъ сты…

Сылгоймаг та рахызт къæбицæй, лæгæн йæ тæккæ раз слæууыд æмæ ныр ныллæгдæр хъæлæсæй загъта:

– Уæд та мæхæдæг фæдзурон искæмæ, къуырма?..

Æмæ уæд уый дæр йæхи нал баурæдта:

– Дæ митæ кæн, – йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта, афтæмæй загъта лæг.

Сылгоймаг æнæдзургæйæ аздæхт, тыргъæй уистæй быд тæскъ райста æмæ цæхæрадонмæ бахызт.

«Ехх… Цыма мæнæн мæ зæрдæ дурæй у, æмæ йын æз нæ тæригъæд кæнын… Нæ хæдзардарæг куы уыд. Æфсондзы дæр æй ифтыгътам, уæддæр – бакастджын. Стæй æнцондард уыд. Йæ разы йын цыфæнды авæрдтаис, йæхи йыл нæ атигъ кодтаид. Æвæццæгæн, афтæ тыхджын дæр уымæн уыд…» Сылгоймаг хъæдуры дзæкъулæгтæ тыдта æмæ сæ тæскъмæ калдта. Хъæдуры сыфтæртæй чи фæхус, уыдон бур-бурид, сыгъзæринхуызæй йæ фæдджитыл, йæ дыстыл æндæгъдысты. Йæ сау дарæс æгасæй хъулон адардта.

«Ныззæронд, мæгуыр… Алцы дæр куыд зæронд кæны, куыд, йе ’рымысæг авд дæлзæхы ныххауа… Фæлæ дзидзаисæнмæ раттынæн дæр нал сбæззыдаид?.. Адæм цынæхуызон хæдмæл фос раттынц дзидзаисæнмæ, махон та… Цæмæйфæнды йæм бахат, йæхи цы фæнда, уый йеддæмæ йæм мацæмæ банхъæлмæ кæс. Цалдæр азы йын фæдзырдтон: «Куы йæ уыныс, гормон, ифтындзынæн нал бæззы, аскъæр æй æмæ йæ дзидзаисæнмæ ратт…» Куыннæ стæй – никуы мæм байхъуыста, йæ къух-иу ауыгъта кæнæ-иу йæхи фæтызмæг кодта, дæумæ, дам, нæ хауы. Æрмæст мын иу хатт, куы нал æй уагътон, уæд æрхæндæгæй афтæ бакодта: «Усай, цы дзы дæ ныхтæ ныссагътай?.. Уадз æмæ йæ зæры бонтæ дæр махимæ арвита, цы дæ хъыгдары?.. Лæппу йæ бирæ уарзта, æмæ йæ мæ зæрдæ ауæлдай кæнын нæ тæры… Уæд та…» Уас йæ мады уд схауа мæ иунæг хъæбулæн, æцæгдæр ын фосы мыггагæй уый ад ницы кодта, йæ цæст-иу æй ифтындзын дæр нæ уарзта, фæлæ йæ ныр уынгæ дæр нал кæны… Мæн та къамбец нæ, хæдзар дæр нал хъæуы. Дæлдзæх аирвæзæнт иууылдæр!»

Зæронд ус йæхи бæласы ауонмæ байста хъуыдытæгæнгæ.

«Уарзта йæ, бирæ йæ уарзта, йæ мады уд схауа…»

Æмæ йæ хъуыдытæ ахастой ивгъуыдмæ. Цыма ныртæккæ уыд уыцы хабар, афтæ йæ хъусты азæлыд сывæллоны цъæхахст:

– Гыцци, уæ гыцци! – хъæр æм кодта йæ чысыл зæрдæйы уидаг.

Йæ зæрдæ сгуыпп-гуыпп кодта, йæ цæстыты раз та сыстад уыцы æнахъинон ныв: скъæты гом дуары раз сæ чысыл лæппу Мурат дæлгоммæ хаудæй йæ тых-йæ бонæй хъæр кæны. Цæвиттон, сывæллон

скъæты дуар бакодта æмæ, фæстæмæ куыд фæзылд, афтæ йæ къах дурыл скъуырдта æмæ дæлгоммæ ахауд. Фосæй фыццаг рацæйхызт Лома, фæлæ сывæллоны зæххыл хаудæй куы федта, уæд скъæты дуары ныццæхгæрмæ, йæ фæстаг æрдæг, æддæмæ куыд рацæйхызт, афтæ скъæтæн мидæгæй баззад, фæсте йыл хъомтæ æнцайынц, æддæмæ йæ схойынц… Фæлæ уый айнæг къæдзæхау фидар лæууы, дуар æнæхъæнæй бацахста, афтæмæй сывæллоны сæрмæ йæ раззаг рахиз къах уæраджы цур къæдзæй баззад. Лæууы æртæ къахыл æмæ, йе стыр цæстытæ донæй байдзаг сты, афтæмæй кæсы сывæллонмæ. Мадæн йе уæнгтæ бадон сты, йæ ныхæй уазал хиды цæппузыртæ рахъардтой.

Куы йыл ныллæууыдаид, уæд дæ фыдгул дæр афтæ. Фæлæ, сывæллоны зæххыл хаудæй куы федта, уæд йæ къах бынмæ нал æруагъта, къæдзæй йæ дардта, афтæмæй æнхъæлмæ каст, цалынмæ исчи сывæллоны зæххæй систаид, уæдмæ…

«Цавд дур цæуылнæ фестын, мæ хъæбул, сау сыджыт мыл цæуылнæ ныккæлы! Æгомыг фос дæ куынæ рауæлдай кодта, йæ цæст дыл ныллæууын куынæ бауарзта, уæд дæ амарæг цавæр мады гуыбынæй рацыд?..»

Цæссыгтæ цæсгомы æнцъылдты афæд кодтой… Куыдта мад, йæ цæстысыгтæ нæ сæрфта, ауагъта сæ сæхи бар. Йæ былтæ змæлыдысты, фæлæ йæ ныхæстæ йæхи йеддæмæ никæмæ хъуыстысты.

Кæрты та, скъæты фарсмæ каубыды, адæймагау йæ иу фарсыл хуысгæйæ, Лома æнхъæлмæ каст удхæссæгмæ. Мæлæты ныхмæ быцæу фæлæууыны тых æм нал уыд, æмæ, йæ хъысмæтыл сразы уæвгæйæ, æнхъæлмæ каст… Йæ адзалмæ. Йæ бинонтæ æмæ йæ адæмы раз йæ хæс намысджынæй чи бафиды, ахæм адæймагау. Фæлæ удхæссæг хъазыд Ломайы удæй, гæды мыстæй куыд фæхъазы, афтæ. Уысммæ-иу йæ уæлхъус алæууыд, йæ улæфæнтæ-иу ын ахгæдта æмæ та-иу мæстæймарæгау фæтары. Уыцы рæстæг ма-иу Лома тыхулæфтгæнгæ зынæй аныхъуырдта уæлдæф, стæй-иу æй фæстæмæ зырзыргæнгæ раулæфыд, зæронд лæг ма тамакойы фæздæг куыд уæззаугай раулæфы, афтæ.

Йæ цæстытæй цы ивæзаг цæссыг хъардта, уый бындзытæ зыдæй цъырдтой. Ломайы фæстаг цæссыгтæ…

Чи зоны йын дойны дæр уыд?.. Чи зоны ма йæ йæ хицауы фырты уарзæгой хъæлæс фехъусын дæр фæндыд: «Анцай, уæйыг, анцай!..»

Чи зоны, мысыд йæ хицауы стыр æмæ дæрзæг къухты узæлд дæр. Агуырдта уыцы узæлд йæ зæрдæ, фæлæ йæ æмбæрста, йæ хицауы зæрдæ кæй ныддур, ахæмтæй йæ кæй ницыуал æндæвта.

Æмбаргæ уыд Лома, адæймагау зондджын уыд. Æмæ йын уымæн зын уыд мæлын, йæ уд исын дæр…

Куырой куыд æривад вæййы, афтæ нæмыггай фесты йæ царды бонтæ… Ссинаг фæци, фæци Ломайы цард.

Æнæнхъæлæджы Гергайæн йæ галиу уæны бын срыст, цыма дзы кард ныссагъдæуыд, ахæм судзгæ рыстæй йын срысти, зæрдæ дæр здыйау ныууæззау, бынмæ йын ивазæгау кæны йе уæхсчыты. Сыстынил архайы, фæлæ астæу йæ коммæ нал кæсы, цыма йын йе уæнгты сыфцæй ласт хъæдмæ бæтгæ бачындæуыд.

«Ай мыл цы фыд æрцыд?!» – йæ бæрзæй каубыды ‘рдæм азылын, æмæ Ломамæ нымдзаст. Къамбецæн йæ тæнтæ мидæмæ бахаудтой æмæ уæрмгондæй аззадысты, фæрсчытæ хъилæй зындысты, æмæ ма цармыл цы иугай хъуыны муртæ аззад, уыдон арц слæууыдысты.

«Æй, дæ мад амæла, Лома! – зæрдæбынæй ныууынæргъыдта Герга æмæ та афæлвæрдта йæхиуыл схæцын. Тыххæйты йын бантыст сыфцæй ласт хъæдæй сыстын, æмæ гуыбыр-гуыбыр йæхи байста къамбецы ‘рдæм. Йæ разы æрзоныгыл кодта æмæ йын йæ дæрзæг арм йæ сæрыл рæвдаугæ æрхаста:

«Иучысыл ма багæдзæ кодтаис, мæ иузæрдион цæдисæмбал, хæрз чысыл… Уырдыгæй ничима æрыздæхт, фæлæ хъуамæ нæхи истæмæйты сайæм, уæдæ куыд – цынæ вæййы, чи зоны, искуыцæй фæзына, нæ цæстытæ æнхъæлмæ кæсынæй кæмæ ныуурс сты, уыцы зараг лæппу – мæ зынгхуыст фырт, дæ иузæрдион хæлар… Уæдæ афтæ æнцонæй сисæм нæ къух нæ цардыл, алцæуыл дæр?.. Ау, уæдæ æцæг бæсты сæфт æрцыд, мæ хæдзарæй зарæджы хъæр никуыуал айхъуысдзæн?!»

Йæ сæрыл уæззаугай схæцыд Герга æмæ хæрдмæ, арвмæ, скаст. Æвæджиауы рухсæй цъæх нæ, фæлæ урс-урсидæй æрттывта уæларвон тыгъдад. Уыцы тæмæн рухс ын йæ цæстытæ фæриссын кодта, æмæ уæлтъыфæлттæ сæхи бынмæ æруагътой…

Æмæ йæм цыма дардæй, тынг дард кæцæйдæр дымгæ зонгæ зарæджы зæлтæ æрбаскъæфта. Герга йæ цæстытæ кæронмæ бацъынд кодта

æмæ зæрдиагæй ныхъхъуыста зарæгмæ. Хъусты зæлыд уыцы зонгæ, уыцы зынаргъ æмæ зæлланг хъæлæс: «Ой, ой, уæдæ, анцай, Лома, анцай, дæ низтæ…»

Ногкарст хосæй цъуппамад уæрдон хъинцгæнгæ тылд хъæумæ фæндагыл. Æфсондзы уæлæ бадт гомриу хурмæсыгъд æлвæст лæппу æмæ йæ зæлланг хъæлæсæй зарыд: «Ой, уæдæ, Лома, мадæр мын хурæй тæрс, мадæр мын къæвдайæ фæтæрс…»

Тынгæй-тынгдæр кодта зарæджы хъæр æмæ зæлгæ цыдис фæйнæрдæм. Стæй, цыма арв ныннæрыд кæнæ бæстæ уæлгоммæ сфæлдæхти…

Ферттывта-иу арв, цыма-иу æцæгæй ферттывта, стæй та-иу фæталынг. Хъустæ къуырма кодтой цавæрдæр зæрдæуынгæггæнæн гуыргуырæй.

Æрæгмæ æрæмбæрста Герга йæхи. Йæ цæстытæ байгом кодта. Бæстæ уыд сабыр, хур арвы цъæх тыгъдады йæ цыды хай кодта. Цыма хур дæр, зæххыл цы тæригъæдтæ цыд, уыдоныл йæ къух ауыгъта, – цард æмæ мæлæт æфсымæртæ сты, зæгъгæ, æмæ æнгуз бæласы бæзджын æмæ фæтæн сыфтæрты 'хсæнты йæ тынтæ æруагъта каубыдмæ, узæлæгау кодта удисæг къамбецыл…

Æмæ Лома дæр, цымæ ма хуры тынты ныдзæвд бакъардта – цыма йæ базмæлын бафæндыд кæнæ йæ цæстытæ байгом кæнын… Фæлæ йæ бон базмæлын дæр нал бацис æмæ йæ цæстытæ байгом кæнын дæр. Æрмæст ма иу зын улæфт ныккодта æмæ та йæ разы рыг сыстад.

Герга уыдта, куыд сусæгæй кодта мæлæт йæ куыст, фæлæ куыд зынтæй састи цард. Æмæ йыл цыма уæлейæ æнæуынгæ цыдæр æруæз кодта – йæ сæр бынмæ æруагъта æмæ йæ ных Ломайы ныхмæ нылхъывта.

«Дæлæмæ æрхауай, цы Хуыцау дæ, мæ бæсты мын мæ иунæг бындары бахызтаис уыцы нæмгуыты ихуардæй…»

Фæлæ Гергайæн йæхи йеддæмæ никæмæ фехъуыст йæ зæрдæйы уынæргъын…

*КАЛМАНТЫ Этэри*

# ИЗÆРМИЛТЫ НЫМД ЗÆГЪИНÆГТÆ

*Новеллæ*

Сæрдыгон изæр уæлдай рæсугъд вæййы, хур ныгуылынмæ куы фæхъавы æмæ ма йæ тынтæ арвы кæрæттыл фæстаг ивæзт куы акæны, уыцы рæстæг. Цымæ ма адæймаг фынæй афон йæ фæллад уæнгтæ фæлварæн змæлд бакæны, раст уый хуызæн.

Иу ахæм изæр, къаннæг хъæды астæу бæлæстæ æмæ къудзиты ʻхсæн чи æрæмбæхст, уыцы цъæх æрдузы кæрон сатæджы бадтысты дыууæ æрыгон уды…

Сæ сусæг ныхас сыфтæрты уынæр æмæ Терчы хъæрæй хъуысгæ дæр нæ кæны. Фæлæ се уæнгты змæлдæй дæр бæрæг у, цыдæр хъæлдзæг ныхас сын кæй бацайдагъ. Хур сæм йæ фæстаг тынтæ куы ныццарæзта, уæд чызг лæппуйы ауон амбæхст, æмæ та сæ хъæлдзæг худын райхъуыст…

– Ссс… Исчи нæ куы фехъуса, уæд додой нæ къона кæны, – чызгæн фескъуыд йæ худын.

– Цæй, цæмæй тæрсыс, ам нæ ничи фендзæн, – ныфс æвæрæгау ын загъта лæппу.

– Бауырныдта мæ! Айразмæ нæ куыд ничи федта, афтæ, нæ? – тæргайхуызæй загъта чызг.

– Кæсæд-ма йæм исчи, кæсæд! Мацы дæ ферох уæд, – ныххудт лæппу æмæ чызджы къухтæ йæ риумæ æнгом балхъывта.

Чызг йæхи фæгæмæл кодта æмæ, лæппуйæ дарддæр абадгæйæ, загъта, хæдзармæ цæуын афон ын кæй у. Æмæ йæ мидбылхудт баивта æнкъард цæстæнгасæй.

– Уæууа, дæ хорзæхæй, цæмæй фæтарстæ? Ма тæрс.

– Нæ тæрсын…

– Уæдæ ма ноджы фалдæр абадтаис, «нæ тæрсын»-ы хицау.

– Ма мыл бустæ кæн. Æнæуи дæр мын зын у. Ам нæ исчи куы фена, уæд мæ цæрæнбонтæм дæр хæдзары къæсæрæй рахизын нал бауадздзысты.

– Уанцон нæу! – худт лæппу. – Афтæ куы уа, уæд дæм æз иу тар æхсæв скъæфынмæ фæзындзынæн. Æндæр гæнæн нал уыдзæн...

– Ха-ха-ха, цы худæг у, – хъыгзæрдæйæ загъта чызг.

– Æмæ æз дæр худыны зæрдыл куынæ дæн, æцæг дын зæгъын. Афон нын нæу æви?..

– Нæу. Нæ ахуыр уал фæуæм æмæ стæй аныхас кæндзыстæм.

Лæппу фæныфсджындæр æмæ та чызгмæ хæстæгдæр бабадт.

– Ма тæрс. Нал дын æвналын дæ къухтæм дæр. Фæлæ... дымгæйы уынæрæй мæм хорз нæ хъуысынц дæ ныхæстæ. Зæгъын... Кæд аныхас кæндзыстæм бæстондæр? – лæппу йæ мидбылты хинæйдзаг худт бакодта.

– Ахуыр куы фæуæм, уæд. Кæй мæ рацахстай мæ ныхасыл!..

– Нæ зонын, уæдæ ма цы бакæнон: «мæ къухмæ мын ма бавнал...», «нæ иумæйаг фидæныл дзурынæн нырма раджы у...» Хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма мæ æппындæр нæ уарзыс.

Уыцы ныхасмæ чызг йæхимидæг рахсыст. Бафæндыд æй бирæ цыдæртæ зæгъын, фæлæ сæм æнæнхъæлæджы фæндагæй æрбайхъуыст цавæрдæр уынæр, æмæ цæрдæг фестадысты сæ дыууæ дæр. Сæхи Терчы былмæ айстой.

– Нæ дын дзырдтон, рæстæгыл ацæуæм, – чызг сбустæ кодта лæппуйыл.

– Ма тæрс, – сабыр æй кодта уый. – Ныртæккæ хъæдрæбынты суайдзыстæм, æмæ нæ ничи фендзæн.

Лæппу чызджы къухыл ныххæцыд, афтæмæй згъорæгау кодтой цæугæдоны иувæрсты. Чызг æрдæбоны уынæрæй афтæ тынг фæтарст, æмæ фыр адæргæй хатгæ дæр нал фæкодта, лæппу йын йæ цонгыл хæцы, уый. Лæппу дæр йæхиуыл фервæссыд, фæныфсджындæр æмæ чызджы къух йæ армы дзыхъхъы хъæддыхдæр балхъывта. Чызг йæ фæстæ уад фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæ. Уæдмæ бахæццæ сты фæндагмæ дæр. Æрлæууыдысты. Ам хъуамæ фæхицæн уыдаиккой, уымæн æмæ чызджы хæдзармæ хæрз æввахс уыдысты. Лæппу сонт каст ныккодта чызджы цæстытæм:

– Уæддæр дын дæ дзуапп нæ фехъуыстон...

Чызгæн æнæуи дæр тас æмæ тагъд згъорынæй йæ зæрдæ йе 'нкъуысынæй нал лæууыд, ныр æм, лæппуйы ныхас фехъусгæйæ, афтæ фæкаст, цымæ ныртæккæ риуæй æддæмæ рагæпп кæндзæн. Лæппу йæ сæрибар къухæй хъавгæ бавнæлдта чызджы дзыккумæ æмæ йæм лæгъстиаг хъæлæсы уагæй сдзырдта:

– Дыууæ азы дæргъы мын иу хатт уæддæр раргом кодтаис дæ хъуыды, дæ зæрдæйы фæндон.

Чызг та йæхимидæг стыхст, фæлæ ацархайдта лæппуйы ма фæхъыг кæнынил. Йæ зæрдæйы фæндон ын раргом кодтаид, уыйбæрц уæндон-дзинад æм уæддæр нæ разынд, æмæ ризгæ хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Оу, мæнæ мыл… омæ уæдæ демæ тæрсгæ-ризгæйæ куы фæбадын кæнæ фæтезгъо кæнын, уæд дæм афтæ фæкæсы, ницы куыст мын вæййы, æмæ рæстæгсафæн фæкæнын?..

Чызг йæхицæй ахæм дзуапп раттын æнхъæл дæр нæ уыд æмæ аджих. Æфсæрмхуызæй йæ цæстытæ бынмæ æруагъта, уадултæ дæр асырх сты… Лæппуйæн фыр цинæй йæ зæрдæ уæрыккау скафыд, фæлæ бацархайдта йæ цин чызгæй амбæхсынил. Ницыуал дзырд-той. Дзуринæгтæ сæм уыд, фæлæ сæ нымд зæгъинæгты бакодтой сæ уарзæгой зæрдæты бар. Æмæ сын уыдон дæр æгомыгæй хъуыстой сæ сусæг ныхасмæ.

Хатгæ дæр нæ фæкодтой, куыд сыл æрталынг, уый. Лæппу чыз-джы къухтæ йæ риумæ балхъывта, афтæмæй йын æдзынæг каст йæ



цæстытæм. Чызг уæддæр ницы дзуры. Лæппуйы уæнгтæ цавæрдæр дыдзы ныфсæй ризæгау кодтой, нал урæдта йæхи, фæндыд æй, чызджы æрбалваса йæ риумæ, æрбахъæбыс æй кæна, фæлæ йын чызджы артуадзæг, фæлæ тызмæг цæстытæ нæ дæттынц ахæм бар. Æмæ лæууынц афтæмæй, дыууæ бæрзы талайау сæхи кæрæдзимæ ивазгæйæ. Æдзынæгæй, æгомыгæй. Фезмæлын нæ уæндынц. Лæппу тæрсы, чызг ын куы алидза, уымæй, чызг – куы йæм фæхæрам уа, йæ зæрдæ йын куы фæриссын кæна.

Рацыд ма цалдæр уысмы.

– Уарзын дæ, – æппынфæстаг мынæг хъæлæсæй загъта чызг.

– Уый дæ æз уарзын, æнæкæрон уарзтæй дæ уарзын! – талынджы ивылæнтæ кодта лæппуйы цин.

– Æцæг? – нымдæй бахудти чызг.

– Æцæг! – фæндфидарæй загъта лæппу.

Рацыд ма иу афæдз, фæлæ-иу сæ алы фембæлд дæр ахицæн ахæм ныхæстæй: «нæ зонын, уæдæ ма цы бакæнон…», «мæ къухмæ мын ма бавнал…», «нæ иумæйаг фидæныл дзурынæн нырма раджы у…» ...Цалынмæ сæ амонд нæ баиу кодтой, æмæ сын хъæубæстæ сæ фæрныг чындзæхсæвы сæхи кафынæй дзæбæх нæ федтой, уæдмæ.

ХУЫГАТЫ Сергей

# МАЛИТЫ ВАСО

*Мысинæгтæ*

Скъолайы ма куы ахуыр кодта йæ райгуырæн Мостыздæхы, уæд ыл зынын байдыдта, курдиатджын кæй у, стæй, йæ курдиатæн алырдæм ассæндæнтæ кæй ис, уый: æнцонæй кодта математикæйы æппæты зындæр хынцинæгтæ, уарзта истори, литературæ. Уæдæ-иу хъазгæхъазын цы нывтæ акодта, уыдоныл æмбырдтæ кодтой скъоладзаутæ. Æмæ ахуыргæнджытæ ныххатыдысты Васойы мад Зæрæдамæ, цæмæй лæппуйы, нывгæнæгыл кæм ахуыр кæнынц, уыцы скъоламæ ратта. Бацыди Васо педучилищейы нывкæнынады хайадмæ. Ацахуыр дзы кодта цалдæр мæйы, ахуыргæнджытæ дзы кæрæдзийæн æппæлын байдыдтой, стæй фæстæмæ хъæуы балæууыд – æгæр сонт ма уыди, æвæццæгæн, цæмæй хъæуæй фæхицæн уыдаид, уымæн. Фæстæдæр пединституты куы ахуыр кодта, уæд драмкъорды Шекспиры Отеллойы ролы куыд диссаджы хъазт акодта, уый нырма дæр фæдзурынц, спектакль чи федта, уыдон. Æнæуи дæр Шекспиры бирæ уарзта; æвæццæгæн, дунейы фысджытæй уымæй æввахсдæр никæй иста йæ зæрдæмæ. Арæх-иу дзырдта хъæрæй: «И где-то там на самом заднем плане – кусочек совести, и то, – завернутый в обмане». Уæдæ-иу фынгыл йæ парахат зæрдæ куы бахъæлдзæг и, уæд-иу цы аритæ ныззарыд æмæ-иу цы хъæлæс равдыста, уый та!

Нæ, Васойы хуызæн алцæмæй æххæст лæппутæ арæх нæ райгуыры нæ хæхты бын.

Фысгæ кодта Васо æнæрхæцгæйæ. Йæ хæдфысгæ ручкæ куыд æййæфта, афтæ фыста – йæ фыст фæуромa æмæ рахъуыды-бахъуыды байдайа, уый йæм нæ уыд. Æвæццæгæн-иу цалынмæ не 'рбадт йæ фыссинагыл, уæдмæ-иу æй фаг фæрабар-бабар кодта æмæ-иу стæй куы райдыдта фыссын, уæд ын йæ фарсмæ гуымсæг куы хостаис, уæддæр æй нæ хъыгдардтаис. Стæй, бирæтæ ног æмæ ног куыд аздæхынц, цы ныффыстой, уымæ æмæ йæ ног æмæ ног куыд сисынц рафæлдах-бафæлдах кæнын, ахæм митæ дæр нæ кодта: цы фыста, уый ныффыста, куыд æй ныффыста, афтæ йæ ныффыста, æмæ – фæци. Йæхæдæг мын куыд дзырдта, афтæмæй йæ пьесæ «Калм æмæ хъисфæндыр» нымадæй æртæ-цыппар изæрмæ ныффыста. Стæй йæ театрæн нæ ныффыста,

телеуынæнæн æй ныффыста. Афтæмæй дзы цы дзæбæх спектакль рауади!

Фысгæ кодта, куы йæ фæндыди, уæд. Бирæтау йæхицæн хæстæ нæ кодта – гъеуæдмæ уый æмæ уый ныффыссон æмæ сæ уым æмæ уым рауадзон. Абоны хуызæн мæ зæрдыл лæууы: йæ роман «Сурмейы хæдзар» мæскуыйаг чиныгуадзæн – мæнмæ гæсгæ, «Советский писатель» – цæттæ кодта уадзынмæ. Æрмæст ма йæм гыццыл кæмдæрты февналын хъуыди. Æрæрвыстой Васомæ. Уый йæ хъустыл ницы схæцыд. Уæд æрцыди редактор, цæмæй ам иумæ тагъд акусой къухфыстыл. Йæ мыггаг дæр бахъуыды кодтон редакторæн – Серганова. Васо мæн дæр фембал кодта – уалæ йæ Редантмæ ахуыдтам. Фынг æрæвæрдтам, уæдæ цы уыдаид! Æмæ уым Васо иттæг зæрдиагæй куы ныххатид редактормæ, цæмæй йын йæ роман уыцы азы пъланæй сисын кодтаид. Ныртæккæ йæм кусын нæ цæуы, æмæ куыд хъуамæ æрбада афтæмæй романы истытæ раив-баив кæнынысл! Редакторы цæстытæ йæм хъоппæгæй баззадысты. Æвæццæгæн, ахæм авторыл никуыма сæмбæлди. Æндæр исчи куы уыдаид, уæд йæ романæй йе ‘рдæг дæр ахауын кодтаид, æрмæст ын Мæскуыйы рацæуæд, уый йеддæмæ.

Уыцы хъуыддæгтæ дæр йæ курдиатыл дзурæг уыдысты Васойæн.

Фысджыты цæдисы сæрдарæй йæ куы равзæрстам, уæд мæн Республикæйы пълангæнæн оргæнтæм снысан кодта минæварæй. Æмæ æз хорз уыдтон, Васо куыд зæрдæбынæй æрæвнæлдта Фысджыты цæдисы куыстытæм, куыд бирæ цыдæртæ арæзта æмæ ноджы куыд бирæ цыдæртæ аразинаг уыд. Фæлæ йæ нæ бауагътой кусын. Æдзæстуарзонтæ йыл хахуыр ныхæстæ кæнын байдыдтой. Æмæ ма цы зæрдæйæ куыстаид?! Сыстад æмæ ацыди.

Университет каст нæ фæци. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй. Ахуыр кодта, Къостайы стипенди иста. Фæстаг курсы уыд, уæд æм «Рæстдзинад»-ы редактор Хъаныхъуаты Валодя бадзырдта: «Мæнæ дын бынат, рацу æмæ кус».

Уæд, Рæстдзинад»-ы кусай, уый кад æмæ рады хъуыддаг уыд.

Васо батыхсти:

– Æмæ диплом куынæ райсон, уæд куыд уыдзæни?

– Æмæ дæ цæмæн бахъуыд диплом?

Райдыдта кусын, фæлæ йæ рæхджы æфсадмæ акодтой. Уым дæр

бирæ нæ бафæстиат. Йæ зæрдæйы куыст нывыл нæ уыди, æмæ йæ службæйæ суæгъд кодтой. Æфсадæй куы æрцыд, уæд телеуынæны райдыдта кусын. Уырдыгæй ацыди Мæскуымæ, Литературон институты цы уæлдæр литературон курсытæ уыд, уырдæм. Уым райдыдта фыссын йæ роман «Сурмейы хæдзар». Курсытæй куы æрыздæхт, уæд æй бахуыдтой кусынмæ чиныгуадзæн «Ир»-мæ, литературон редакцийы хицауæй. Уæд Васойы хъæппæрисæй æз дæр райдыдтон уым кусын, чиныгуадзæны.

Уæд нæ Мæскуымæ арвыстой, квалификаци кæй хуыдтой, уый уæлдæргæнæн курсытæм – советон цардарæзты цæуыл нæ тыхстысты æмæ цæмæ нæ дардтой сæ хъус! Бон-изæрмæ нын лекцитæ кастысты, æмæ дзы пайдайы лекцитæ дæр куыд нæ уыди! Фæлæ нын техникæйы тыххæй æгæр бирæ дзырдтой – типографийы мыхуыргæнæн станоктæй чи кæцы бæстæйы фæзынд, чи йæ æрхъуыды кодта, махмæ, Уæрæсемæ, кæд æрбахауд – ахæм лекциты бадын æппындæр нæ фæрæзта Васо. Æмæ-иу мæм æрбадзырдта:

– Лидзгæ, лидзгæ!

Азтæй мæнæй кæстæр уыд, фæлæ раздзог уый уыди, канд уым нæ æмæ уæд нæ – алы ран дæр, алы хатт дæр; æнæуи дæр абырсынарæзт уыд алы хатт дæр – цыма йын, кæм уыди, уым цыдæр нæ фаг кодта: æндæр ран, æндæр æхсæн, æндæр цыдæр!

Уыди ма дзы уый дæр, æмæ сындæг цæуын нæ зыдта – хъуамæ бæрзонд схæцыдаид йæхиуыл, йæ риу размæ ныццарæзтаид æмæ санчъех санчъехы мауал æййæфтаид. Иурайсом, Цæгат Кавказæй нæм чи уыди уыцы курсыты, уыдон сæхи немæ фæцæуæг кодтой, æвæццæгæн, ома иуæрдыгон стæм æмæ иумæ цæуæм. Фæлæ уыцы иу цыд бафæрæзтой немæ – нæ нæ æййæфтой. Æмæ йæ æргом загътой, куы базонгæ стæм, уæд:

– Хатыр! Мах сымахимæ нæ фæцæудзыстæм – нæ уæ æййафæм.

Æмæ-иу, Васойæн йæхи загъдау, куы феддæбыл стæм, уæд-иу арауай-бауай кодтам Мæскуыйы уынгты. Æмæ та-иу Литинституты æмдзæрæнмæ ахастам нæ изæр. Уайтагъд-иу Лермонтовы уынджы æмдзæрæны раз баурæдтам не ‘ххуырсгæ машинæ. Æмдзæрæны агъуыст нын æнæзонгæ нæ уыд. Æз дзы иу бон кусгæ дæр бакодтон. Бахатысты нæм, арæзтады фæлхæрæй йæ расыгъдæг кæнын хъæуы, зæгъгæ, æмæ ацыдыстæм æнæхъæн курсæй. Мах цæргæ

уæд Переделкинойы станцæмæ хæстæг уыцы хъæды кодтам, стыр хъæдын хæдзæртты. Уыдон раздæр фысджыты дачæтæ уыдысты, стæй сæ Фысджыты цæдис балхæдта институтæн. Æмæ сæ æмдзæрæнтæ саразтой.

Уæд институты дзæвгарæй уыдысты Ирыстонæй: Агънаты Гæстæн, Кокайты Тотрадз, Хаджеты Таймураз, Бырнацты Сергей. Чызджытæ та дзы иу-æхсæзæй ахуыр кодтой. Арвыстой сæ тæлмацгæнджыты хайадмæ, нæхи тæлмацгæнджытæ нын куыд уа. Арацахуыр-бацахуыр кодтой уым, стæй чындзы апæррæстытæ кодтой уырдыгæй, далæ дзы арабты бæстæм дæр афтыд чидæр, уым чи ахуыр кодта, ахæм студентимæ. Уым-иу фынг бацæттæ кодтой, æмæ-иу бадтыстæм фынгыл: чи заргæ кодта, чи – кафгæ. Æхсæв дæр-иу уым баззадыстæм – афтæ дæр-иу уыди.

Уæды онг ын ницæмæй тарстæн, æнæуи йæ зыдтон, йæ зæрдæ йæ зæрдæйы фæндиаг змæлын нæ уагъта. Фæлæ йын тæрсгæ нæ кодтон, афтæ мæм зынди, цыма, Васойы хуызæн сæрæнгаст парахатзæрдæ лæджы йæ зæрдæ куы хъыгдара, уæддæр ницы кæны. Фæлæ уыцы æхсæв…

Цы къаннæг уаты цардыстæм, уый мыл цыма ныккæлынмæ хъавыд, афтæ дзы тыхсын байдыдтон, райхъал уон, уый дæр мын нал æнтыст. Æмæ цыма æххæст нæ райхъал дæн, афтæмæй уыдтон – мидæгæй рухс нæ сыгъд, фæлæ, рудзынгæй цы рухс цыд, уымæ уыдтон: Васо лæууы йæ сынтæджы раз гуыбырæй: йæ къæхтæ фæйнæрдæм арæзт, йæ цæнгтæ уырдыгмæ уагъд, афтæмæй уæззау улæфыд, æмæ афтæ уæззауæй хъуысти йæ улæфыны хъæр. Йæ цæнгтæ фæйнæрдæм тылдта, куыд сæ æрдаргъ кодта, афтæмæй. Иуæрдæм сæ куы тылдта, уæд мидæмæ улæфыд, иннæрдæм сæ куы тылдта, уæд – æддæмæ. Æддæмæ куы улæфыд, уæд афтæ тынг нæ хъуысти йæ улæфт, фæлæ йын йæ мидæмæ улæфтмæ хъусын нæ фæрæзтон æмæ-иу æз дæр йемæ улæфын байдыдтон.

Уæд ын фæтарстæн æмæ йæм арæхдæр кæсын байдыдтон, йæхæдæг мæ куыннæ æрхатыдтаид, афтæ – фæндыди мæ Васомæ кæсын.

Иубон нæ Останкиномæ акодтой экскурсийы, цæмæй фенæм уыцы номдзыд телемæсыг, базонæм ын йæ диссæгтæ æмæ йæ гæнæнтæ. Йæ бæрзонд 540 метры у уыцы мæсыгæн, дунейы мидæг, дам, дыккаг бынат ахсы йæ бæрзæндмæ гæсгæ æви æртыккаг бынат. Лифт нæ

сласта, кæй онг цыди, уый онг. Æмæ нын экскурсигæнæг, æмбисонды рæсугъд чызг, дзурын байдыдта, мæсыг куыд арæзт у, чи йæ арæзта, уыдæтты тыххæй. Васо ам дæр йæхи фæраззагон кодта æгас курсæй, дзуры чызгмæ, фæхуд-фæхуд кæны, афтæмæй:

– А если я хочу еще выше подняться?

Чызг, æвæццæгæн, цæттæ уыд ахæм фæрстытæм. Бахудти Васомæ.

– Наймитесь у нас верхолазом. И вы будете иметь возможность подниматься на самую верхушку башни.

– Нет, нет, через… – æвæццæгæн, афтæ зæгъынмæ хъавыди Васо, ома æддæты нæ зæгъын, фæлæ йæ чызг дзурын нал бауагъта:

– Через отдел кадров.

Худтыстæм иууылдæр. Васо дæр худти, чызг дæр худти.

Стæй, «Седьмое небо» кæй хонынц, уырдæм бацыдыстæм. Æмбисонды дзæбæх ресторан, уалæ 334 метры бæрзондыл зилгæ ресторан, сахатмæ иу зылд æркæны. Уыцы бæрзондæй куыд нæ зындаид Мæскуы! Кæс æмæ кæс, ресторан куыд зилы, афтæ рудзынгæй! Сахат фæбад фынгыл, сахат фæкæс, стæй дæ хæрдзтæ бафид æмæ – фæндараст!

Сахат цас зилинаг уыди уыцы дзæбæх фынгыл, æмæ мæм Васо æрбакæс-æрбакæс кæнын байдыдта. Стæй мæм дзуры:

– Æмæ ныр кæдæм тагъд кæнæм? Уæдæ ‘мæ ма дзы иу зылд æркæнæм. Иу зылд цы у махæн!

Æмæ ма дзы æркодтам иу зылд ноджыдæр.

Нæ ахуыры бонтæ кæронмæ цыдысты, дзыппытæ та бонтæй раздæр фесты афтид кæнынмæ. Нæ рацыдæй дыууæ-æртæ боны раздæр нæм хонæг фæци – уырдыгон ирæттæ чындзæхсæв кодтой.

Васо базмæлыд.

– Уым бирæ ирæттæ уаид, ардыгон ирæттæ. Хорз уаид!

– Хорз уаид, – загътон æз дæр. – Фæлæ нæ уым мысайнæгтæ æвæрын хъæуы, æмæ мах кæд нæ билеттæ æрæвæрæм.

Васойæн мæ ныхас хъыг уыди, иу арф улæфт ныккодта. Дзургæ ницыуал скодта.

Цы бон цыдыстæм, уыцы бон ныл ме ‘мбал, литинституты кæимæ ахуыр кодтон, уый æрбамбæлди. Цæвиттон, уый уым баззади, Мæскуыйы, æвæццæгæн ыл фæхæцæг фæци, æмæ Уæрæсейы Мыхуыры комитеты сæрдарæн æххуысгæнæджы куыстмæ бахауд. Разы уыди

йæ куыстæй дæр æмæ йæ царды уавæртæй дæр тынг. Цæугæ кæнæм, уый куы базыдта, уæд нын ныфс куы бавæрид: æрцæуздзæн вагзалмæ. Æмæ æрцыди.

Рестораммæ нын цы нæ бауайгæ уыди. Фыццаг тагъд бæргæ кодтам, фæлæ, куыд фылдæр бадтыстæм, афтæ сабырдæр кодтам. Абон дæр фæхъуыды кæнын: кæд ме ‘мбал йæ дзыпмæ нывнæлдта, уый йеддæмæ уыйбæрц куыд бадтыстæм рестораны, цæмæй дзы бадтыстæм? Цæуын нæ хъæуы, уый хъуыды кæмдæр фæсте баззади. Нæ, цæуын нæ хъæуы, уый нæ змæлгæ кодта, фæлæ, сыстæм нæ фынгæй, уый нæм нæ цыд. Æмæ бадтыстæм. Иуафон нæ алыварс бадджытæй чидæр поезды кой скодта – йе «æрбацыди», загъта, поезд, йе «ацыди», æмæ нæ уыцы ныхас цыма хъал ракодта. Схæцыдыстæм нæхиуыл. Вагæттæм схизæн асинтæ æрæхгæдтой, вагонгæстæ сæ гыццыл сырх тырысатæ ныхъхъил кодтой, афтæ бахæццæ стæм нæ вагонмæ. Дыккаг бон аходæн афонæй ахызт, куы райхъал стæм, уæд. Васо мæм фæхудфæхудгæнгæ æрбакæс-æрбакæс кодта. Фæсмонтæ-йедтæн æм сæ кой дæр нæ уыд. Стæй æнæуи дæр фæсмон кæнын нæ уыди йæ хъуыдыйы. Не ‘мбæлттæй-иу иуæй-иутæн, куыд фæзæгъынц, сæ фæсмон дугъон бæх дæр нал æййæфта – уырдæм ма цæмæн цыдыстæм, уым ма цæмæн абадтыстæм! Васо-иу æнæмæт бахуд-бахуд кодта йæ тымбыл цæсгомæй, цыма цин кодта, хъуыддæгтæ афтæ кæй рауадысты, ууыл.

Стыр сихор кæй хонынц, уымæй ахызт, афтæ рестораны хæринаггæнæг нæ уæлхъус æрбалæууыд, радгай нæм фæкасти, стæй нæ бафарста – нæ дыууæйы дæр иумæ бафарста:

– Æмæ уæм æппындæр ницыуал аззади? Æппын, æппын?

Æз мæ къухтыл æвæрæз лæджы хæст акодтон фæйнæрдæм.

Васо бахудти:

– Æмæ ма Мæскуыйæ Дзæуджыхъæумæ æхца чи хæссы?!

– Уæдæ-ма сфæлдахут уæ дзыппытæ.

Мах ацагуырдтам. Цалдæр æнцъылдтытæ сомы ма ссардтам, худгæ сæ бадардтам лæппумæ.

Уый сæ айста æмæ загъта:

– Цомут, карчы сгуытæ уын сæвæрдзынæн, картофы пюре уæ цас хъæуы, уыйбæрц.

Мæнæн, Коцойты Арсен цы Леуаны кой кодта йæ радзырды, уый

мæ зæрдыл æрлæууыд. Уый дæр-иу Калачы хуыздæр цæлгæнæнтæ агуырдта йæ цæлуарзаг æмбæлттимæ, стæй-иу, фæстæмæ цæугæйæ, æртыккаг къласы вагоны дæр абадти, куыд ничи йæ федтаид, афтæ. Махмæ дæр, дæлæмæ цæугæйæ, бакæс! Васо сæн уарзта. Сыгъдæг сæнæфсиры сæн, æмæ, иу-цалдæр хасты цы дзæкъултæ скæнай дæ дыууæ къухы, уыйбæрц сæфтауц кодтам нæ купемæ сæн. Стæй, уым дæлæмæ цæугæйæ, æвæццæгæн, нæ рæзты бирæ ничи ахызт, мах кæй нæ фездæхтам, ахæмтæ. Æмæ нæ рестораны лæппу дæр æнæ фенгæ нæ фæци, уый дæр махимæ цыди дæлæмæ дæр. Æмæ нæ дзæбæх бахъуыды кодта, æвæццæгæн.

Васо, куыд фыссæг, афтæ хæдбындур кæй уыд, ууыл, æвæццæгæн, ничи фæгуырысхо, йæ фыстытæй йын иу исты чи бакастаид, уыдонæй дæр, фæлæ хъуыддаг уый мидæг уыд, æмæ уыцы хæдбындур зынди йæ алы мийы, суанг йæ алы ныхасы дæр, цыфæнды гыццыл хъазæн ныхас куы уыдаид, уæд дæр.

Уæд æртæйæ – Уалыты Лаврент, æз æмæ Васо – ацыдыстæм горæтæй, нæхи аирхæфсæм, бадгæ дæр акæнæм искуы, зæгъгæ. Иу ран фæндагæй хæхты ‘рдæм азылдыстæм æмæ иу дзæбæх сыгъдæг ранмæ бахаудыстæм, сыгъдæг æмæ æфснайд ранмæ. Лаврент машинæйæ рахызт, æз, дам, бынат ацагурон. Мах дарддæр фæцæуæм. Æмæ дын уым нæ размæ иу лæг разгъордта, йæ лæдзæг ахъаззаджы тылд кæны, афтæмæй. Мах æрлæууыдыстæм. Лæг нæм багуыбыр, загъд систа:

– Кæдæм æрбасхъæл стут?! Ардæм алкæмæн цæуыны бар нæй, уый нæ зонут?!

Уый фæстæ-иу хъуыды кодтон мæхицæн мæхимидæг: зæгъæм, Васо нæ, фæлæ мæн бахъуыди дзурын уыцы лæгимæ, уæд цытæ дзырдтаин? Æмæ-иу уыцы хъуыдымæ æрцыдтæн: хатыр ракуырдтаин лæгæй æмæ мæ фæд-мæ фæд раздæхтаин. Васо сæрæн кæстытæ бакодта лæгмæ, афтæмæй йæм дзæбæх бакæс, уæд йæ былты кæрæтты зынди – æцæг нæ дзуры, хъазгæ кæны. Æмæ дзуры лæгмæ Васо:

– Æмæ махмæ цы лæбурыс? Далæ нæ чи æрбакодта, уымæ дзур!

– Æмæ уæ чи æрбакодта?! – йæ зæрдæ цыма цæмæдæр фæкъæпп кодта лæгæн, афтæ йыл зынд.

– Парламенты сæрдар, æндæр чи!

– Æмæ йæхæдæг кæм и?

– Далæ, нæ уыныс?

Лæг акасти, Васо йын кæдæм ацамыдта, уырдæм. Æмæ дын уым Лаврент уыцы хъуыддаджы цыд æрбакæны – куыд цæуы, афтæ йæ даргъ сæрыхилтæ уыцы урс-урсидæй фест-фæбадт кæнынц сæрыл. Парламенты сæрдары хуызæн нæ уыди, фæлæ уыцы хъæуuон лæг, парламенты сæрдар цыхуызæн хъуамæ уа, уый, æвæццæгæн, дзæбæх нæ зыдта, æмæ фездæхти Васомæ:

– Уæдæ мæнæ ардæм рацæут, – æмæ нæ иу пæлæхсар бæласы бынмæ бакодта, йæ быны бæласæн – сау мармор фынг æмæ бандæттæ. Лæг кæцæйдæр иу хисæрфæнгонд хæцъил рахаста, асæрфтытæ сæ кодта.

– Ам сбадут, – загъта лæг. – Æз ацырдæм никæй æрбауадздзынæн.

Æмæ-иу алы хатт дæр æрхъуыды кодтаид, махæй йæ фæсонæрхæджы дæр кæмæн ницы уыд, ахæм исты. Нæ, хъуыды-иу æй не ‘ркодта – йæхæдæг-иу æм æрцыди, афтæ-иу æм æввонгæй æрцыди, зæгъыны йеддæмæ-иу æй ницыуал хъуыди. Æмæ-иу ын цыма æнæ зæгъгæ нал уыди.

Уæд искуы-иуæй фæстæмæ радио æмæ телеуынæны куыстам, – мæнæ æрыгон фысджытæ кæй хуыдтой, уыдон. Нæ хицау – комитеты сæрдар Æгъуызарты Æхсарбег – хорз æхсæнадон лæг уыди тынг, æмæ йын бирæ бантыст уыцы бæрнон куысты. Йæ иннæ хъуыддæгты æдде ма авнæлдта аивадон кинонывтæ исынмæ дæр. Афтæ зæгъæн ис, æмæ Иры зæххыл аивадон кино исыны бындурæвæрæг уыди Æхсарбег. Æз диплом куы хъахъхъæдтон Литинституты, уæд Æхсарбег уæлдæр литературон курсыты ахуыр кодта æмæ дзурæг уыди мæ куысты тыххæй уыцы æмбырды. Æмæ мæ хорз зыдта, кусынмæ дæр мæ уый æрбакодта телеуынæнмæ.

Гъе æмæ уын Хуыцау хорз ракæна, уалæ, Иры къуыпп кæй хонынц, уым телеуынæны царди иу стыр сау куыдз. Йæ ном хуынди Тарзан. Сæрдыгон æнтæф бон-иу асины сæр хуыссыди – иуæй йын ауuон уыди уæлкъæсæры къæйты быи, иннæмæй та йыл, дæле цы уддзæф змæлыд, уый дæр æмбæлд. Афтæмæй дын иу сæрдыгон изæр, студийы кусджытæ тæвдæй куы стыхстысты, уæд дуæрттæ куы бакæниккой – тыргъмæ цы дуар уыди, уый дæр æмæ, кæртмæ цы дуар уыди, уый дæр. Раст уыцы рæстæг кæртæй цыдæр хъæртæ куы райхъуысид. Æмæ дын Тарзан хъæртæ-йедтæ уарзта! Уайтагъд фесхъиудта, тыргъы смидæг. Уым дыууæ дуары дæр – гом. Уыцы цыбыр фæндаг комком-

мæ – кæртмæ. Уым дын хъæрæй ныррæйæдта йæ нæргæ хъæлæсæй Тарзан, уыцы рæйгæ-рæйын смидæг студийы æмæ иннæ дуарыл агæпп кодта кæртмæ.

Дыккаг бон æмбырдтæгæнæн хатæны къух бакæнæн нал уыди. Æхсарбег рæбынæй лæууы – иннæ хæттыты-иу лæугæ нæ кодта. Стъол хойы йæ тымбыл къухтæй, йæ мæсты хъæр бæстæ арауы.

– Уымæй фыддæр ма ныл цы ‘рцæудзæн, æмæ ма нæ цы айхъуысдзæн уымæй фыддæр! – Тарзаны бакодтам нæ экранмæ æмæ йæ уырдыгæй арæйын кодтам. Æмæ йæм æгас Ирыстоны адæм ныхъхъуыстой!

Хатæны чи уыди, уыдон ныккука сты – уæдæ ма искæй экранæй куыдз рарæйдзæн, мах экраны йеддæмæ!

Раст уыцы рæстæг Васо йæ къухыл ма схæца! Æхсарбег æм иу мæсты каст фæкодта, æмæ йæ масты хъæр фæцыд:

– Что, Вашо?!

Васойы Вашо хуыдта, цæмæн æй хуыдта афтæ, – ницы бæрæг ын уыд.

Васо йæхиуыл схæцыд, адæмыл йæ цæстытæ ахаста æмæ загъта:

– Тарзан нæ уыд.

Адæм фæуыргъуыйау сты. Уæдæ студийы æндæр куыдз нæй. Искæй куыдз уыдаид, æмæ Тарзан искæй куыдзы студийы æмгæрæтты ауадза!

– Уæртæ Агуыдз уыди, – загъта уæдмæ Васо, бакасти Агуыдзмæ æмæ бахудт.

Агуыдз аивадон литературæйы хистæр редакторæй куыста. Æрыгон фысджыты хуыдта телеуынæнмæ æмæ сæ тынг æппæлыди, æгæр тынг. Уайдзæфтæ йын кодтой, фæлæ нæ уагъта йæ кæнон æмæ тынг разы уыд йæ куыстæй. Ныр, адæм уымæ кæсынц, уый куы федта, уæд фæтыхсти, стгæ дæр сцæйкодта цыма. Æмæ йæ цæстытæ рахæсс-бахæсс кодта адæмыл. Иу каст æм фæкæн, уæд афтæ зынд, цыма йæхæдæг дæр гуырысхо кæны – кæд æцæг уый уыд, кæд Тарзан нæ уыди æцæг.

Стæй аскъуыди уыцы æдзæм: фыццаг Æхсарбег йæхæдæг ныххудти, афтæ хъæрæй ныххудти æмæ, уымæй æдзæмдæр нæй, кæмæй загътаис, уый дæр нызгъæлæнтæ уыдаид, лыстæг згъæлæнтæ ныууыдаид уый дæр. Стæй ныххудтысты иннæтæ уыйæппæтæй, æмæ уыцы стыр

хатæн худынæй байдзаг. Æвæццæгæн дзы, куы йæ сарæзтой, уæдæй нырмæ цы худтытæ уыди, уыдон æрæмбырд кæн, – йæ рыджы дæр нæ фæзындаиккой уыцы худтæн.

Æмæ уымæн ракодтон уыцы ныхас: Æгъуызарты Æхсарбег мæстæй афтæ цæхæртæ кала, æмæ йæ бауромай æмæ йын исты худæг ныхæстæ кæнынил схæцай, уый ничи бауæндыдаид, йæ ныфс ничи бахастаид уымæ. Васо бауæндыд, Васо бахаста йæ ныфс. Æмæ цæмæ нæ бахастаид йæ ныфс æмæ кæмæ нæ бауæндыдаид!

Æмæ-иу сæ хъæу, сæ Мосдыздæхы кой куыд æхсызгон æмæ куыд адджынæн кодта! Æмæ-иу цингæнгæ дзырдта, уым ирæттæ, дыгурæттæ æмæ къуыдайрæгтæ иу хæдзары бинонтау иумæ куыд цæрынц. Æмæ цынæ хабар ракодтаид! Ноджы Васо æндæрхуызон хабаргæнæг уыди: цыфæнды гыццыл ныхас дæр ахадгæ кодта цæсты Васойы ныхасæй. Боро Уæллагкоймаг уыди, Езетæй. Зæронд лæг. Уырыссагау цастæ зыдтаид! Мæнæ уырыссаг æлгъыст чи у, мады æлгъыст, уый, цы амоны, уый нæ зыдта. Æмæ æлгъыст у, уый дæр нæ зыдта. Афтæ æнхъæлдта, æмæ кæй ралгъитынц, уый æлгъитгæ нæ ракæнынц, фæлæ йын йæ 'взæр бадарынц йæ цæстмæ. Æмæ-иу искæмæнты се 'взæр баххах кæнынмæ куы хъавыд, уæд-иу сын загъта:

– Ибитвæйййымæдтытæ!

Æмæ мын иухатт афтæ рахабар кодта: уартæ, дам, Фæскомцæдисон парк кæй хонынц, уырдæм бацæуын райсомæй, æмæ, дам дзы, стыр бынæтты чи куыста æмæ, чи нал кусы, ахæм зонгæты байиафын æмæ, дам сын фæзæгъын:

– Здравствуйте, товарищи бывшие!

– Алæ, 'мæ сæм уымæй хуыздæр цы бадзурай, уый нæй?! – хъазгæ бустæ йыл бакодтон æз.

Уый мæм-иу æнæмбаргæ каст æрбакодта.

– Уæдæ сæм куыд бадзурон?

– Куыд, куы, здравствуйте ибитвæйййымæдтытæ!

Æмæ цы кæл-кæл фæкодта Васо, уый бирæты аргъ уыди йæхæдæг. Æмæ цы цин æвзæрста уыцы худтæй! Афтæ зынди, цыма, зæххыл ахæм дзырд кæй ис, ууыл дæр цин кæны, стæй уыцы дзырд сæхи дзæбæх хъæуккаг кæй сбарста йæхи барæнтæй æмæ кæй скарста йæхи кæрдæнтæй, ууыл дæр цин кодта.

Уæд дын уыцы дзæбæх хъæуы царди ‘мæ уыди, лæппу дæр чи нал уыд æмæ лæг дæр чи нæма сси, иу ахæм, æнæуи сыгъдæгуд, фæлæ йе ‘мбæлттимæ искæй хардзæй, кæрдгæ фынг кæй хонынц, ахæм фынгыл бадын чи уарзта. Уæд æй се ‘рвадæлты ус бахуыдта – йæ цæстмæ йын бадара йе ‘нæсæрмæхæссинаг митæ! Уæдæ цæмæты æруагъта йæхи! Фынг ын æрæвæрдта, хъæууон фынг цы вæййы, уый. Мæнци – афтæ хуынди йæ ном – æрдæгхæрд æмæ æрдæгнуæзт куы уыди, уæд æм йæхи бакъултæ кодта сылгоймаг.

– Гъеныр, Мæнци, нæхицæй дæ, нæ туг-не стæг, афтæмæй нын нæ гогыз адавтай, нæ фыс нын аргæвстай. Гъеныр, Мæнци...

Фæлæ йæ дарддæр дзурын нал бауагъта Мæнци. Йæ къухтæ фыццаг цæгъдгæ акодта фынджы сæрмæ, стæй та сæ хъил фæкодта æмæ загъта, цыма йæхи азымджын кодта усæн, уый хуызæн:

– Фысæн нæ зонын, гогыз та – ‘мæ-гъа!

Зæххыл фæзил æмæ хуыздæр дзуапп ссар уыцы дзæбæх усы уайдзæфæн! Æмæ йыл алы хатт дæр, цыма йæ фыццаг хатт фехъуыстам, афтæ худтыстæм Васоимæ. Стæй-иу нæ худт куы ахицæн и, уæд-иу Васо раст кæнынмæ фæци уыцы Мæнциййы, – куыд дзæбæх уыди, фæлæ йæ царды уавæртæ сæ быны куыд скодтой. Æмæ-иу мæ бауæндын кодта йæ хъуыдыйыл: фидауынц ахæм лæппутæ дæр ирон хъæуты царды мидæг.

Уæд мах, Цæгаты чиныгуадзæны кусджыты, Хуссары чиныгуадзæн фæхуыдта. Уырдыгæй-иу телефоны чи дзырдта, уыимæ ныхас кæнын мæн хъуыди, æмæ-иу чифæнды дзырдтаид, загътаид-иу, Цæрукъаты Алыксандр æмæ Малиты Васойæ макæй ныууадзут æнæ ракæнгæ, зæгъгæ. Арæх-иу дзырдта Бестауты Гиуæрги, æмæ-иу уый бынтон фæдзæхста. Кæддæр Гиуæрги Васойы хох-поэт схуыдта. Васомæ хорз касти уыцы ныхас – «хох-поэт». Афтæ йæ кæй схуыдта, уый дæр ын хъыг нæ уыд, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ йæм дзырдтæ хорз кастысты афтæ фæрсæй-фæрстæм æвæрдæй, æмæ-иу дзырдта «хох-поэт», худти-иу, афтæмæй.

Æмæ уыцы дзæбæх худгæ сæрдыгон бон ныххæццæ стæм Чъребамæ. Куыддæр æрхызтыстæм автобусæй, афтæ нæ рестораны смидæг кодтой: бынатыл нæ бафæдзæхсой. Стæй уал нæхи дæр истæмæйты фæсайæм. Бадт – фæстæдæр. Фынджы сæр – Пухаты Илья, чиныгуадзæны директор, – йæ цæстытæ æрттивынц уыйæппæт уазджыты

цинæй. Васо сæн бирæ уарзта, сæнæфсиры сыгъдæг сæн, æмæ йæ сæннуазæн агуывзæ æрдзаг кодта æмæ йыл йæхимæ æрбахæцыд. Æмæ йæм уыцы парахат хъæр ракодта уæле Илья.

– Дæлæ лæппу, цы ми кæныс?

Васо фæтыхсти. Уæдæ цы байдзаг кодтой фынгтæ сæнæй, кæд сæм æвналыны бар нæй, уæд?!

– Мæнæ сæн…

– Æрæвæр æй дын зæгъын!

– Омæ сæн у...

– Æмæ кæд федтай афтæ нуазгæ?! Фыццаг уал æртæ чъачъайы бануаз, – радзырдта та уæле Илья, – стæй, иугæр æртæ чъачъайы куы бануазай, уæд рахиз сæнмæ.

Æмæ мын дыккаг бон, йæ цин йæ цæсгомыл фемæхсти, афтæмæй дзырдта Васо:

– Ам махæй хуыздæр зонынц нуазын, æппындæр мæ ницы бахъыгдардта сæн. Афтæмæй цас фæнуæзтон!

Уыцы хабæрттæ-иу ын кодтон телефоны, уынгмæ куы нæуал цыд, уæд, æмæ-иу дыууæрдыгæй кæрæдзимæ худтыстæм. Ноджы-иу мæ йæ зæдæнгæс бинойнаг Лидæ дæр баразæнгард кодта: истæуылты та-ма йæ ахудын кæн – уый-иу, цалынмæ телефоны хæтæл Васомæ нæ радта, уæдмæ дзырдта мæнæн. Æмæ-иу æм дзырдтон, бирæ цыдæртæ-иу æм дзырдтон.

Иухатт та йæм ахæм цыппар рæнхъы бадзырдтон:

*Уыдтæн æз лæппуйæ æмбалджын,*
*Мæ зарæг-иу айхъуысти дард.*
*Хæбизджынæн уарзтон йæ дзадджын,*
*Физонæгæн уарзтон йæ нард.*

Стæй йæм бадзырдтон:

– Уæдæ уыцы цæлмæсидæг рæнхъытæ кæй фидар зæрдæйæ схаудаиккой, уый-ма базон!

Стæй йæм уый уæлвæд бадзырдтон, цæмæй хъуыды кæныныл ма фыдæбон кæна, уый тыххæй:

– Старый волк!

Æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныккæл-кæл кодта Васо æмæ афтæ худгæ-худын дзуры:

– Зонын æй, ма тæрс! Уæдæ чи ныффысдзæн афтæ. Стырый волк Темболат Ильичы йеддæмæ!

Балаты Темболы йæхи йæхæдæг рахуыдта афтæ – старый волк. Æмæ йыл фидыдта уыцы ном, бадти йыл, æмæ йын фысджытæ иууылдæр зыдтой уыцы ном. Йæхæдæг та мах, уæды кæстæрты, «прохвост» æмæ, чи кæцон уыд, уырдыгон «мордæ» хуыдта. Иухатт, фæсаходæн уыдаид, уæд, ЦУМ кæй хонынц, уыцы дуканийы асинтыл фæхæрд кодтон, афтæмæй Темболыл мæ цæст æрхæцыд – асинты сæр лæууыди æмæ дæлæмæ каст. Йæ цæст мыл куы æрхæцыд, уæд мæм æрхъæр кодта адæмы сæрты:

– Иу сыкъа нуазыс, кударская морда?

– Æгæр раджы нæу? – мæ дисыл фæстæмæ фæхæцын нал бафæрæзтон æз.

– Æмæ ныр, цалынмæ баталынг уа, уæдмæ ам дæумæ кæсдзынæн?!

Гъе уый дын Темболат Ильич, старый волк!

Йæ фыды йын куы ‘рцахстой, уæд Васо мады гуыбыны уыд, æмæ-иу мын дзырдта Васо, куы-иу худгæ бакодта, куы-иу йæ цæстытыл æрхæндæджы фæлм абад-абад систа, афтæмæй, Зæрæда куыд архайдта, цæмæй Васо ма райгуырдаид, ууыл – хæдзары цы цыппар сывæллоны уыди, уыдон дæр фаг уыдысты иунæг мады къоппайæн. Æмæ, дам-иу уæлхæдзæрттæм хызт хъæуанæ хъæуа, стæй-иу асины лæууæнтыл кæронмæ не ‘рхызт, фæлæ-иу уæлиауæй æргæпп кодта, исты уæззау хæссинæгтæ-иу хаста. Фæлæ – нæй! Райгуырди Васо. Васгæ – афтæ йæ хуыдтой гыццылæй – æвæццæгæн, Хуыцауы фæндыд, цæмæй дыгурон æвзаджы мæлгъæвзаг Георгийы æргъауæфтыд ныхас дарддæр хæццæгæнæг уа. Рæзти Васо, аргъауы лæппуйау бон уыдисны рæзти, æхсæв – уылынг. Æмæ-иу сын аходæныл Зæрæда нартхоры кæрдзын куы æрсæстытæ кодта æмæ-иу дзы алкæмæн дæр йæ хай йæ разы куы æрæвæрдта, уæд-иу Васойы цæст йæ хай æгасæй бахæрын нæ бауарзта, æмæ-иу ын йе ‘рдæг йæ хуыссæны нывæрзæны акодта – стæй йæ сихорыл бахæрдзæн.

Уыцы ныхæстæ-иу куы кодта, уæд-иу се ‘рвадæлты лæг Дзегайы кой ма ракодтаид! Уый Сындзыхъæуы царди, кæд нæ рæдийын, уæд. Æмæ иубон куы уыди, уæд йæ бæх сифтыгъта, уæрдоны къорп нартхорæй байдзаг кодта æмæ ахæцыд бæхы рохтыл. Чи-иу ыл æмбæлд

æмæ-иу, кæдæм ласы нартхор, уый чи базыдта, уый-иу йæ сæр ма ныттылдтаид:

– Гæр æмæ Гиуæрги адæмы знагыл нымад куы у, уæд хицауады ‘рдыгæй ницæмæй тæрсыс?!

Æмæ-иу Дзега йæ сæр мæсты тылд ныккодта фæйнæрдæм:

– Мæн уыдæттæм ницы хъуыддаг и! Уæдæ уым нæ сывæллæттæ кæрдзынил кæуой, æз та мæ пецы фарсмæ даргъкъахæй бадон!

Æмæ-иу æрæнкъард и Васо, æмæ йыл фидыдта уыцы æнкъард дæр, æвæццæгæн, æнæсайд, æнæхин æнкъард кæй уыди, уымæн ыл фидыдта.

Васо-иу афтæ куывта: «Хуыцау, иунæгæй мæ ма ныууадз». Æвæццæгæн, йæ дзæбæх Лидæйы дзæбæхæй куыд ныууадза, уымæн афтæ куывта. Фæлæ Лидæ цы зынтæ æвзардзæн йæ фæстæ, уыдон та?! Кæддæр мæм телефоны æрбадзырдта цыдæр хъуыддаджы фæдыл. Куы аныхæстæ кодтам, уæд æй нæ басусæг кодта:

– Зын мын у, Сергей, тынг зын, æнæ Васо.

– Мæнæн дæр зын у, тынг зын у мæнæн дæр, – загътон ын.

Æндæр ын цы загътаин!

*Октябрь, 2023 аз*



Рауагъдад «Ир»-ы кусджытимæ

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

## ИТАЛИАГ ЛИТЕРАТУРÆ

Сæнтты, зæрдæлвасæг, бæллиццаг бæстæ Итали. Итали æмæ Ром. Культурæйы артдзæст. Стæй – фашизмы... Йæ æнæнхъæлæджыйæ сагъæсты æфтауæг.

Мæнæ царды хъулон-мулон митæ, гакъон-макъон фæндæгтæ, хуррухс æмæ саумылазон дуггæ, зæдæнгæс адæймаг, Хуыцауы уæрагыл бадæг æмæ дæлимон, залым, руймон, æнусты æлгъыстаг...

Ромы импери базгъæлæнтæ. VI æмæ XII æнусты италиаг дзырдаивад дзырдта латинагау (фылдæр уырнынады, дины уацмыстæ). Бæстæ у дихтæ æмæ уæрстытæ, иу зонд нæй, нæй иу культурæ æмæ аивад. Фæлæ дзырд йæ кæнонтæ кæны, куы дидактикæйыл хæст у, куы уарзондзинадыл зарджытæ нывæнды, куы, адæймаг циу, цы хъæд, цы дуне у, уый фæиртасы. Æмæ, бон куыд цыд, рæстæджытæ куыд ивылдысты, афтæ алы фысджыты нымæц дæр бæзджынæйбæзджындæргæнгæ ивгъуыдта.

Культурæйы рæзт куыд бæрзонддæр кодта, горæтты цæрджытæн куыд хъæзуатондæр кодта се 'хсæнадон архайд XIII æнусоны кæронмæ, афтæ, о, æцæгдæр фысджытæм цымыдисагдæр кæсын райдыдта адæймаджы мидахаст дунейы цардарæзтмæ. Фæзынд поэт Гвидо Гвиницелли, философон поэзийы бындураразæг – хъуамæ, дам, адæм фæлтæргай ма уой уæлдæртæ-дæлдæртæ, стæй сылгоймаг у стыр кады, аргъуыцы аккаг, уарзондзинад у ымаинæгты-нымаинагдæр æнкъарæн æмæ а.д.

Стæй æнæ фæзынгæ куыд уыд Алигьери Дантейæн, Фридрих Энгельсы загъдау, астæуккаг æнусы фæстаг поэт æмæ ног заманы фыццаг поэт. Уæдмæ та æрхæццæ Франческо Петраркæйы фæрнджын бон дæр. Йæ хæдфæстæ æгас æрцыд Джованни Боккаччо. Райдыдта фæзмыгой литературæ – раздæры фысджыты, æндæр бæстæты уацмысты. Сæндидзæн-Ренессансы азты фæстаг стыр поэты ном архаудта Торквато Тассомæ – айхъуыст йæ поэмæ «Сæрибаргонд Иерусалим»-ы хорзы кой.

---

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7, 8, 10-æм æмæ 2026 азы 1 – 5-æм номырты*

XVIII æнус у трагедиты дуг, дзæвгар фæсарæйнаг æвзæгтæм сæ стæлмац чындæуыд, сæ ахадындзинад ма суанг XX æнусмæ дæр нæ фæсыкк. Сæ ныффысджытæ – Пьер Якопо Мартелло æмæ уæлдайдæр та Шипионе Маффеи, бынтон фесгуыхт йæ трагеди «Меропа».

XVIII æнусы италиаг литературæйы зынгæдæр минæвар у Карло Гольдони, национ комедийы бындурæвæрæг, театры аивад ивæг, царды æцæгдзинад сценæйы æвдисын домæг.

Рæстæг, алы уавæртæ нæ хынцгæйæ, йæ дугъ нæ уадзы, æмæ æрхæццæ къорд ивддзинæдты фæстæ XIX æнус дæр, егъау кады хицау сси поэт Джакомо Леопарди, фæзынд революцион-демократион змæлдимæ æнгом баст æхсæнад «Æрыгон Итали», йæ фæтæг – зынгæ критик æмæ публицист Джузеппе Мадзини. Ис сæм сæхи мыхуыры фæрæз, уый дæр ахæм ном хæссæг. Æмæ 1848 азы бацæттæ кодтой революцион сыстад, йæ хæдуæлвæд революци рахызт дзыллон тохмæ национ сæрибары сæраппонд, адæмон тугкалæн хæстæн фæзынд йæхи раздзог – Джузеппе Гарибальди. Литературæ ныв кодта адæмы разæнгарддзинад, сæ монон тыхы рæзт.

Прозæйы æрбынатон историон роман, бæрзонд иста Италийы хъæбатыр ивгъуыды дуг. Стыр ахадындзинад уыд Франческо Доменико Гверраццийы романтæ «Беневентойы цур хæст» æмæ «Флоренцийыл æрхъула»-йæн. Поэзийы бæрæг бæрзонд бынат æрцахста Джозуэ Кардуччи. Цардуарзон хъуыдытæ тауы, иттæг хорз зоны сæ бæстæйы раргзаманты цард, сиды Италийы райдзастдæр фидæнтыл тохмæ. 1870 азы йæ банымадтой иугонд Италийы стырдæр поэтыл.

Æхсæндзарды æууæлтæ ныддæлæ-уæлæ кодтой, æмæ 1922 азы фадат фæзынд Италийы фашистон диктатурæйы æрфидарæн – дунеон културæйы номдзыд артдзæсты. Йæ реакцион идеологийы уавæрты аивадон хæзнатæ фæзына, уымæн гæнæн нæ уыд, литературæ фæиуварс социалон тематикæйæ, реалистон традицитæй, равзæрд цыдæр æмтъерыгонд жанр – realism magico… Фæлæ фашизмæй йæхи дард чи айста, уыдон царды рæстдзинад æвдисынмæ тырныдтой – зæгъæм, Альберто Моравиа 1929 азы ныммыхуыр кодта психологон роман «Куыдфæндыйы цæстæй кæсджытæ» – фашистон дуджы чи схъомыл, уыдоны æдзæлгъæд удыскондыл дзы карзæй цæуы ныхас.

Фæсхæст, фæсфашизм дзæвгар ивддзинæдтæ цыд италиæгты царды, æмæ уæд куыд хъуамæ ма ивтаид литературæ дæр: фæзынд фысджы-

ты ӕрыгон фӕлтӕр, уыдон пайда кодтой ног аивадон мадзӕлттӕй, ахорӕнтӕй, арӕхдӕр ныхас цӕуы моралон-этикон проблемӕтыл. Иннӕрдыгӕй та сыл ӕнӕ фӕзынгӕ нӕ уыд, зӕгъӕм, францаг ӕмӕ американ модернистон уацмысты тӕваг дӕр, фӕлӕ уый ахӕм тыхджын нӕ уыд, цӕмӕй Италийы аивадон литературӕ фӕрсӕрдӕм азила реализмы фӕндагӕй, фысджытӕй алчи йӕхи къуымы сбада ӕмӕ нӕдӕр йӕ хъус дара ӕхсӕндзарды уавӕртӕм, нӕдӕр йӕхӕдӕг уа амидингӕнӕг ӕхсӕнадон архайдӕн.

О, сабиты литературӕмӕ ахсджиаг ивддзинӕдтӕ бахаста фыссӕг ӕмӕ аргъӕуттӕгӕнӕг Джанни Родари, уӕрӕх зындгонд сси Советон Цӕдисы.

Ныр уал фӕйнӕ цалдӕр нымад ныхасы зӕгъӕм, ӕрмӕст цӕугӕцӕуын сӕ кой кӕмӕн скодтам, уыдоны тыххӕй, стӕй та чысыл бӕлвырддӕр ӕмӕ парахатдӕрӕй зынгӕдӕрты цард ӕмӕ сфӕлдыстадыл ӕрдзурдзыстӕм…



Джованни Боккаччо

**Джованни Боккаччо** (1313 – 1375) – йӕ мад – францаг, гуыргӕ дӕр ракодта Парижы, йӕ фыд та – Флоренцийӕ, къупецаг.

Джованни нымад у Ренессансы литературӕйы быиндурӕвӕрджыты фыццӕгтӕй иуыл. Цӕргӕ-цӕрӕнбонты йын йе 'ргом сӕхимӕ здӕхтой наукӕ ӕмӕ поэзи. Хӕлар уыд Петраркаимӕ. Райдианты латинагау фыста трактаттӕ – 20 азӕй фылдӕр фӕфыдӕбон кодта «Хуыцӕутты генеалоги»-йыл. Ахӕм чингуытӕ дӕр ма йӕм ис: «Хъуыстгонд сылгоймӕгтӕ», «Хъуыстгонд адӕмы бӕллӕхӕрцыдтӕ». Латинаг ӕвзагӕй фалӕмӕ ма зыдта грекъаг дӕр – уыцы ӕвзагыл каст чингуытӕ, уӕлдайдӕр рагон царды тыххӕй.

Фӕлӕ сӕйрагдӕр у йӕ аивадон сфӕлдыстад, реалон цаутӕ кӕд ӕмӕ кӕм ӕвдыста, уыцы уацмыстӕ – сӕ зындгонддӕр та – чиныг «Декамерон», хицӕн новеллӕтӕй арӕзт. (Дзырд декамерон грекъагау амоны дӕс, ома уал боны, рынӕй алидзгӕйӕ, горӕты ӕдде хибар ран цардысты 7 чызг-сылгоймаджы ӕмӕ 3 лӕппуйы, ӕмӕ уым кафынц,

зарынц, новеллæтæ дзурынц. О, зонгæ ма нын у дзырд «декадæ» дæр).

Рагæй-æрæгмæ дæр чиныгкæсджыты цымыдис нæ сысы, раст-иу æй кæддæрты хæлофæй кастысты. Алы хабæрттæ-цаутæй гуыры Боккаччойы рæбинагдæр хъуыды, зæгъгæ, адæймаг у æцæгæйдæр бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл, æппæтæй ахсджиагдæр æмæ бæрзонд æвæринаг, уый æрдз сфæлдисы алæмæттаг æмæ алы хуызы дæр размæдзыдæй, æххæстæй. «Декамерон» дæр схонын фæтчы уæды заманы италиаг æхсæнады цардарæзты æппæтвæрсыг нывсæдæ новеллæйæ кондæй.

Куыд дæсны, арæхстджын фыст у, цы ‘взаджы хъæд ын ис, уыдæтты фæрцы дæр Джованни тырны куыд хуыздæр æмæ рæсугъддæрæй адæймаджы равдисынмæ.

Йе сфæлдыстад стыр ахъаз фæцис Ренессансы дуджы италиаг культурæйы рæзтæн, бындуронæй сахадыдта æппæт ныгуылæн европæйаг литературæйы хæрзæбоныл дæр, фæндагамонæг ныллæууыд фидæны новеллисттæн… Боккаччойы аивадон æрмдзæфыл ахуыр кодтой Шекспир, Лопе де Вега, Гете, Лессинг. Пушкин та дзы йæ фарсхæцæг скодта: реакцион критикæ йын йæ ныхтæ йæ «Граф Нулин»-ы куы ныссагъта, æнæфсарм уацмыс, дам, у, зæгъгæ, уæд афтæ бакодта, уартæ-ма Боккаччойы уацаутæ æрымысут.

Никæй цард комы къуындæг фæлгæты фæзуаты æвæрын, бæлвырд æмæ мыггагмæ бæрæггонд арæнты мидæгæй фæразын. Гъемæ Джованнийы мидæг дæр куыдфæстæмæ фæфæлдæхт æрцыд: раздæр табу кæмæн кодта, уыдоны тыххæй дын куы ныффыссид – «сылгоймаг мæстджынæй фæсте фæуадздзæн тигр, домбай æмæ залиаг калмы; цыфæнды бындур дæр уæд йæ мастæн, цыфæнды æфсон дæр, – уый уадидæгæн йæ маст исдзæн артæй, маргæй дæр, болатæй дæр…»

О, зарæгæй, дам, дзырд нæ асхойдзынæ. Æрмæст Джованни Боккаччойæн æнустæм нымад æмæ арфæйаг ном уыцы мæстæлгъæд ныхæстæ не скодтой.

Зондæн райсинаг фæдзæхстытæ-ныфсæвæрæнтæ ныууагъта йæ фæстæ:

*Афтæ дзырдæуы, цыма, искæй куы ирвæзын кæнай, уæд амæлын сгуыхтау у.*

* * *

*Ӕлхыскъ ныхас хъуамӕ фысы дӕндагӕй фӕхӕстау уа, куыдзы нӕ, фӕлӕ.*

* * *

*Нӕй ахӕм судзгӕ-араугӕ маст, ӕмӕ, бонтӕ куы рауайой, уӕд чи ма ӕруазал уа.*

* * *

*Уый у стыр ӕууӕнчы нысан, иу иннӕмӕй бауынаффӕ кӕнын ын куы фӕцагуры, уыцы хуызы куы ʻрхаты искӕмӕ, уӕд.*

* * *

*Ӕнӕниз цӕмӕй уай, иугӕр дӕ уый кӕм бафӕндыд, уым афтӕ нымай, ӕмӕ ӕмбисдзӕбӕх адӕ.*

* * *

*Ӕртхъирӕнтӕ кӕнын ахӕмты хотых у, ӕмӕ сӕ йӕхӕдӕг ӕдас чи нӕу, удаист сӕ чи кӕны.*

* * *

*Дӕ цӕугӕ царды афтӕ цӕр, цӕмӕй фидӕны дӕхи ма хӕрай фӕсмонӕй, мӕнӕ мӕ тыхыдуг куыд дзӕгъӕлы фесӕфтон, зӕгъгӕ, куыд ӕнӕпайдайӕ.*

* * *

*Арӕх афтӕ рауайы, ӕмӕ адӕймаг амондӕн дард кӕмдӕр фенхъӕлы, уый та ныридӕгӕн йӕ тӕккӕ уӕлхъус ӕмыр санчъехтӕ кӕнгӕйӕ ӕрлӕууыд.*

**Карло Гольдони** (1707 –1793) – цалдӕр хъуыддаджы йын куынӕ бантыстаид, уӕддӕр Италийы культурӕ ӕмӕ аивадӕн арфӕйаг уыдаид ӕрмӕст уымӕй дӕр, ӕмӕ сӕ национ комедийӕн бындур кӕй сӕвӕрдта, фӕлӕ ма уымӕй уӕлӕмӕ йӕ къухы бафтыд театр среформаци кӕнын, нымад драматург суӕвын.

Карло нӕ уыд революцион зондыл хӕст, фӕлӕ XVIII ӕнусы драматургтӕй хъауджыдӕр уый уыдонӕй растдӕр ӕмӕ хуыздӕр бамбӕрста хуымӕтӕг фӕллойгӕнӕг адӕмы сагъӕстӕ, нӕ хӕццӕ кодта адӕм ӕмӕ буржуази, байуӕрста сӕ, алкӕмӕн йӕ хъысмӕт йӕхи, зӕгъ-



**Карло Гольдони**

гæ. Зæрдæйы хъарм лæвар кодта кусæг лæгæн, фæлæ йæ сентименталон хуызы уæлбикъон дæр нæ кодта, ома бынтон æнæфау, зæдæнгæс…

О, нæ уыд революционер, æрмæст, италиаг театр куыд ивта сабыргай æмæ уæзбын уæзданæй, уыцы мадзæлттæ та революцион схонын æмбæлы.

Дзæвгар комедитæ сфæлдыста Гольдони, сæ хъæлдзæгдзинад у социалон дæр æмæ æцæг худæг, æцæг ракæнон арæзт, æцæг адæмон. Æнæхъæн XVIII æнусы сгуыхтдæр, хуыздæр, æнтыстджындæр комедийы кад æрхаудта «Фысымуатгæс»-мæ –стауы дзы адæмы æрдзон зонд, йæ хъомыс, уыдон æвдыст цæуынц царды уырнинаг уавæрты; сæйраг архайæг Мирандолинæйы фæлгонц дзы рауад æнæгæды адæмон, зæрдæмæдзæугæ, уæлæнгай зондæмхиц монологтæ нæ дзуры, рæсугъд дзæнгæда цæгъдынæй искæй хъомыл кæнынмæ, раст зонд амонынмæ нæ тындзы – ома зæрдæзмæнтæн сойвых дидактикæ нæй ацы ахъаззаг комедийы.

Уæрæсейы театртæ Гольдонийы сфæлдыстадмæ се ‘ргом суанг XVIII æнусы аздæхтой – сценæйы æвæрдтой «Дыууæ хицауы фæсдзæуин», «Æцæг хæлар», «Сайæгой», «Фысымуатгæс»… Фæстæдæр æнусты дæр æнæ хай нæ кодтой уæрæсейаг сценæйæ…

Гольдони, зæгъæн куыд нæй, афтæ тынг, афтæ бындуронæй фæкаст Италийы национ драматургийы рæзтмæ – хуымæтæджы йæ не схуындæуыд афтæ: «Карло Гольдони у нæ ног литературæйы Галилео Галилей».

О, æппæт хъуыстгонд фысджытæм нæ разыны афористон ныхæстæ, фæлæ Карло Гольдонимæ æртæ ахæм дзырдбасты разынд:

*Стыр хъыгтæ-мæстытæ æдзæм сты: судзгæ цæссыджы бон дæр нæу сæ равдисын.*

* * *

*Æрвнæрды агъоммæ арв куыд ферттивы, афтæ уарзондзинады хæд размæ фемæхсы нæ тæригъæд кæныны æнкъарæн.*

* * *

*Дам-думтæ, хахуыртæ мысынмæ дæсны суанг æппæлгæйæ дæр цъыф калы, азымы дары.*


**Джакомо Леопарди**

**Джакомо Леопарди** (1798 – 1837) – Италийы уарзонддæр поэттæй иу.

13 азы йеддæмæ йыл нæма сæххæст, æмæ дын трагеди куы ныффыссид – «Помпей Египты». Чысыл фæстæдæр ын йе ‘нæниздзинад сæ хæрзтæй не схондзынæ, æмæ фæллой уарзынæй та – æвæллайгæ тыхджын. Хæдахуырæй базыдта раргзаманты æвзæгтæ, ссис уæрæх æмæ арф зонындзинæдты хицау историйæ. Йæ уацмыстæй йын иуæй-иутæ журнал «Театралон кæсæг» мыхуыр кодта.

Поэттæй та æрыгонæй мæлæтыл чи нæ фæфыссы, æмæ Джакомо дæр 18-аздзыдæй терцинæтæй конд зарæг ныффыста – «Адзалы комулæфт» (терцинæ та у æртæ рæнхъæй арæзт æмдзæвгæйы хай). Фæлæ цыфæндыйæ дæр æгæсты цардарæзт йæхионтæ домы, уæлахиз фæвæййы мидæрхуым æмæ ныфссастыл, удвæлладыл – ахæм уæлахизы тæваг фæзынд æмдзæвгætæ-канцонæтæ «Италиимæ ныхас» æмæ «Дантейы цыртдзæвæнæн»-ыл. Йе ‘мбырдгонд «Зарджытæ», зæгъгæ, уыдонмæ бахаста куыд политикон æмæ философон уацмыстæ, афтæ лирикæ дæр, интимонтæ.

Нæ иста йæ зæрдæ капиталистон цивилизацийы рæзт, нæ уыдта, йæ бæстæйы цард хуыздæрмæ цавæр тыхты руаджы ис аивæн, уый, æмæ Леопарди бынтон фæзæрдæсаст, нырхæндæг. Æппæт бæллæхты гуырæн æрхъуыды кодта: цыдæриддæр, дам, удæгас у, уыдоны æнусон знаг у куыдфæндыйы цæстæнгас.

Поэты сфæлдыстад банымадæуыд ног рæстæджыты италиаг литературæйы рæзты ахсджиаг фæзындыл. Мæнæ «мировая скорбь» цы схуыйндæуыд, уыцы æууæлы Байрон æмæ Леопардийы поэзи хæстæг бацыдысты кæрæдзимæ, иннæ ахæм та – адæймаджы сæрибардзинадыл йæ алы хуызты æнæбæсæттон тох амайыны хъуыддаджы.

О, бæргæ, бæргæ, фæлæ æфсондзы бын ахуыр галы цард та куыд

хъуамæ хæсса лæгау лæгæн райгуыргæ адæймаг – фарста, фæрсы æмæ фæрсдзæн Поэт, цалынмæ хæрæмттæгæнаг цардамадæн йæ бындур нæ ныззила, уæдмæ.


**Альберто Моравиа**

**Альберто Моравиа** (уый – йæ фæсномыг, æцæджы хъуыддагæй та у Альберто Пинкерле) – (1907 – 1990).

Йæ характеристикæ куыд фыссæгæн ахæм у: 1930 азты италиаг литературæмæ фæстæмæ цардмæ æрбахуыдта романы раздæры жанр – æцæг хабæрттæгæнæг, цымыдисы æфтауæг, драмон сюжетджын, æнæ уæлдай рахæцбахæцгæнæг, æмбæсгуыты хъазæг композици кæмæн уыд, уый.

Фыццагдæр ын йæ ном цы чиныг айхъуысын кодта, уый у роман «Къуырма зæрдæтæ» (1929) – ныхас дзы цæуы, фашистон авдæны æмæ хъæбысы цы фæсивæд бахъомыл, уыдоны тутт удысcондыл, гаффутт зондахастыл; хъыгаг ын у, лæгæй лæджы ‘хсæн уазал дымгæ кæй къуыззитт кæны. Фæсхæст дæр къорд уацмысы ныффыста фашизмы ныхмæ, цардæгасæй ныв кодта фæллойгæнæг лæджы цард, политикон, социалон æмæ идеологон дæлбарады ныхмæ тох (чиныг «Чочара»).

Æнауæрдонæй æвдисы интеллигенцийы хъысмæт, æвзары йæ алы хуызты – уыцы уацмыстæ сты йæ хуыздæртыл нымад: «Ромаг чызг», «Конформист», «Æлгъагтæ»…

Моравиа хорз зæрдæ дардта Советон Цæдисмæ, сфæлдыста очеркты чиныг «Иу мæй ССРЦ»-ы. Куыдфæстагмæ Альберто реалистон хуызы фыссыны уагæй фæиуварс, æргомыздæхт фæцис роман-эссейы жанрмæ.

1952 азы дын Ватикан куы бавдæлид æмæ йын йæ чингуытæ фæдзæхстыты номхыгъдмæ куы бафтауид, ома кæсын сæ нæ фæтчы, зианхæссæг, дам, сты. Афтæмæй та йын уыдон литературон цытджын премитæ истой: «Стрега» – йе ‘мбырдгонд «Радзырдтæ»-йы тыххæй; «Мардзотто» – «Ромаг радзырдтæ»-йы фæдыл æмæ «Виареджо» – роман «Удмард»-ы кадæн.

Йæ уацмыстæй къордмæ гæсгæ кинонывтæ систæуыд, тæлмацгонд æрцыдисты фæсарæйнаг æвзæгтæм…

Иугæр-иу фыссæг Нобелы премийы аккаг рауад айдагъ йæ Аив Дзырды тыххæй, уæд ма йыл чиныгкæсæг дæр йæхи чъылдымыздæхт цы былысчъилы ардыдæй фæкæна?! Зæгъæм, мæнæ ауыл, XX æнусы италиаг поэзийы зынгæдæр минæварыл:



Квазимодо Сальваторе

**Квазимодо Сальваторе** (1901 – 1968) – литературон премиты 'хсæн сæ цытджындæр æмæ кадджындæр 1959 азы райсæг, афæдз раздæр та – «Виареджо»-йы лауреат.

Йæ сæйрагдæр чингуытæ сты «Цард фын нæу» æмæ «Мæнг æмæ æцæг кæрдæгцъæх зайæгойтæ».

Незаманты уацмысты иттæг дæсны тæлмацгæнæг: Софоклы «Эдип-паддзах» æмæ «Электрæ», Эсхилы «Хоэфортæ», Овидийы «Метаморфозæтæ», Шекспиры цалдæр трагедийы.

Мæнæ йын хорз поэт Борис Слуцкий цы 'мдзæвгæ раивта уырыссаг æвзагмæ, уымæй иу хай:

*И креста, и молотка с Голгофы,*
*и святых воспоминаний детства*
*мало, чтобы раздавить войну.*
*Ночью, перед самой смертью*
*Сильные солдаты плачут*
*у подножья слов, давно известных,*
*выученных в годы мира.*
*Многими любимые солдаты...*

Æмæ та Нобелы премийы италиаг иннæ лауреат, драматурги æмæ театры реформатор, фыссæг æмæ философ. Фыссын та, куыд поэт, афтæ райдыдта. Æмæ сидгæ та уымæ кодта, æмæ, чырыстон дин куыд домы, уыйау адæймаг хъуамæ йæхи састы бынаты ма æвæра, дзæнæтæй ныфсхаст ма уа, зындонæй та удысхъиуд, фæлæ муртаккаг уырнынады домæнтæм гæсгæ уæлæуыл уæндонæй цæра, йæхи царды хæрзтæй æнæ хай ма кæна.



**Луиджи Пиранделло**

Уый та уын **Луиджи Пиранделло** (1867 – 1936).

Се ‘нахуыры сæргæндтæй дæр цымыдисаг рауадысты йе ‘мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Æхсызгон рис» æмæ новеллæты чиныг «Æнæ уарзгæйæ уарзондзинад».

Арæхдæр-иу фыста Сицилийы тыххæй, йæ мæт æмæ тыхст – хуымæтæг лæджы уæззау хъысмæт, æнæрайы цард, алыварс дунейы ныхмæвæрддзинæдтæ, æнæджелбетт уавæртæ.

Йе ‘нтыстджындæрæй фыст романы – «Рухсыбадинаг Маттиа Паскаль» – ногæй-ногмæ нывæфтыддæрæй æвдисы царды дызгъуынтæ, хæрæмттæ, царды æцæг хуызтæ æмæ адæймаджы æнæбындур сæнттæ. Фыццаг дунеон хæсты дысвæлдæхтæй бавдæлд италиаг æмæ суанг дунейы театр ивынмæ, сценæмæ хæссы ног философон темæтæ, психологон проблемæтæ: «Уый афтæ у, иугæр сымахмæ афтæ кæд кæсы, уæд», «Æхсæз персонажы сæ авторы агургæйæ», «Гомгæрцтæ уæлæдарæс кæнгæйæ» æмæ æндæр пьесæтæ…

О, йæ дзæвгар пьесæтæм æрхаудта Нобелы премийы аккаг кад дæр – «Генрих IV», «Алчи йæхирдыгонау», «Ног колони», «Абон мах фæлварыныл стæм»…

Йæ уацмыстæ сты æнцонкæсæн, дисыфтауæг, арфхъуыдыджын.



**Умберто Эко**

…Фæзагъдæуы, зæгъгæ, дам, нæй ахæм фыссæг, æмæ цалдæрæй фæстæмæ зонгæ никæмæн у… Хорз хъуысы ахæм уавæр уырыссагау: «Широко известный в узких кругах». Стæй æнæнхъæлæджы йæ ном ныннæры, роман «Сырх мæтæджы ном» ныффыссæд, æндæр – æмæ уæд уыдзынæ **Умберто Эко** (1932 – 2016).

Кæй къухтæм бахауа ацы чиныг,

уый йæ æнæ бакæсгæйæ ма фæуадзæд – райдайы Евангелийы ныхæстæй, «Райдианы уыдис Дзырд», зæгъгæ, æмæ йæ кæроны та ис латинаг æмбисонд, дзырд «уарди, сырх мætæг, розæ» у æнæмæлгæ ном, кæд дидинæг йæхæдæг цæрæццаг нæу, уæддæр.

Дзыллæ æрхъуыды кæнынц дзырдтæ, дзырдтæ та разамынд дæттынц адæмæн. Экойы роман æвдисæн у, дзырд культурæйы мидæг цы бынат ахсы, уымæн, стæй адæймаг та культурæмæ цы цæстæй кæсы, уымæн дæр.

Ныр италиаг литературæйы бæрзæндтæм сæфтыдыстæм, сæ цæхæркалгæ цъупп та хуыйны – цалдæр æнусы ноджы:



**Алигьери Данте**

**Алигьери Данте** (1265 – 1321) – поэтты поэт дæр æй схонæм æмæ цыма ницы къæйных ныхасгæнæг уыдзыстæм…

(Æнæфенды дистæ дæр бауæндæм: иуæй – Али, иннæмæй гьери-джери, ирон нæмттæ – Джерихан, Ханджери, Аслæнджери, Саханджери… Гъæйтт, хæдахуыр этимологтæ, ам хъуыддаг цæй мидæг ис?..)

Ахæм тынг саулагъз уыдис Алигьери, æмæ дзы йе 'мзæххонтæ дзырдтой, зæгъгæ, цæмæй, дам, зындон бæлвырддæр æмæ хуыздæр сныв кæна йæ уацмысы, уый охыл уырдæм удæгасæй ныххызт. Сылгоймæгтæ ма йын йæ зачъетæй дæр тарстысты, зындоны арты æртхутæг сыл сбадт, зæгъгæ.

Абайты Васо афтæ дзырдта: «Англисмæ ис Шекспир, Германмæ – Гете, Италимæ – Данте, Ирыстонмæ та – Къоста». Алы стыр поэт дæр йæхæдæг у егъау континент, дуне, бæстæ, ноджы ма уыйбæрц егъау, æмæ йыл аххæссæнтæ нæй нæдæр зæрдæйæ, нæдæр зондæй, æрмæстдæр æй æмбардзынæ, зæгъгæ, уый диссæгты диссагдæр у, æмбисæндты æмбисонддæр. Гъемæ, цасфæнды куы дзурæм Дантейы тыххæй дæр, уæд нын уый уыдзæн айдагъдæр уæлæнгæйтты ныхас, йæ кад, намысы æрфытæ та нын æнæсгæрст æрфытæй баззайдзысты.

Æрмæст уый фидарæй зæгъæн ис, æмæ стыр фысджыты афтæ

дæр куынæ зонай – уæлæнгæйтты дæр ома, уæд дæхи размæфсæрст адæмæй ма схон æрдзон зондæй цыфæнды æххæстæй дæр. Уымæ гæсгæ махæн дæр нæ бон циу, уый бакæнæм – афæлгæсæм ын æрмæст цыбыртæй йæ цард æмæ сфæлдыстадыл, фылдæр æмæ бæлвырддæр зонындзинæдтæм чи бавдæла, уый та – уæлдай арфæйагдæр…

Рауайы афтæ дæр, æмæ иунæг уацмыс йе сфæлдисæгæн бæрзонд номгæнæг свæййы. Зæгъæм, «Горе от ума» Александр Грибоедовæн кæнæ та иунæг æмдзæвгæ-зарæг дæр – ахæмы тыххæй не ‘мбырдгонды райдианы цыд ныхас, – æрымысут æй; уæдæ иу дугæй та алы ‘взæгтыл тæлмацгондæй Дантейы ном æрттивын кæны, раздæр йæхæдæг «Комеди» цы чиныг рахуыдта; стæй ма йæм XIV æнусæй фæстæмæ Боккаччойы хъæппæрисæй иу дзырд бафтыдæуыд æмæ уæдæй фæстæмæ у «Хуыцауыдиссаг комеди» – æппæт дунеон аив литературæйæн дæр намысгæнæг, сæрыстыры хос.

Данте райгуырд Флоренцийы (æз иукæддæр аз йæ райгурæн хæдзары къæсæрмæ бæргæ лæууыдтæн, фæлæ уæд, хъыгагæн, мидæмæ бацæуын нæ уагътой цæйдæр бæрæг æфсонæй – ферох мæ…). Сæ хæдзарвæндаг уыд рагон уæздæттæй, æрмæст фæстагмæ фыццагон сойæвдылд нал хастой. Поэт хъал уыд уымæй дæр, ома Элизейты байзæддаг кæй у, Флоренцийы бындурæвæрджыты. Алигьери ма чысыл саби уыд, афтæмæй йæ мад амард, йæ юрист фыд та дзы фæхъуыд, 18 азы йыл куы цыд, уæд. Болоньейы университеты ахуыр кодта уæлдæр наукæтæ – Аристотелы этикæ, Цицероны риторикæ, Гораций æмæ Вергилийы поэтикæ, стæй фæсарæйнаг æвзæгтæ.

Италийы цардыуаджы диссæгтæй иу: лæппуйыл иуæндæс азы куы сæххæст, уæд ын бафидыдтой æхсæзаздзыд Джеммæ Донатийы ныййарджытимæ, æмæ йын куырдуаты бадт бæлвырд æмгъуыдмæ.

Итали XIII æнусы æнхъызти, арæх дзы цыдис алы мидхæстытæ, иу зæхх, иу горæты хылтæ иннæтимæ. Æппын та гвельфтæ æмæ гибеллинтæ нæ фидыдтой сæ кæрæдзиимæ. Флоренци хæцыд гвельфты фарс – ома Папæйы фарсласæн кодта, гибеллинтæ та уый ныхмæ уыдысты. Стæй дын гвельфтæ фæдихтæ сты «урсытæ» æмæ «саутыл». Данте фæцис «урсыты» фарс, Папæ Бонифаций VIII ныхмæ. Фæлæ Флоренцийы «саутæ» фæуæлахиз сты. Кæд поэт уыцы бонты Ромы цард, уæддæр ын фæсауæонмæ арты йæ басудзын стæрхон чындæуыд; «мæхæдæг мæхицæн парти» дæн,

зæгъгæ, загъта æмæ хæтыд Италийыл, Боккаччойы ныхæстæм гæсгæ, Парижмæ дæр афтыд.

Йæ ирвæзынгæнæг – сфæлдыстад: фыссы политикон трактат «Монархийы тыххæй», философон уацмыс «Куывд» италиагау, латинагау та – «Адæмон æвзаджы фæдыл», «Зæхх æмæ доны тыххæй».

Йæ царды фæстаг 6 азы арвыста Равеннæйы. Йæ райгуырæн Флоренци йын бахатыр кодта, фæлæ йæ амнисти ахæм æнæзæрдæзæгъгæ рауад, æмæ йыл Данте не сразы. 1321 азы йæ дипломаты фæдзæхстытимæ Венецимæ арвыстæуыд, фæстæмæ куы здæхт уырдыгæй, уæд тæфсæгæй æрсад æмæ бирæ нал ахаста… Равеннæйы разамонæг ын йæ сæрыл æрæвæрдта лаврæты цæгбаст.

Йæ саркофаг уыдис марморæй антикон заманты арæзт, æмæ йæ Дантейæн саккаг кодтой. Сæдæ фæндзай азы фæстæ йын йæ ингæны сæрмæ архитектор Ломбардо самайдзæн мавзолей – уый абон дæр лæууы Равеннæйы, адæм æм дунейы алы кæрæттæй цæуынц аргъуыц ын кæнынмæ…

Уыцы цоппайаг, уаддзалхау рахаубахаугæнгæ азты фæзынд йæ æнусæй-æнустæм цæрæццаг уацмыс «Хуыцауыдиссаг комеди».

Номдзыд поэт цы чызджы бауарзы, уый ном дæр йæхи номау фенусон кæны: цæвиттонтæ – хæрх. Беатричейыл уæд цыдаид фараст азы. Алигьери йæ федта, æмæ цард-цæрæнбонтæм йæ зæрдæйы ныххауд – басаст ыл æргом: «Уарзондзинады бардуаг Амор мын-иу бардзырдау ныффæдзæхста, фæцу æмæ ссар уыцы æвзонг зæдæнгæс чызджы; æмæ та-иу æз дæр, æвзонг лæппу, иу азæй иннæмæ фæцыдтæн æрмæстдæр йæ фенынмæ. Æмæ та-иу æм кастæн æнæфсисæй, уыцы хæрзуынд, хæрзуаг æмæ алы миниуджытæй дæр æппæлинаг хайджын. Гомеры ныхæстæ раст уымæ хаудтой: «Уый зæххон мæлинаджы чызг нæ уыд, фæлæ Хуыцауы!»

Биатриче дæр ыл иуахæмы йæ уарзæгой цæстæнгас афæстиат кодта, æмæ усгур лæппуйы амонд зæххы уæлæ нал цыд – уæлæрвтæм сæнхъæвзта, сабухта. Æмæ куыд кæна, цы кæна, зыдта йæ, уымæн нывонд кæй нæу, уый – дæ тыхст æмæ уырыд, дæ катайаг, судзаг æмæ æнцой ферохгæнæг удæн йе 'вдадзы хос – Поэзи, зæрдæйы æрфытæ æмæ уæрæхты райгуыргæ æмæ дун-дунетæм фæндаггæрдæг Аив Дзырд:

*Все в памяти смущенной умирает –*
*Я вижу вас в сиянии зари,*
*И в этот миг мне бог любви вещает:*
*«Беги отсель иль в пламени сгори!»*

Ӕмӕ ма дзӕвгар сонеттӕ фӕзындзӕн поэты сисы бынӕй йӕ ӕрвон уарзондзинадыл. Беатриче та цыма цавӕрдӕр банкирмӕ смой кодта, ӕрмӕст Данте нӕ ныхъхъус – уый нӕ, уый, фӕлӕ ма йӕ уарзты арт фӕцырендӕр, къорд алӕмӕттаг сонетмӕ ма сразӕнгард…

1290 азы Беатриче куы ахицӕн, уӕд Алигьерийыл йӕ арвы хай ӕрхауд, дунейы рухс ын бамынӕг – ӕнӕхъӕн афӕдз ыл фердиаг кодта. Ӕмӕ ӕрмӕстдӕр уӕд ракуырдта Джеммӕйы. Цы уды хъизӕмӕрттӕ бавзӕрста, уыдон йӕ ног чиныг – «Ног цард»-ы бындурон ӕрмӕгӕн бахъуыдысты.

Йӕ номдзыдты-номдзыддӕр уацмыс та комеди уыйадыл схуыдта, ӕмӕ, дам, кӕд зӕрдӕриссӕн цаутӕй райдайы, уӕддӕр цардыл цин кӕнынӕй фӕвӕййы. Дантейы размӕ дӕр Мӕрдты бӕстӕйы тыххӕй фыстой поэттӕ, фӕлӕ уыцы фӕлтӕрӕнтӕ хус, схематикон ныхӕстӕй уӕлдай нӕ ахадыдтой, дзырды аивадмӕ ницы ӕвӕрӕн бахастой, амӕн та ӕцӕг поэтикон хӕзна рауад.

Сӕйраг архайӕг дзы Данте йӕхӕдӕг у, абалц кодта Нарты Сосланау дӕлдунемӕ ӕмӕ, цытӕ, кӕйты уыны Зындоны, Тӕригъӕдтӕ Тайӕн ӕмӕ Дзӕнӕты, уыдӕттӕ ныв кӕны (ирон ахӕм уацмыстӕ нӕ зӕрдыл куыд хъуамӕ ма ‘рлӕууой!). Фӕндагамонӕг та йын кӕд ӕмӕ у раграгон поэт Вергилий. Дзӕнӕтмӕ ма йын фембал вӕййы Беатриче…

Хӕлӕггаг у, ацы гениалон уацмыс фыццаг хатт чи кӕсдзӕн ӕмӕ йӕ бирӕ комментариты фӕрцы бындуронӕй чи бамбардзӕн, уыцы адӕймаг. Хӕлӕггаг, о, стӕй арфӕйаг дӕр ма…

Ницыуал хуызы сфидауиккой ӕнӕ гениалон фысджытӕй къорд бӕстӕйы, ӕнӕ Къоста Ирыстонӕй райдай ӕмӕ фӕу Италийӕ ӕнӕ Данте хӕдбар паддзахадӕй.

Дунейы аивадон литературӕйы зынгӕдӕр уацмысы тыххӕй уӕддӕр та куы ницы зӕгъӕм, уӕд уый хъуыддӕгтӕн сӕ рӕстытӕй нӕ уыдзӕн…

Хуыцауӕй арфӕгонд «Хуыцауыдиссаг комеди» – уый у адӕймаджы

монон цардвæндагыл фыст истори, уæдмæ, ома, йæ ныффыссыны рæстæджытæм, чырыстон хъуыдыкæнынад цытæ сфæлтæрдта, уыдоны азфыст.

Ныхас дзы райдайы тæккæ уыцы уавæрæй, æмæ уацмысы рæбинаг-дæр архайæг цардæй куы сфæлмæцы æмæ йæ æнæбайрайгæ хъысмæт аивыны мæты куы бацæуы, куы райдайы царды рæстад агурын, алы удхæрттæ ‘взаргæйæ. Æмæ дзы кæд тынг бæстонæй радзырд цæуы поэт Дантейæн йæхи цардвæндаджы хабæрттыл, уæддæр йæ мидис у бирæ арфдæр – баст у дины поэзийы рæз æмæ философиимæ, Библийы текст æмæ литературæимæ суанг рагæнустæй фæстæмæ, сæрмагондæй та Вергилийы поэмæ «Энеидæ»-имæ.

Цы тарф хъæды койæ райдайы уацмыс, уый у æдзæллагмæ ‘рцæуæг царды æгъдæуттæ-бындурты символ, дунейы фыдахасты сурæт, æфсарм кæй фæцудыдта, царды хæрзтыл æууæнк кæй нал ис Дантейы дуджы – ома, поэтмæ гæсгæ, Аргъуан æмæ Империйыл, алцы дæр кæй ныттæсармæты.

Вергилийы та Данте нымайы антикон дунейы хуыздæр зондыл, хорз ын зыдта йæ номхъуыст поэмæ «Энеида» дæр. Троя куы ныддæрæн кодтой, уæд Эней уырдыгæй фæлыгъд æмæ фыдæвзарæнтæ æййафы. Уый дæр Дантейау Мæрдты бæстæм ныфтыд удæгасæй æмæ дзы зынгхуыст геройты удтæ уыны.

Данте адæймаджы фæзминагдæр миниуджытæ ам, Комедийы дæр æмæ йæ иннæ уацмысты дæр, хоны æнæхин удысконд, алцæм дæр бæрц зонын æмæ рæдаукъух уæвын.

Ай-гъай у «Комеди» махæн зынæмбарæн, æмæ йын æнæмæнгæй хъуамæ зонгæ кæнæм йæ хъæздыг комментаритимæ.

Дæлдунейы тыххæй та Нарты кадджытæ дæр, Къоста дæр æмæ ма æндæр ирон фысджытæ дæр фыстой цымыдисаг хабæрттæ…

Уæдæ дын Дантейæ куыд хъуамæ ма баззайа цыргъ, зондæххæст ныхæстæ:

*Де ‘ввахс адæймагæн тæссаг цæмæй у, ды дæр дæхи уымæй хиз.*

* * *

*Æз цы цæугæдæтты бацæуын, уырдæмты мæнæй раздæр никуы ничи бафтыд, никæд ничи ахызт сæ сæрты.*

* * *

*Схъæлзонд, зыдыка, хæлæгæймард – гъе уыдоны зынг никæд ахуыссы лæджы мидæг.*

* * *

*Макæд архай уарзæтты бардуаджы ныхмæ: цыфæнды мадзæлттæй куы пайда кæнай, уæддæр састы бынаты баззайдзынæ, бауырнæд дæ.*

* * *

*Ницы ис уымæй удхайрагдæр: фыдохы бон зноны амондджын сахат мысын.*

* * *

*Дæхи ма рæстытæ кæн, æндæр чидæр дæ бæсты хæрзтыцæуæг куы уа, уæд.*

* * *

*Сайын æмæ гуымиры тых – уый дын фыдгæндты хотыхтæ.*

* * *

*Зындоны гуыпп арты цæхæр æнхъæлмæ кæсы фæдисы уавæры алцæмæ дæр куыдфæндыйы цæстæй кæсæгмæ.*

* * *

*Æппæтæй зонынджындæр уыцы лæг у, æмæ йæ дзæгъæлы сæфт рæстæг æппæтæй мæстджындæр кæй кæны.*

* * *

*Истæуыл дызæрдыг куы фæкæнын, уæд мын уыцы равг къаддæр æхсызгон нæу алцы дæр бæстон зонынæй.*

* * *

*Царды нысан-иу бæргæ рахатид лæг, йæ хъуыдытæ афтæ арæх куынæ рафæлив-бафæлив кæниккой, уæд.*

* * *

*Адæм сæхи фылдæрхатт рæстæджы уылæнты æвджид бакæнынц! Афтæмæй та нæ тæссонд чемайæн алырдæмты здахæн ис: æмæ уæдæ лæг та йæхи гуылфæнты бар цæмæн бакæны, йæхи фæндыл цæуынхъом цæуылнæ у?*

* * *

*Зын сахат искæй фарсмæ балæууын нæхи миниуæг нæу, уый Хуыцауы фæндонæй рауад нæ удысконд уæрæх гом уæвын уарзондзинад, тæригъæд кæнын æмæ æндæр раппæлинаг æууæлтæн.*

* * *

*Дæ равзæрст фæндагыл æдæрсгæ цу, æмæ чифæнды цыфæнды дзурæд!*

О, кæд ма исты лæууы мæ зæрдыл, уæд уырыссаг дзырдбаст «девять кругов ада» дæр рацыд Дантейы поэмæйæ. Стæй, арæх цы рæнхъытæ æрымысыдæуы, уыдон дæр:

*Земную жизнь пройдя до половины,*
*Я очутился в сумрачном лесу,*
*Утратив правый путь во тьме долины,*
*Каков он был, о, как произнесу,*
*Тот дикий лес дремучий и грозящий,*
*Чей давний ужас в памяти несут.*

Комедийы æндæр тæлмацы та ацы рæнхъытæ сты афтæ:

*На полпути земного бытия,*
*Утратив след, вступил я в лес дремучий.*
*Он высился, столь грозный и могучий,*
*Что описать его не в силах я*
*И при одном о нем воспоминанье*
*Я чувствую душою содроганье,*
*Ужаснее лишь смерть бывает нам;*
*Но, ради благ, найденных мною там, –*
*Скажу про все, увиденное мною.*

**Франческо Петрарка** (1304 – 1374) – дунейы нымаддæр поэтты æмрæнхъ æрлæууыны бар кæмæн ис, уый.

Амæн дæр йæ фыд – «урс» гвельфтимæ баст, æмæ, сæ парти куы фæхæрд, уæд æй Флоренцийæ фæтардæуыд, æмæ куы кæм цардысты сæ бинонтæ, куы кæм. Франческо фæцис Болоньейы университет


**Франческо Петрарка**

æмæ дины кусæджы ном райста, йæхи сбаста Колоннайы мыггагæй епископ æмæ йе ‘фсымæр кардиналимæ горæт Авиньоны.

1333 азæй фæстæмæ цыппар азы фæцыд балцыты алы бæстæтæм – цæгат Франц, Фландри, Герман, бабæрæг кодта Ром. Стæй Авиньонмæ хæстæг бæстыхай балхæдта æмæ рæстæггай уым цард æмæ куыста. Куыста, зæгъгæ, уæд фыста…

Уæдмæ йæ кад куыд поэтæн айхъуыст, æмæ йæ 1341 азы Ромы Капитолийы лаврæты бын фæкодтой.

Йе сфæлдыстады сæйрагдæр рахæцæн сси хицæн адæймаджы бартæ фидар кæнын, схоластикæйæ йæ ирвæзын кæнгæйæ астæуккаг æнусты уды хъадамантæй. Иу трактат иннæйы фæдыл фыссы: «Алыварс дунейыл былысчъилтæ», «Хибарæй царды тыххæй», «Моладзанты æвдæлон сахаты фæдыл ныхас»… Æмæ дзы хибарæй цард уый охыл не стауы, æмæ, дам, æхсæндзарды хъуыддæгтæй дæхи иуварс лас, фæлæ æрдзы хъæбысы дæ миддуне сыгъдæгдæр кæн, размæдзыддæр кæн горæтаг дзолгъо-молгъойæ сæрибарæй. Уарз царды цинтæ, уарз сылгоймаджы, тырн кад æмæ цытмæ – уым æппæрццæгæй ницы ис…

Ахсджиагдæрыл та нымайы ахæм миниуæг, æмæ цины бон дæр æмæ фыдохы бон дæр адæймаг хъуамæ уа, Хуыцау разы кæмæй у, ахæм. Поэзи та хоны уды, зонды хуыздæр миниуджытæ агайæн æмæ рæзын кæнæн фæрæз, эстетикон стыр хæзна.

Петраркайæн йæ мæстыты судзагдæр уыд Италийы уавæр, дихтæ кæй у, иу æгъдау, иу фæткæвæрд дзы кæй нæй, фæлæ дзы уыйхыгъд анархи кæй æрбæстон, алы мидхъаугъатæ дзы кæй цæуы. Æмæ фыссы канцонæ – лирикон æмдзæвгæ «Мæ Итали» («Italia mia»). Уым, цыма Бæстырæсугъд сылгоймагимæ дзуры, æфхæрд сылгоймагимæ, зæрдæрыст, уыйау куры Хуыцауæй, цæмæй йын фæтæригъæд кæна, сиды дзы италиаг бæрнон лæгтæм, бынæттон разамонджытæм, цæмæй бафидауой, баиу кæной сæ тыхтæ-фæрæзтæ, æмæ Италийæ фæтардæуа æцæгæлæтты…

Æмæ та æнусæй-æнусмæ дæр поэт цæй поэт у, сылгоймаджы дунетæ рухсгæнæг, дунетæ фæтæнгæнæг, адæймаджы зæдгæнæг, æнæбасæттон хъæбатыргæнæг уарзтæй куынæ уарза, судзгæ-дудгæ уарзтæй, уæд! Дантейы Беатричейау Франческо та Лаурæйы ном тъымы-тъымамæ æнæмæлгæ скодта: уый дзы æмбырдгонд у, уый – «Зарджыты чиныг»! Æмæ дзы ис 317 сонеты, 29 канцонæйы, 9 секетины, 7 балладæйы æмæ 4 мадригалы! Латинаг æмæ италиаг æвзæгтыл. Йæ хицæн циклтæ та сты «Мадоннæ Лаурæйы цардыл сонеттæ», «Мадоннæ Лаурæйы мæлæтыл сонеттæ», стæй иннæтæ…

Петраркайыл сæххæст 23 азы, æрттиваг, адæмæн уарзон гуырд чызджы фыццаг хатт куы федта аргъуаны. Растдæр зæгъгæйæ та йæ раздæр Лаурæ бафиппайдта æмæ дзы йæ цæстытæ нал иста… Сæмбæлдысты дыууæ цæстæнгасы æмæ сæ хицæутты зардæтыл уарзты цæхæр бакалдтой. Фæлæ…

Ох-хына, Хуыцау кæрæдзийæн уарзт æмæ амонды охыл, фидыд царды хæрзæбоныл кæй сфæлдисы, уыдоны-иу сæ хъысмæт цæуылнæ баиу кæнын кæны, цымæ?.. Лаурæ уæдмæ кæйдæр бинойнагæй афæдзы дæргъы цард, стæй сси – мæнæ царциатæ! – иуæндæс сывæллоны адджын мад. Франческо та йæ ссæдз азæй фылдæр хуыдта Æнæаипп Æхсин æмæ фыста æмæ фыста сонеттæ йæ номыл, йæ ном ын æнæмæлгæ кæнгæйæ, айдагъ йæ ном, хъыгагæн…

1348 азы æгас Европæйыл дæр мæлæттаугæ æрзылд емынæ, йæ амæттаг фæцис Лаурæ дæр… Фараст азы йыл фæкуыдта Поэт…

Петраркайы сфæлдыстад хорзæрдæм фæзынд дунеон литературæйыл, раст ма ахæм жанр дæр фæзынд – петраркизм, мæнæ бирæ фæстæдæры есенинщинæйау. О, о, фæцæй мæ рох кодта, Петраркамæ ма ахæм уацмыс дæр кæй ис, уый – «Фыстæг байзæддæгтæм». Айдагъд дзы иу хъуыдыйад æрхæссæм: «Æмæ цынæ дзурдзысты мæн тыххæй адæм, иугæр сæ алчи дæр, æцæгдзинад ын куыд амоны, афтæ нæ зæгъдзæн, фæлæ кæсдзæн йæ хивæнд хъуыдыйы коммæ, гъемæ уæдæ нæй бæрц нæдæр се ‘ппæлдæн, нæдæр сæ фыдгойæн».

Ныр та кæронбæттæны бæсты, Лаурæ йын цы сонетты стыр хал фыссынмæ амидингæнæг басгуыхт бар-æнæбары, уыдонæй уæд та ма зыбыты иунæг рафыссæм уырыссаг æвзагмæ Вячеслав Ивановы тæлмацæй:

*Благословен день, месяц, лето, час*
*И миг, когда мой взор те очи встретил!*
*Благословен тот край, и дол тот светел,*
*Где пленником я стал прекрасных глаз!*

*Благословенна боль, что в первый раз*
*Я ощутил, когда и не приметил,*
*Как глубоко пронзен стрелой, что метил*
*Мне в сердце Бог, тайком разящий нас!*

*Благословенны жалобы и стоны,*
*Какими оглашал я сон дубрав,*
*Будя отзвучья именем Мадонны!*

*Благословенны вы, что столько слав*
*Стяжали ей певучие канцоны*
*Дум золотых о ней единой сплав!*

Ӕмӕ йӕм уӕдӕ куыд хъуамӕ ма разындаид Франческомӕ зӕрдӕбынӕй загъд ныхӕстӕ-фӕдзӕхстытӕ дӕр:

*Ныхасаг хъуыддаджы чи цы зондыл хӕст вӕййы, чи – цы, ӕмӕ сбыцӕу вӕййынц, афтӕмӕй рӕстдзинад та алкӕд дӕр иу у.*

* * *

*Цӕмӕй бӕстӕ сабыр ӕмӕ ӕдас уа, уый охыл хицаудзинадмӕ тырнын афтӕ амоны, ӕмӕ дӕхи уадтымыгъӕй ӕмбӕхсыны охыл вулканӕн йӕ артдзӕвӕныл куы сбадай.*

* * *

*Ӕнӕфсис кӕддӕриддӕр гӕвзыкк у: цас дӕ хъӕуы, уымӕн йӕ бӕрц фидарӕй зон.*

* * *

*Ӕцӕг ӕгъдауджын ӕмӕ ӕфсармджынӕй ничи рантысы дунемӕ, фӕлӕ ахӕм свӕййы лӕг йӕ фӕзминаг, рӕгъмӕ хӕссинаг хъуыддӕгтӕй.*

* * *

*Йӕ фадат ма афтӕ зӕгъын кӕмӕн фӕамоны, мӕнӕ пиллон арты судзын, зӕгъгӕ, уый бын ма ӕрмӕстдӕр лыстытӕй арт фӕсудзы.*

* * *

*Мæнгуд, зæрдæхсаинаг кады бæсты дæ иу кад дæр ма бахъæуæд!*

* * *

*Хъуæгтæ дæр ма æййаф æмæ дæм уæлдайджынтæй дæр ма уæд; макæуыл уæлæхох у, дæлбар макæй кæн, стæй дæхæдæг дæр макæй цур у дæлдзинæггонд – гъе уый дын мæ царды нысан.*

* * *

*Куыд уарзы, цас бирæ уарзы, уыдæттæ дзурынмæ æрмæстдæр уый у разæнгард æмæ арæхстджын, йæ уарзондзинад халыл кæмæн хæцы.*

* * *

*Хъæндзинæдты бынæй чи нæуал фæзыны, уый дæлбаргæнджытæ дæр чысыл нæ вæййы.*

* * *

*Дæхи æнæ бындурæй стауынæй искæй уæгъды æфхæрын æмæ дæлдæр кæнын бирæ тæригъæддагдæр миниуæг схонæн ис.*

* * *

*Чъындыдзинад цас мæрддзæстдæр уа, уыйас æгъатырдзинад та саузæрдæдæр кæны.*

* * *

*Цы ахъаз уыдысты дæ зонындзинæдтæ, иугæр дæ цардыл хуыздæрæрдæм кæм нæ фæзындысты, уым...*

* * *

*Мæрдтæн ницы ахъаз у кад, æгæсты та арæхдæр мæлæтæй тæссаг уавæрты баппары.*

...Цыфæнды æнæвдæлонæй дæр нын æнæ раздæхгæ нæй поэт, прозаик æмæ драматург **Габриэле Д ‘Аннунциомæ** (1863 – 1938).

Ирдæй, тæмæнтæкалгæ æвзагæй, стæй æнцонæмбарæнæй фыста, экстравагантон цы хуындæуы, ахæм темæтыл, дæлдунейы æууæлтыл, нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн зæрдæ хъыдзыгæнæн ахастытыл. Иуæрдыгæй, – роман «Царды цин», иннæрдыгæй, – «Мæлæты триумф», иуæрдыгæй, – сылмондаджы, æрмæст фосыл фидауæг



Габриэле Д 'Аннунцио

æнкъарæнтæ (радзырд «Идæдз ус»), аннæрдыгæй – лæгау лæджы удысконд, ноджы ма уыцы иу рæстæг фыдракæндмæ дæр цæттæдзинад.

Иттæг арæхстджын уыд Габриэле къаннæг радзырдтæ фыссынмæ. Йæ ахæм уацмысты æмбырдгонд «Цъингуырты новеллæтæ» дзаг у худæджы хабæрттæ æмæ мæгуыргурты царды натуралистон нывтæ, æдзæлгъæд эротикæ æмæ æрдзы царддæттæг тыхтыл гимнæй.

1910 азты Парижы театрты тынг æнтыстджынæй цыдысты йæ пьесæтæ. Æмбисонды хъæздыг æвзагæй æвдисы материалон дунейы рæсугъддзинæдтæ. Йæ рæбинагдæр бæллиц та у Италийы кæддæры кад раздахын, цард исты хъæбатыр архайды фæрцы аивын. Æмæ уыйадыл сси хæстыл зарæггæнæг æмæ Фыццаг дунеон хæсты архайгæ дæр кæны – уыд бомбæтæ æппарæг хæдтæхджыты къорды разамонæг.

Гъемæ, адæттæ зæрдыл даргæйæ, диссаг нæу, фашизм, йæ рынчынгонд наци йын чи сдзæбæх кæндзæн, ахæм фæрæз кæй фенхъæлдта, уый дæр. Фæлæ сын сæ гуымиры уаг куы федта, уæд сæ йæхи иуварс айста æмæ йæхимæ æрыхъуыста – фыссы лирикон автобиографион уацмыстæ, уыдонимæ «Йæхи амарын фæлварæг Д 'Аннунциойы сусæг чиныджы сæдæгай æмæ сæдæгай сыфтæ».

Лев Толстой æмæ йыл Федор Достоевскийы тæваг кæй фæзынд, ууыл комдзог цæуы йæ роман «Æнæазымджын». Зындгонд кинорежиссер Лукино Висконти уымæ гæсгæ систа кинонsocket.

Батæхуды кæнут, уæд та ма йын æппынфæстагмæ исты амалæй йæ къаннæг уацмыстимæ базонгæ у, зæгъгæ…

*Уыдзæн ма*

ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ

# ÆНУСТÆМ ХЪУЫДЫЙАГ ХÆРЗГÆНÆГ

*Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хъазыбеджы райгуырды 100 азы бонмæ*

*Очерк*



*Тæхуды йæ уарзондзинад,*
*Йæ хорз ном, йæ фыдæлты кад*
*Чи уадзы уæлæуыл зæрондæй.*

*Къоста*

Хорз адæймаджы кой дардмæ хъуысы. Йæ кад, йæ намыс – фæлтæртæн фарнхæссæг. Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы тыххæй дзурын, нуæй, æнцон у, иннæмæй, – бæрнон хæс. Мæ сабийы бонтæй фæстæмæ алы бон кæй уыдтон (иу сыхбæсты цардыстæм), йæ цард, йæ хорз хъуыддæгтæй хъæубæсты фарн æмæ кад бæрзонд чи систа, адæмы иудзинадыл чи архайдта, йæ дæлбар хæдзарады рæстæн æппæт мадзæлттæ чи арæзта, Æрыдоны районы цæрджыты 'хсæн йæ ном зарджыты аккаг кæмæн сси, уыцы Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы тыххæй нывæнддзынæн мæ мысинæгты къуыбылой.

Хъазыбегæн йæ зæрдæйы цы уарзондзинад уыд райгуырæн зæхмæ, йе 'мхъæуккæгтæм, ирон адæммæ, йе уæнгты цы лæгдзинад æмæ ирон æгъдау уыд, уыдон ын йæ фыдæлтæй баззадысты. Цъæйы æнусон бæрзонд хæхты астæу, йæ алæмæты æрдзы хъæбысы цардысты йæ фыдæлтæ. Аргъæутты дзуринаг рæсугъд бынæттæ, фæлæ цæрынæн – зынвадат. Ам цардысты тыхтухитæ кæнгæйæ, мæгуырæй. Хадзымуссæ, кæд алы куыстмæ дæр рæвдз, комы нымад лæппу уыд, уæддæр æнкъардта йе уæхсчытыл хæдзары уæз, бæрнондзинад. Хор ласынмæ-иу Салтаныхъы быдыртæм йæ галтыл æрцыд, хурыскастæй

хурныгуылдмæ фыргуысты фæстæ та-иу фæстæмæ, йæ мидхъуыдытимæ хъуырдухæнтæ кæнгæ, хохы цъасмæ ахæцыд. Хæлæг кодта парахат быдырон зæххыты хъæздыгдзинадмæ, быдираг цардмæ. Фæлæ...

Бонтæ цыдысты, фарн хастой семæ. Æрыгон лæппуйы бæллиц – лæгъз быдыры æрцæрын, йæ сой зæххытæ бахуым кæнын – йæ зæрдæйæн æнцой нæ лæвæрдтой. Фынты дæр æдзух йæ цæстыты раз лæууыдысты. Æмæ бирæ хъуыдыты фæстæ Хадзымуссæ рухс фидæны фæндагыл раст йæ уарзон алæмæты цъитиджын хæхты хъæбысæй царддæттæг лæгъз быдырмæ. Цæрæн бынатæн равзæрста Къардиуыхъæу (абоны Кировыхъæу). Хъæубæстæ йæ бауарзтой, куысты уыд сæрæн, æдзух – раззагдæртимæ. Бахæстæг кодта Баситы мыггагимæ. Уарзондзинад тыхджын у, æмæ сын Анутæимæ цард бацайдагъ. Æрыгæтты уарзты ахстоны райгуырд 10 хъæбулы (дыууæ сывæллоны амардысты гыццылтæй).

Хадзымуссæ æмæ Анутæ (Нана) кæд зæхкусджытæ уыдысты, мæгуыр цард кодтой, уæддæр сæ цыппар лæппуйы æмæ цыппар чызджы сæвæрдтой царды рæсугъд фæндæгтыл, сахуыр сæ кодтой ирон хæдзары скъолайы æгъдæуттыл, адæм æмæ фæллоймæ уарзондзинадыл.

Мæрзойты фæрныг хæдзары Хъазыбег уыд цоты хистæр, райгуырдис 1926 азы 13 июны. 1943 азы фæцис Кировыхъæуы фарастазон скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ.

Хъазыбег æмæ Мамиаты Заретæ – ацы рæнхъыты авторы мад – уыдысты æмкъласонтæ. Йæ мысинæгтæм гæсгæ, ахуыры æмæ æхсæнадон царды Хъазыбег уыдис фæзминаг. Уæлдай хуыздæр æнтыстытæ йын уыд математикæйæ. «Нæ ахуыргæнджытæ диссаджы фæзминаг уыдысты алы хъуыддаджы дæр, сæ сæргъы – скъолайы директор, химийы ахуыргæнæг Реуазты Маня», – дзырда-иу Хъазыбег. Скъолайы æмæ районы алыхуызон олимпиадæты, спортивон ерысты, фæскомцæдисонты слетты, скъоладзауты бригады уæнг уæвгæйæ, Хъазыбег колхозæн сæрды бонты быдырон куыстыты æмæ фæззæджы фæллой æфснайыны рæстæг кæдфæнды дæр уыд раззагдæрты рæнхъы. Фæллой царды фæрæз кæй у, уый, æвæццæгæн, уыцы рæстæг банкъардта.

Астæуккаг скъолайы фæстæ бинонты уæззау уавæрмæ гæсгæ Хъазыбег бацыд кусынмæ колхозмæ. Сбадт тракторыл. Йæ фыццаг ауæдз дæр ам акодта, колхозы быдырты. Æвæццæгæн, уыцы



бон райгуырдысты йæ уарзты æнкъарæнтæ дæр зæххы куыстмæ. Куыста Æрыдоны МТС-ы тракторон бригады хыгъдхæссæгæй. 1947 – 1948 азты горæт Орджоникидзейы сахуыр кодта бухгалтеры курсыты æмæ кусын райдыдта Садоны поселочы советы нымæрдарæй, стæй та – бухгалтерæй сæ астæуккаг скъолайы.

1950 – 1951 азты йæ граждайнаг хæс ахицæн кодта Советон Æфсады рæнхъыты службæйы. Фæстæмæ сыздæхт йæ райгуырæн хъæумæ (уæдмæ фыд амард, бинонты уæз йе 'рыгон уæхсчытыл æрæнцад) æмæ кусын райдыдта колхозы сæйраг бухгалтерæй.

Ахуыр æмæ фæллой Хъазыбегæн систы царды дыууæ базырау. Уыдон ын лæвæрдтой ныфс рæсугъд фидæнмæ тырнынæн. 1954–1956 азты фæсаууонмæ ахуырмæ бацыд Цæгат Ирыстоны хъæууонхæдзарадон скъоламæ, 1956 – 1957 азты – уæлдæр партион скъоламæ (Совпартшкола). Бонæй-бонмæ йæ фæлтæрддзинад æмæ зонындзинæдтæ уæрæхдæр кодтой. Назраны хъæууонхæдзарадон техникум каст фæци фæсауuонмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, 1970 азы та – Хæххон хъæууонхæдзарадон институты экономикон факультет. Кæмфæнды дæр йæ фæстæ уагъта хорз фæд, уыд фæзминаг, йæ алыварс цы æмгæрттæ æмæ кæстæртæ уыд, уыдонæн.

Мæрзойы-фыртæн гуырдзæй нæ баззад хъæздыгдзинады хордзен, уыйхыгъд йæ удварн æххæст уыд ирон фарн, ирон æгъдау, уæздандзинады æуууæлтæй; фæзминаг – алы хъуыддаджы. Йæ фæлмæн бахудт æмæ рæвдыд ныхасæй-иу адæймаджы тыхст æрбайсæфт æмæ-иу дзы ныфс бауагъта, æххуысхъуагæн та-иу йæ курдиат баххæст кодта. Зыдта адæмимæ ныхас кæнын, æмбæрста алкæмæн дæр йæ рис, йæ сагъæс.



Ӕрыдоны райкомы фыццаг секретарь Калоты Георги дзæгъæлы нæ загъта: «Хорз уæвын алкæй дæр фæнды, фæлæ уый алкæй къухы не 'фты. Мæрзойты Хъазыбегмæ уыд ӕрдзон курдиат æхсæны куыстмæ, адæмимæ цæрынмæ. Искæй æнкъардæй куы федтаид, уæддæр йæ цурты нæ ацыдаид: «Цы кæныс? Цæмæй тыхсыс?» Йæ рæвдыд ныхасæй дзы ныфс бауагътаид, кæд æххуысхъуаг уыд, уæд та йын æххуыс бакодтаид».

Хъæубæстæ йын хистæрæй-кæстæрмæ кодтой стыр аргъ, æууæндыдысты йыл æмæ йæ 1957 азы колхозы активы уынаффæмæ гæсгæ, уæлдайдæр Козаты Сафонкайы хъæппæрисæй, равзæрстой колхозы сæрдарæй. Хъазыбег уыцы аз йæхицæн стыр хæсыл банымадта Советон Цæдисы Коммунистон партийы рæнхъытæм бацæуын. Хъæубæсты æууæнк æмæ бæрнондзинад алы уæнгæй дæр æнкъардта, архайдта йæ дæлбар хæдзарады рæзтæн фылдæр хорздзинæдтæ саразынил.

Кировыхъæуы хæсты ветерантæ æмæ йæ цæрджытæ дысвæлдæхтæй архайдтой стырæй-чысылмæ хæдзарады райрæзтыл, ног амондджын цард аразынил, æмæ æрыгон сæрдары фарсмæ балæууыдысты колхозы раздæры сæрдартæ, фæлтæрдджын æмæ куырыхон хистæртæ Къозонты Къоста, Хъайтмазты Къоста, Козаты Сафонка æмæ Спъиридон, Гаджиты Матвей æмæ иннæтæ. Уый сæм лæмбынæгæй хъуыста, пайда кодта сæ зонындзинæдтæй. Ноджы бæлвырддæр кодта сæ сарæзт бынтæ, арæхстгай сæм æфтыдта царды домæнтæм гæсгæ цардæгас хæрзиуджытæ. Ӕмæ бонæй-бонмæ уавæр цыд хуыздæрæй-хуыздæрмæ, фæллойадон ӕгъдау фидардæр кодта, разæнгардгæнæн фæрæзтæ арæзт цыд бригадæты æхсæн, æмæ иумæйагæй фæллойгæнæг адæмимæ куысты мидæг цæлхдуртæ иуварс

цыдысты. Колхозы активисттæ Дзалаты Солтан æмæ Гаппо, Сихъоты Кота æмæ Адæбе, Мурасты Чермен, Козаты Гуыбе, Гаджиты Алыбег, Бирæгъты Кирил, Куыдзæгты Уалент, Къадзаты Евген æмæ иннæтæ удуæлдайæ архайдтой алыхуызон халсарты хъæздыг тыллæг æрзайын кæныныл: нартхор, цæхæра, джитъри, бадырджан, сысджы, мæнæу, харбыз æмæ а. д. Цыбыр рæстæгмæ Хъазыбеджы рæстад разамынды фæрцы колхоз йæхиуыл фæхæцыд, æмæ хæдзарад æнтыстджынæй рацыд республикæйы колхозты æмрæнхъ. Æххæст кодта паддзахадæн



СЦКП-йы XXIV съезды делегаттимæ

фосдарыны продукттæ, хор, дзидза, къуымбил, сæкæры цæхæра, гæн æмæ иннæ культуртæ уæй кæныны хæслæвæрдтæ.

Колхоз æмæ хæдзарады уæлахиздзау кусджытæ цалдæр азы мидæг уыдысты ССР Цæдисы Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты равдыстыты архайджытæ (ВДНХ) Мæскуыйы, æмæ сын лæвæрд æрцыд майдантæ, дипломтæ æмæ хæрзиуджытæ.

Хæдзарад ма йæ рæзты фæндагыл куы уыд æмæ Мæрзойты Хъазыбегæн 1966 азы 30 апрелы Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном куы радтой, уæд-иу газеттæ æмæ журналты фæрстыл арæхæй-арæхдæр фæзындысты алыхуызон цымыдисаг æрмæджытæ. 1966 азы литературон-аивадон æмæ æхсæнадон альманах «Советская Россия»-йы фæрстыл мыхуыры рацыд очерк «Восхождение». Æвдыст дзы æрцыд æрмæст Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы разамонæджы рæстдзæвин архайд нæ, фæлæ, йæ колхозонты цард къæпхæнгай куыд ивта, уый дæр. Æрхæсдзыстæм дзы цалдæр скъуыддзаджы.

«Трудно было, очень трудно, поднимать хозяйство, – рассказывает председатель колхоза имени Коста Хетагурова Казбек Марзоев. – Нам, молодым, это было бы не под силу, если бы мы не ощущали тепло заскорузлых рук ветеранов колхозного производства. Ксения Гагиева, Пре Дзалаев, Коста Кайтмазов, Алексей Кадзаев, Лаврентий Коциев, Дуня Боциева... Да разве всех перечислишь?! Изможденные, в поношенных телогрейках, они исходили какой-то неуемной силой и энергией. Они прошли огонь и воду, не раз глядели в лицо беде, и все-таки в них жила извечная мудрость, та преданность земле, которая нас, молодых, просто за живое брала.

Пишущая братия любит поговорить о бессонных ночах и о многом другом. Чего греха таить, были бессонные ночи, были сомнения и неуверенность в себе. Все было. Но было и то, чем одарили нас ветераны колхозной жизни – вера в лучшее…

Я хочу сказать, что у колхозника на душе всегда весна. Эта пора ему дорога так же, как осень – золотое время вызревания урожая и его сбора. Мы еще сеяли зерновые, а в Науре овцеводы дни и ночи проводили в кошарах. Тревог и волнений не счесть, а радости было еще больше.

Давид Дзоциев недавно стал кавалером ордена Трудового Красного Знамени. Никого, наверно, и его самого это не удивило. Он причислен



к этому ордену с молодости, и теперь он знатнейший чабан республики…

Труд пастуха воспет поэтами. Но воспевается он легковесно и до обидного односторонне. Судя по стихам, пастух стоит на скале, наигрывает на свирели, и все остальное само собой образуется. А ведь все остальное – это тяжкий труд, круглогодичный труд вдали от семьи и домочадцев. Комфорт в кошарах современный – телевизор, приемник, газовая плита... Но как увидеть, выглядывая из городских жилищ, пот на лбу многоопытного человека или неоперившегося еще юнца.

Верхогляд не поймет Бибо Басиева, коротому пошел девятый десяток. А он – сакманщик. Он идет по зову сердца и в Наур, и в знойное пекло конопляного поля.

Вот уж поистине жаркое поле битвы. Коммунистка Ксения Гагиева никогда не покидала его. А ныне у нас много молодых мастеров. И Бабуца Дзалаева, и Махарбек Туаев, и их друзья вдохнули жар конопляный, но опыт старших – клад для них. Их содружество и принесло добрую славу колхозу».

«Молодость села... Ее чувствуешь и в огневых танцах колхозного

ансамбля, и в отменно возделанных конопляных полях ученической бригады, и в студенческой зачетке Иры Гацоевой, и во всем облике нашего села.

Но речь шла об облике села. Жители Кирово и пионеры, и аборигены. Говорят, под одной из улиц, покрытой нами гравием, старожилы заметили и запомнили мощеный след трассы, по которой приезжал в Осетию Пушкин. Возможно, это легенда. Но каждое людское поселение вполне закономерно обрастает бывальщиной.

Приходят на память и строки Нигера. Трагическая история героя одной из поэм поэта разыгралась именно здесь, в Кардиу (так раньше называли наше село).

Здесь же взлетела мужественная песня Якова Хозиева...

Когда-нибудь в литературном музее села Кирово будут знаменитые экспонаты. Но сегодня мне хочется сказать о том ревнивом чувстве, с которым мои земляки относятся к родному селу. Это чувство – любовь! Любой сельчанин, если у него выдалось свободное время, позаботится о красоте Кирово. Улицы приобретают благоустроенный вид, исчезает грязь, слякоть. Центр все больше притягивает сельчан. Клуб, детсад, аптека, амбулатория, библиотека... Нашим земляком Русланом Джанаевым выполнены бюсты Кирова, Коста, Якова Хозиева. Газ, телевизор, радио и телефонная связь – обыденное явление в молодом равнинном селе.

Но судить о ритме и темпе жизни села, о ее содержании опять-таки лучше по скупым сведениям сводок. Кировцы выполнили годовые планы по мясу, яйцу и шерсти еще в мае, а полугодовое задание по молоку в июне».

Куыд хæдзардзин разамонæг, кæстæртыл аудæг, Хъазыбегæн уыд бастдзинад Ирыстоны институтты æмæ техникумты ректортимæ. Уыдоны ‘хсæн цыд ерыстæ, фæззыгон быдырон куыстыты тыллæг æфснайыны рæстæг Хъазыбеджы колхозмæ кусынмæ чи ацæуа, ууыл. Уымæн, æмæ Хъазыбег архайдта æрмæст хæдзарадæн пайдайы охыл нæ, фæлæ алы æгъдауæй дæр аккаг социалон фадæттæ саразыныл студенттæн, зæрдиагæй сыл аудыдта. Се ‘рцыдмæ сын-иу рагацау цæттæ уыдысты райдзаст цæрæнбынæттæ, æртæ хатты сын лæвæрдтой хъарм хæринаг. Студентты фæрцы экономикон æгъдауæй хъæздыг хорæрзады бафснайд цыд афоныл, цалдæр хатты фылдæр пайда уыд




колхозæн. Студенттæм та æвзæрдисты уарзондзинады æнкъарæнтæ фæллоймæ, хуымæтæг кусæг адæймагмæ.

Цымæ цал æгъуыссæг æхсæвы арвыста Хъазыбег йæ адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны охыл? Уый йæ адæмы, йæ хъæубæсты, зæххы куыст афтæ тынг куынæ уарзтаид, уæд сын йæ царды æрыгондæр азтæ дæр не снывонд кодтаид. Æрмæст Кировыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы сæрдарæй бакуыста 27 азæй фылдæр. Æртæ азы та Мичурины хъæуы фæстæзад колхозы бакуыста сæрдарæй Хицауады уынаффæмæ гæсгæ, æмæ та уый дæр Æрыдоны районы раззагдæр колхозтæй иу сси.

Фæлæ уæддæр, Хъазыбег йæ Кировыхъæубæстæн цы хæрзты бацыд, уыдон нымайæг нымад нæ фæуыдзæн. Сæ сæйрагдæртæ: æрдзон газ фæзынд алы хæдзары, хъæуы уынгты æфсæйнаг хætæлтыл рацыд нуазыны дон, адæм сæ ведратимæ иу тигъæй иннæмæ цъайтæй дон нал хастой. Уый цас удæнцойдзинад æрхаста цæрджытæн! Уæдæ хъæуы стæмтæй фæстæмæ алы хæдзары фæзынд радио, телевизор, телефон. Хъæуы уынгтæ æмæ фæндæгтæ лæгъзгонд æрцыдисты, сæйрагдæр

уынгтæ – асфальтæй æмбæрзт. Телыхъæдтыл фæзындысты электрон цырæгътæ дæр.

Базарады экономикæйы рæстæг хъæууон хæдзарады тыхджын райрæзтæн цæлхдуртæ куыд нæ уыд, фæлæ та-иу Хъазыбег йæ куырыхон зонды фæрцы ссардта ног амæлттæ сæ аиуварс кæнынæн. Йæ фæрцы æхсайæм азты колхозы сарæх мæркусæн техникæ дæр.

Ног скъола, ног Культурæйы хæдзар, рæвдауæндон, алыхуызон



Йæ мад Анутæ, цардæмбал Лидæ, фырт Славик, чызг Аллæ, кæстæр хо Ленæ, чызджытæ Бэлæ æмæ Светæимæ

дуканитæ, уæлæйы дзаума æмæ дзабыртæ хуыйæн цехтæ, чиныгдон, æхсыры-товарон, лыстæг фосы, цъиутæдарæн фермæтæ – иууылдæр арæзт цыдысты кусæг лæджы цардыуаг фæрогдæр кæнынæн. Хъæуы цæрджытæй бирæтæн бантыст цæрæн хæдзæрттæ саразын колхозы æххуысæй.

Радих-иу сын кодтой зæххы хæйттæ, фæкаст-иу сæм арæзтадон æрмæгæй. Зæгъæм, Хъазыбеджы фæндонмæ гæсгæ правлени рахаста уынаффæ, поэт Туаты Сергейæн колхозы хардзæй арæзт куыд æрцæуа дыууæуатон хæдзар зæххы хаимæ. Ацы фæндон царды æххæст-

гонд дæр æрцыд. Ахæм хабæрттæ иу æмæ дыууæ нæ уыдысты йе ʻнæрæнцой куысты. Бонæй-бонмæ йæ царды рифтаг дзагæй-дзагдæр кодта фæзминаг хъуыддæгтæй.

Æрмæст нæ республикæйы хæдзарæдтæ нæ, фæлæ ивгъуыд XX æнусы 60-æм азты Бирмæ æмæ Болгарийæ уазджытæ нæ уæлдæр хицауадимæ цалдæр хатты бабæрæг кодтой Хетæгкаты Къостайы номыл колхоз. Стыр аргъ кодтой хæдзарады æнтыстдзинæдтæн, йæ экономикон, социалон æмæ культурон рæстæн æмæ сæ фæзминаг дæнцæгæн парахат кодтой сæ бæстæты.

Хъазыбег ахæм хæларзæрдæ, уазæгуарзон адæймаг уыд, æмæ йын Ирыстонæй Мæскуымæ, Советон Цæдисы алы горæтты хорз зонгæтæ æмæ æрдхæрдтæ кæм нæ уыд, ахæм ран зын ссарæн уыд. Уыдис ын парахат бастдзинад Горькийы номыл автомобилон заводы хицауимæ. Сæ лымæндзинады фæрцы, колхозæн цыдæриддæр техникæ хъуыд, уыдон ногæй-ногмæ ивтой.

1984 – 1986 азты Хицауады уынаффæмæ гæсгæ Мæрзойты Хъазыбег уыд нæ республикæйы хъæууонхæдзарадон Паддзахадон комитеты сæрдары хæдивæг, 1986 – 1989 азты та – Цæгат Ирыстоны Паддзахадон аграрон промышленнон транспортон дæлбархайады хицау. 1989 азæй йæ царды фæстаг бонтæм разамынд фæлæвæрдта мыдыбындзыты совхоз «Бехъан»-æн.

Уыд Æрыдоны райкомы партион организацийы активондæр æхсæнадон архайджытæй, СЦКП-йы XXIV съезды делегат, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Æрыдоны райсоветы депутат, СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы æмæ Æрыдоны райкомы, Уæрæсейы колхозты Цæдисы уæнг, адæмон депутат. Йæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Советон Цæдисы Фæллойы Хъæбатыры номæй, Ленины орден æмæ бирæ æндæр Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны хæрзиуджытæй.

Хъазыбег йæ фæстæ Æрфæны фæдау хорз фæд ныууагъта йæ фæзминаг хъуыддæгтæй Ирыстоны цæрæг адæмты зæрдæты. Уæрæсейы æмæ фæсарæнты йын цы бирæ зонгæтæ уыд, уыдоны зæрдæты дæр тулдз бæласы уидæгтау ныффидар кодта йæ кады ном.

Уыимæ царды къæпхæнтыл афтæ бæрзонд не схызтаид, йæ фарсмæ фидар цæджындзæн йæ цардæмбал Калоты Лидæ куынæ уыдаид, уæд. Лидæ уыд æцæг нæртон сылгоймаг, къонайы фарн. Хъазыбегæн

уырдыг фæлæууыд йæ царды фæстаг бонмæ, уарзонæй фæлæггад кодта æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ, æдзух йæ фæстæ цы бирæ æмгæрттæ, æхсæнадон архайджытæ, суанг ма фæсарæйнаг уазджытæ цыд сæ хæдзармæ, уыдонæн дæр. Уый фæрцы Хъазыбеджы зæрдæ йæ бинонтæм никуы æхсайдта. Сæ ахуыры хабæрттæ, хæдзары зылдтытæ, хъомыладон фарстатæ бындуронæй иууылдæр бæрнонæй уæз кодтой Лидæйы уæхсчытыл. Сæ уарзондзинады фæрцы фидар ахстон сбыдтой царды, æмæ сын равзæрд цыкурайы фæрдгуыты хуызæн æртæ чызджы – Светæ, Беллæ, Аллæ – æмæ къонайы бындар Вячеслав (Славик).

Светæ æмæ Аллæ райстой дохтыры дæсныйад. Беллæ экономистыл сахуыр кодта. Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады куыста æмæ сси дæлбулкъон. Славик дæр уыд Мидхъуыддæгты дæлбулкъон, хъыгагæн, йæ тæккæ лæджы кары уæззау фæрынчыны фæстæ ацы дунейæ ацыд йе 'цæг бæстæм. Хъазыбег æмæ Лидæ сæ хъæбултæй уыдысты разы, алчи дæр сæ ссардта йæ амонд. Сæ цинæй уыдысты цинæфсæст, уымæн æмæ рауадысты ныййарджытæн аккаг фæдонтæ. Сæ æрдхæрæны фыдау æнæзæрдæхудт лæггад фæкодтой æмæ кæнынц Ирыстонæн алы куыстуæтты.

Беллæ æдзухдæр сæрыстырæй мысы йæ кадджын фыды: «Алкæмæн дæр, æвæццæгæн, йæ фыдæй хуыздæр, зынаргъдæр нæй. Æмæ уый хъуамæ афтæ уа. Мæ фыды хуызæн хæрзæгъдау, уæздан æмæ цæстуарзон адæймаг дыккаг æз нæ зонын. Мæ ахастдзинад, мæ уарзондзинад æм æгæрон у, хуымæтæг ныхæстæй йæ нæй зæгъæн. Афтæ тынг æй уарзтон æмæ уарзын. Уыцы уарзондзинады æнкъарæнтæ мæ бон ницæимæ у абарын: нæдæр мæ мадмæ, нæдæр мæ мадызæнæгмæ, нæдæр мæ цотмæ уарзтимæ. Исчи зæгъдзæн, стыр ныхæстæ сты. Нæ!.. Уый æцæг афтæ у. Уыцы уарзты монцтæ уæлдай тынгдæр райдыдтон æнкъарын, азтæ мыл сæ уæз куы 'руагътой, уæд. Æрмæст уарзгæ нæ, фæлæ ма йын кодтон стыр цыты аргъ, фæллойгæнæг адæймагæн аккаг аргъ кæй кодта, йæ рисæй кæй рысти, алкæй циныл зæрдæйæ кæй цин кодта, сæ зындзинад, сæ уавæр сын кæй æнкъардта æмæ уыдта, бахъуаджы сахат сын æххуыс кæй кодта, уый тыххæй. Æппæтыл æххæсгæ та куыд кодта?! Хицауадимæ уыд бæрнон кусæг, сыхæгтимæ – сыхаг, хиуæттимæ – хион, кусæг адæмимæ – хуымæтæг, цæстуарзон хæлар.

Йæ уæздандзинад, йæ быхсондзинад мæ æдзух хъуыдытыл æфтыдтой. Нæ хæдзары йæ никуы федтон тыхстæй, хъæрныхас кæнгæ. Йæ

уæззау куысты фæстæ йæхи фæлладхуызæй дæр никуы равдыста, искæй кой, стæй æфхæрæн ныхас дæр никуы кодта, кæд-иу дзы маст уыд, уæддæр. Ахуыр нæ кодта иудзинад, æгъдау, æфсарм æмæ кусынил. Ахæм фырнымд адæймаг уыд, æмæ нын-иу гæн æфснайыны рæстæг цалдæргай хæйттæ райсын кодта, цæмæй æгас бинонтæй кусæм æмæ цъыфдзæсгом ма уа иннæты раз. Æвæдза, куыд бирæ хорз миниуджытæй æххæст уыд. Йæ фæлмæн ныхас æмæ худæндзастæй æрмæст мах нæ, фæлæ алкæй дæр рæвдыдта. Цас тых æмæ йæм хъару уыд, сæрдæй-зымæгæй-иу боны цъæхтæй æхсæвы æнафонтæм куы куыста, уæд. Йæ риу никуы хаста размæ, мæнæ ахæм хæрзтæ скодтон хъæубæстæн, сæрмагондæй та кæмæндæр, зæгъгæ. Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном ын куы радтой, уæд дæр-иу загъта: «Уый сæрмагондæй мæ хорзæх нæу, уый хъæубæсты фæллойгæнæг адæмы хорзæх у, уыдоны фæллойы фæрцы мæм æрхауд. Æз нæ – уыдон сты хъæбатыртæ».

Сыхбæсты дæр хицауы хуызæн никуы æвдыста йæхи, алкæимæ хуымæтæг ныхас кодта, нæ хæдзары дуæрттæ æхсæвæй-бонæй алкæмæн дæр уыдысты гом. Йæ цæхх, йæ къæбæр дих кодта алкæимæ дæр. Уæдæ-иу Мæскуымæ куы ацыд, уæд-иу йе ‘мкусджытæн, сыхбæсты хистæртæн, сывæллæттæн зæрдæлхæнæн лæвæрттæ ма æрласа, уый никуы уыд. Нæлгоймаг уæвгæйæ, куыд æрхъуыдыджын уыд, уый мæ стыр дисы æфтыдта.

Цасфæнды куы дзурон, уæддæр мæ бон нæ бауыдзæн мæ фыды аккаг ныхæстæ ссарын. Æмбæрстам, æрмæст мах фыд кæй нæ уыд, фæлæ, фыццаджыдæр, кæй уыд æхсæнады лæг, адæмæн лæггадгæнæг. Цырагъау сыгъди куысты мидæг, уыд сыгъдæгзæрдæ, æнæхин æмæ не ‘ппæтæн дæр фæзминаг йæ алы миниуæгæй дæр…»

Хъазыбег йæ размæ цы бирæ нысæнттæ æвæрдта, уыдон змисы бындурыл амад мæсгуытæ нæ уыдысты, фæлæ урс дойнаг дурæй гæнæхтæ йæ уарзон хъæубæсты адæмы хорзæхæн, иудзинад æмæ рухс амондджын фидæны охыл. Сæ кæстæртæн дæр хорз хъомылад радтой Лидæимæ нæ рагфыдæлты фæзминаг традицитьі, фæллой æмæ адæммæ уарзондзинады быңдурыл.

Пенсиисæг Сихъоты Къола мысы: «…Хъазыбег адæмæн хæрзты цыд, æмæ йыл адæм дæр бауæндыдысты. Быдыртæм раздæр кæд бричкæты æмæ галуæрдæтты цыдысты, уæд Хъазыбеджы руаджы

машинæтæ фæфылдæр сты, æмæ фенцондæр ис быдырон куыстыты рæстæг. Ног машинæтæ-иу райста йæ зонгæты фæрцы, æмæ ма-иу сыхаг колхозтæ дæр цин кодтой, уымæн æмæ уыдонмæ ахæм фæрæзтæ нæ уыд ног техникæ балхæнынмæ, æмæ нæм цыдысты нæ дæрдджын машинæтæ райсынмæ.

Хъазыбег уыдис фендджын адæймаг, хорз зæрдæйы хицау. Фендджын адæймаг та истæмæй бæрæг вæййы. Хæларæй цард уæлдæр хицауадимæ, ног зонгæтæ йын фæзынд. Йæ алыварс æрбангом кодта æрыгон специалистты нæхи хъæуæй, ахуырмæ сæ æрвыста, æмæ фæсивæд хъæуæй нæ лыгъдысты, фæлæ ма нæм алырдыгæйты кусынмæ цыдысты ног специалисттæ. Зæгъæм, зоотехникæй нæм куыста Гаджиты Алыбег, агрономтæй Талханаты Тамби, Реуазты Валодя æмæ иннæтæ. Хъазыбеджы рæстæг хъæуы цæрджытæ сæхиуыл фæхæцыдысты сæ фæллойы фæрцы. Паддзахады хæслæвæрд дæр æххæст кодтой, адæмæн дæр сæ куысты бонтæн кодтой фылдæр аргъ. «Жигули»-тæ куы фæзындысты, уæд Кировыхъæуы цас уыд, уыйас иу хъæуы дæр нæ уыд. Уæдæ адæм сæ самандур хæдзæрттæ кирпич хæдзæрттæй ивтой. Уыдон иууылдæр уыдысты фæзминаг хъуыддæгтæ. Хъæу йæ хуыз аивта. Арæзтадон бригад (разамынд ын лæвæрдта Сихъоты Цепка) арæзта кæркдæттæ, хуыдæттæ, цалцæг кодта хъомты фермæты сæртæ, æмæ хъуыддæгтæ хуыздæр цыдысты… Йæ алыварс æрбалæууыдысты хæстон лæгтæ Сихъоты Кота – завхозæй куыста, Козаты Алексей – инженерæй, Мурасты Чермен – хъомты фермæйы сæргълæууæг æмæ иннæтæ».

Хъазыбеджы кæстæр хо Мæрзойты Ленæ зæгъы: «Ме 'фсымæр Хъазыбег мæнæн мæ фыды бæсты дæр уыд. Бахъуыды йæ кодтон йæхимæ, йæ бинонтæм æмæ уый фæстæ та адæммæ домаг цæстæй кæсæг удгоймагæй. Уыимæ уыд раст, бирæ хæлæрттæ кæмæн уыд, ахæм разамонæг. Цас адæм нæм цыд уазæгуаты горæтæй, районæй, Уæрæсейы алы рæттæй æмæ суанг фæсарæнтæй дæр!

Уый руаджы нæ бинонтæн æнæмæнг æххæстгæнинаг æгъдауæй баззад Ног аз йæ хæдзары бæрæг кæнын. Æнгом нæ кодта бирæ æндæр хабæртты дæр.

Бæргæ, нæ уæздан, рæстзæрдæ æфсымæр фылдæр куы ацардаид, фæлæ йæ зæрдæ йæ куыстæй банцад 65-аздзыдæй. Дзæуджыхъæуы Намысы аллеймæ йæ цырты размæ арæх бацæуын æмæ, куыд удæгас адæймагимæ, афтæ йемæ фæныхæстæ кæнын. Фæкæуын, цæмæй-

дæрты йæ фæфæрсын. Дзуапдæттæг нæ разыны… Гъе, фæлæ мыл уæддæр ауды, йæ зæрдæйы хъармæй æнæ хай нæ дæн абоны онг дæр. Бузныг дæн Хуыцауæй, Хъазыбеджы хуызæн фыд æмæ мын æфсымæр кæй радта, уый тыххæй…»

Хъазыбег царды гуыргъахъхъ фæндæгтыл фæцыд æнæхинæй, сыгъдæгзæрдæйæ. Цард адæмы хорзæхæн, фæсивæды сомбоны амондæн. Фæлæ хъысмæты фæндаг æдзух æмхуызон лæгъз нæ вæййы. Йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ, уæд уæззау низæй фæрынчын. Дохтырты хуыздæртæ йæ разы цырагъау фæлæууыдысты дæргъвæтин рæстæг. Буц æмæ рæвдыд уыд йæ кæстæртæй, æмхуызонæй йын зæрдиагæй лæггад кодтой, фæлæ адзалæн мадзал нæй, æмæ… 1991 азы 23 августы банцад йæ куыстæй адæмæн уарзон, хорз адæймаг, арæхстджын æмæ хъæппæрисджын разамонæг, хъæууонхæдзарадон куыстады курдиатджын организатор, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы зæрдæ.

Йе ‘вæрæн бон адæм хъыггæнгæ æрæмбырд сты фæстаг фæндараст зæгъынмæ Иры кады лæгæн. Æвæрд æрцыд Дзæуджыхъæуы Намысы Аллейы.

Хæрзгæнæджы фæд дардмæ нывæнды, йæ ном та æнусты цæры. Мыггаджы хистæр Мæрзойты Сергей: «Ком мæсыгæй фидауы, мыггаг та – лæгæй. Махæн нæ мыггаджы фидауц уыди Хъазыбег. Йе ‘гъдау, йе ‘фсарм, йæ лæгдзинад, йæ фыдæбæттæ иуылдæр баст уыдысты адæмы хъуыддæгтæ, адæмы хорздзинадимæ. Мыггаг дæр æмæ йын æгас Ирыстон дæр кад уымæн кодтой. Стыр курдиаты хицау уыдис, уыцы курдиат та æрдзæй рахаста. Мах мыггаджы бирæ хорз лæгтæ уыд, фæлæ Хъазыбег не ‘ппæтæн дæр уыд ныфс, цæджындз, цырагъдар. Йæ лæггады хай нæ кæмæн нæ бакодта, ахæм нæ иу дæр нæ баззад».

Кировыхъæуы, Мичурины, Бехъаны совхозы æмæ кæмдæриддæр куыста Хъазыбег, уым æдзухдæр уагъта хорз фæд, уыд хæрзгæнæг. Хæрзгæнæджы ном та æнустæм вæййы хъуыдыйаг. Кировыхъæуы хистæр кары адæм абон дæр хорзæй мысынц сæ фæлтæрдджын разамонæджы рухс ном.

Нæ фыдæлтæ кодтой номы зарджытæ аккаг лæгтæн. Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хъазыбег уыд ахæм адæймаг, æмæ йæ ном цæрæццаг уыдзæн йæ номыл арæзт зарджытæ æмæ номарæн æмдзæвгæты фæрцы дæр.

# МÆРЗОЙТЫ ХЪАЗЫБЕДЖЫ ЗАРÆГ

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсары ныхæстæ,*
*БЕРИТЫ Алыбеджы музыкæ*

Цъæйдон, йæ базыртыл урс уылæн хæсгæйæ,
Арф комы бафæллад, быдыры ныссабыр.
Кады ном чи скодта йæ Иры бæстæйæн?
Мæрзойты Хъазыбег – Фæллойы Хъæбатыр.

Кировы фæрныг хъæу – дæ уарзон хъæубæстæ,
Дæ бирæ лæггæдтæ ныр дæр ма уым ысты.
Фæрнæйдзаг адæм дын ‘гъдæуттæ, дæ хæрзтæ
Нæ ферох кæндзысты, нæ ферох кæндзысты.

Æртæхдзаст дидинæг – уалдзæджы фидиуæг,
Цæмæн ныдждджих, цымæ, сау зæххы хъæбысы?
Мæрзойты Хъазыбег, кæд уыцы дидинæг
Дæ къахвæдыл æрзад, дæу мысы, дæу мысы.

Афтæ-иу куы дзырдтай дæ мидбылты худгæ:
«Фезмæлут, лæппутæ, бон махмæ нæ лæууы,
Зæхх мады зæрдæ у, зæхх мад у, мæ хуртæ,
Мады та буц кæнын, буц дарын куы хъæуы».

Æгъдауæй рæсугъд у ирон цард, æмбæлттæ,
Амонды рухс хур уæд дзаг цæстæй фæкæсы.
Мæрзойты Хъазыбег, дæ рæсугъд æгъдæуттæ
Дæ иунæг буц лæппу кадимæ куы хæссы.

*БИАЗЫРТЫ Аллæ,*
*Хуссар Ирыстоны зонадон-иртасæн*
*институты хистæр зонадон кусæг*

# ДЗУГАТЫ ГЕОРГИЙЫ СЫВÆЛЛÆТТÆН ФЫСТ УАЦМЫСТЫ ХЪОМЫЛАДОН, ЗОНЫНАДОН ÆМÆ ЭСТЕТИКОН МИДИС

*Уац*

Сабийы дунембарынад æмæ зондахасты рæзтæн егъау ахъаз у нывæфтыд литературæ. Саби куыд рæзы, афтæ, аргъаумæ, æмдзæвгæ кæнæ зарæгмæ хъусгæйæ, хуыздæр æмæ арфдæр æнкъары уыдонæн сæ мидис, йе 'нкъарæнтæ йын тынгдæр хъал кæнынц, æмæ уыдон сиу вæййынц уацмысты хъайтарты æнкъарæнтимæ. Уацмысы 'руаджы сабийæн фадат вæййы, йæхæдæг кæм нæ архайы, ахæм уавæртимæ базонгæ уæвынæн, æмæ йын уый ахъаз кæны йæ царды райдианы фæлтæрддзинад исынæн, йæ удварн хъæздыг кæнынæн. Уацмысы хъайтартæ алыхуызон кæй вæййынц, уымæ гæсгæ сабимæ дæр сæвзæрын кæнынц алыхуызон æнкъарæнтæ. Æвæрццæг хъайтармæ йæм сæвзæры уаз, рæсугъд æнкъарæнтæ, æппæрццæгмæ та – масты, æнæуынон æнкъарæнтæ, æмæ кæддæриддæр вæййы æвæрццæг хъайтары фарс. Афтæмæй цадæггай сабийы раз гом кæны адæймаджы дуне, адæймæгты 'хсæн вазыгджын æмахастытæ, хæрзæгъдауы æмбарынæдтæ. Æппæт уыцы æмбарынæдтæ æмæ æмахастытæ рафæлгъауынæн ахъаз сты Дзугаты Георгийы сывæллæттæн фыст уацмыстæ.

Георги сывæллæттæн кæй ныффыста, уыцы уацмыстæ сты арф психологион, æмæ сын ис егъау хъомыладон, зонынадон æмæ эстетикон нысаниуæг. Бирæтæ дзы хаст æрцыдисты Ахуырадон программæтæм.

Цалынмæ саби литературæйы нысаниуæг бамбара, уæдмæ уал ын æй хъæуы бауарзын кæнын, суанг рæвдауæндæттæй райдайгæйæ. Уарзгæ та йæ бакæндзæнис литературон уацмыстæм гæсгæ чысыл равдыстытæ, инсценировкæтæ æмæ хъæзтыты руаджы. Рæвдауæндæттæн арæзт æрцыд хрестоматитæ æмæ методикон амындтыты

чингуытæ. Уырдæм хаст æрцыдысты Дзугаты Георгийæн ацы карæн бæзгæ уацмыстæ се 'ппæт дæр. Райсæм фыссæджы хæрз чысыл, фæлæ, ахсджиаг нысаниуæг æмæ стыр ахадындзинад кæмæн ис, уыцы æмдзæвгæ «Гыцци». Уынæм дзы дыууæ архайæг фæлгонцы – мад æмæ йæ сабийы. Æмдзæвгæйы архайд дæр æххæст кæнынц дыууæ сабийы. Мады хуызы бацæуæг сабийыл абæттынц сæрбæттæн, раздарæн. Иннæ саби дзуры æмдзæвгæ æмæ йæ ныхæстæ бæлвырд кæны архайдæй, æвдисы йæ аудындзинад, йæ уарзондзинад мадмæ:

*Куыд хъарм ысты зымæг дæр,*
*Мæхи гыцци, дæ къухтæ* (саби йæ мады къухтæ йæхимæ нылхъивы).
*Куы мæм дзурыс тызмæгæй,*
*Уæд дæр кæныс ды худгæ* (мидбыл худынц мад æмæ саби).

*Дæ цæф дæр мын нæ риссы,*
*Фæнды мæ сис мæ хъусæй* (мад сивазы йæ сабийы хъус).
*Дæ фæлмæн хъарм хъæбысы*
*Нынныгъуылын тæрхъусау* (абыры йæ мады хъæбысы).

Цæмæй иннæ сабитæ дæр бацархайой, уый тыххæй сæм хъомылгæнæг дæтты фæрстытæ.

Фарст: – *Куыд хъуыды кæнут, сабитæ, зымæгимæ цæмæн бары фыссæг гыццийы къухтæ?*

Дзуапп: – *Зымæг уазал у, гыццийы къухтæ та нæ суазал кæнын нæ бауадздзысты, уымæн æмæ æдзух сты хъарм.*

Фарст: – *Саби йæ гыццийы хъæбысы мыстау кæнæ рувасау нæ, фæлæ тæрхъусау цæмæн ныббыры?*

Дзуапп: – *Мыст фыдбылызхæссæг у, рувас хинæйдзаг у, тæрхъус та уæздан æмæ алкæмæн уарзон у.*

Фарст: – *Куыд барухс кæнут сымах та уæ гыццыты зæрдæтæ?*

Дзуапп: – *Æз хæдзар бафснайын.*

*– Æз тæбæгътæ ныхсын.*

*– Æз коммæ фæкæсын.*

Ацы чысыл æмдзæвгæйæ раргом вæййы сабиты ахаст сæ гыццитæм, гуырын сæм кæны ныййарджытыл аудындзинады æнкъарæн, рæзын сын кæны сæ хъуыды æмæ сæ ныхасы хъæд.

Иннæ æмдзæвгæ «Хинæй хиндæртæ дæр ис»-ы ахуыры процесс цымыдисондæр кæны равдысты ‘руаджы. Саби рувасы хуызы хин рауай-бауай кæны йæ къæдзил тилгæ. Чызг-сабийы сфæлындынц карчы дарæсы. Æмдзæвгæйы ныхæстæ дыгай рæнхъытæй кæсынц сабитæ, цæмæй фылдæрæй архайой равдысты.

1-аг саби:
*Ехх, гæмми, рувас, гæмми,*
*Ахæм хин сырд ма кæм и?* (саби тилы йæ сæр)

2-аг саби:
*Разынд кæркгæс чызг дæр хин:*
*Каркау сарæзта йæхи* (амоны карчы дарæсы фæлыст сабимæ).

3-аг саби:
*Пухриу, базыртæ – сырх хырх* (саби-карк стылдта йæ базыртæ),
*Хъа-хъа райдыдта хъæрæй* (саби-карк хъа-хъа кæны).

4-æм саби:
*‘Васт ыл андæгътай дæхи* (рувас-саби каркыл йæхи ныццавта),
*Чызг дын ацахста дæ хурх* (саби-карк йæ карчы дарæс феппæрста æмæ рувасы хъуыр ацахста; сабитæ йыл амбырд сты æмæ йæ «сбастой»).

5-æм саби:
*Гæмми, бахаудтай сæрæй!* (амоны рувасмæ)
*Быхс дæ уацары фыдрис* (къухтæ сины сæртыл авæры, тилы йæ сæр),
*Хинæй хиндæртæ дæр ис!*

Æрмæст ахæм хуызы равдыстыты руаджы ис бауарзын кæнæн литературæ сывæллæттæн рæвдауæндоны. Уый фæстæ цадæггай литературæ рахиздзæн йæ комкоммæ хæстæ æххæст кæнынмæ.

Сывæллæтты литературæ, фыццаджыдæр, йæ размæ æвæры этикæ

æмæ хъомылады домæнтæ æххæст кæныны хæс: цы у хорз æмæ æвзæр, цавæр хъуамæ уой кæстæртæ æмæ хистæрты ‘хсæн ахастытæ, сабитæн сæхи ‘хсæн ахастытæ, зивæг, хæлæг, чъындыдзинадæй хи бахизыны æууæлтæ, куыстыл ахуыр кæнын, ахуырмæ разæнгард кæнын.

Сабитæ кæрæдзийæн хъуамæ æххуыс кæй кæной æмæ кæрæдзийы кæй уарзой, ууыл ахуыр кæны Георгийы радзырд «Айнæджы астæу». Зад мæнæргъыйы фæдыл адзæгъæл уæвгæйæ, Хадзумар айнæджы тигъыл февзæры, арф комы нарæджы та знæт дон сырсыргæнгæ згъоры. Йæ хæлар Умар равдыста стыр хъæбатырдзинад æмæ ныфсхастдзинад – нæ фæтарст æмæ нæ ныууагъта йе ‘мбалы зын æмæ тæссаг уавæры. Сбырыд, чысыл фалдæр цы бæлас уыд, уымæ æмæ йæ фыдмæ ныххъæр кодта æххуысагур. Егъау у ацы радзырды хъомыладон нысаниуæг: уый бакæсгæйæ, алы саби дæр тырндзæн Умары бафæзмынмæ – зын сахаты йæ хæларæн баххуыс кæнынмæ. Афтæмæй сабиты ‘хсæн фидар кæндзысты хæлараддон ахастытæ.

Æндæр радзырд «Бæбийы пъартфел» уыцы иу рæстæг æххæст кæны хъомыладон æмæ зонынадон хæс. Сабитæ радзырдæй базонынц, паддзахы заман ахуыр кæныны фадат кæй нæ уыд æмæ ныры сывæллæттæн та ахуырæн æппæт фадæттæ дæр кæй ис. Радзырд, фыццаджыдæр, æххæст кæны хъомыладон хæс. Бæбийæн йæ баба æмæ йæ нана амонынц чъынды ма уæвын. Бæби семæ разы нæу. Фыссæджы дæсныдзинад раргом вæййы, аккаг фæрæз кæй ссары йæ чысыл хъайтарæн йæ рæдыд бамбарын кæныны тыххæй, уый фæрцы: фыны йæ иннæ скъоладзаутимæ расуры куыдз, иууылдæр сæхи бааууон кодтой, æрмæст нæ фæцарæхст Бæби. Куыдз ын раиваз-раиваз кæны йæ пъартфел æмæ дзуры адæймаджы æвзагæй: «Нæ йæ суадздзынæн, нæ! Ды хорз лæппу нæ дæ, чъынды дæ. Дзул дæр дæ цæст никæмæн уарзы. Ахæм лæппуйæн та уадз æмæ йæхицæн дæр мацы уа!» Æмæ йæ тынгдæр ныууигъы. Лæппу райхъал æмæ загъта, чъынды кæй нал уыдзæн, йе ‘мбæлтты бирæ кæй уарздзæн.

Ацы радзырд бакæсгæйæ, саби хъомыл кæндзæн хæларуарзон уæвыныл, сæвзæрдзæн æм зæрдæхæлары æнкъарæнтæ.

Фыссæг йæ радзырдты худы зивæг æмæ æгоммæгæсыл (радзырд «Фæрæдыдтæн»). Зæронд Бибо фæцума кæны Солтанæн, фæлæ уый йæхи ницыхъусæг скæны. Лæппу йæ рæдыд бамбары, саби та раст хатдзæгтæм æрцæуы.

Автор йæ радзырдты сабиты зæрдæты рæзын кæны цæрæгойтæм уарзт æмæ аудындзинады æууæлтæ (радзырдтæ «Дзего», «Милдзых»). Литературон уацмысты руаджы зайæгойты æмæ цæрæгойты дунетæ сабитæн уарзын кæнын нысан кæны уыдоны зæрдæты хæлардзинады тæгтæ уадзын, хæрам, фыдæхæй сæ бахизын. Адæймаг йæ алыварс дуне куы уарза, цинхъом ыл куы уа, уæд уыдзæн рæдау æмæ хæлар.

Хъæбатырдзинады цæвиттон сабитæн свæййы Чермен радзырд «Сæрæн лæпппу»-йы, æхсæнадон мулк зынгсивæрзтæй кæй фервæзын кæны, уымæй.

Литературæ канд хъомыл нæ кæны, фæлæ ма дæтты алыварсыг зонындзинæдтæ. Йæ зонынадон нысаниуæг уый мидæг ис, æмæ сабиты зонгæ кæны æрдзы фæзындтимæ, се ууæлтимæ, зайæгойты æмæ цæрæгойты миниуджытимæ, царды цавæрдæр цаутимæ æмæ хабæрттимæ.

Хъазтæ, бабызтæ дон æмæ ленк кæнын кæй уарзынц, уыдонæй хъауджыдæр карк доны маргъ кæй нæу, стæй, цы у къуыртт рауадзын, уыдæттæ сабитæ базонынц радзырд «Урс карк»-æй. Мыд куыд æмæ цы хуызы сисынц, уый та базонынц радзырдтæ «Мыдыбындз» æмæ «Мыдгæс»-æй.

Литературон кæнæ фольклорон уацмыстæй сабитæ базонынц цæрæгойты миниуджытæ: тæрхъус тæппуд у, фынæй кæны гом цæстытимæ, рувас – хинæйдзаг, фæлитой, бирæгъ – зыд æмæ кæрæф, арс та у уæззаузонд æмæ гуымыдза.

Георгийы радзырд «Æдылы арс»-ы ацы цæрæгой разыны зыд æмæ æнæзондæй. Арс йæ дыууæ лæппынимæ денджызы ахста кæсæгтæ. Йæ быны сæ змисыл æвæргæйæ, уый йæ фыр зыд æмæ кæрæфæй нæ фæхатыд, уыдон фæстæмæ донмæ кæй ленк кодтой.

Егъау у сабиты уарзондзинад цæрæгойтæм, куыд хæдзарон, афтæ хъæддæгтæм дæр. Дзугаты Георгийы æмдзæвгæтæ «Дзæбидыр», «Тæгу», «Арсы хъыбыл», «Мæ цæукъа», «Муци» æмæ æндæртæ сабиты зонгæ кæнынц уыдонæн се ‘ддаг бакаст æмæ сæ миниуджытимæ. Ахæм хуызы Дзугаты Георгийы сывæллæттæн фыст уацмыстæ æххæст кæнынц литературæйы зонынадон хæс.

Æрдзы рæсугъд афыстимæ сабиты зонгæ кæнгæйæ, сыгъдæгдзинадыл сæ ахуыр кæнгæйæ, литературæ æххæст кæны йæ эстетикон хæс. Фыссæджы афæдзы афонтыл фыст æмдзæвгæтæ («Уалдзæг»,

«Уалдзæджы цин»), æрдзы эпизодон афыстытæ йæ радзырдты сабиты зæрдæты æвзæрын кæнынц рæсугъд, æхцон æнкъарæнтæ: «Уæлиау, хохы къуырфауæй, æнусон цъити хурмæ тæмæнтæ калдта. Йæ бынæй дон згъордта фынк калгæ. Цъæх айнæг къæдзæхыл æривæзти æвзист синагау… Зымты рæсугъд дæргъвæтин къуыззитт хъуысы гауызхуыз къуылдымтæй. Алымыггаг тæхæг мæргътæ уæлдæфы зæрдæхъæлдзæгæй ленчытæ кодтой. Мыдыбындзытæ гуывгуывгæнгæ тахтысты иу дидинæгæй иннæмæ…» (радзырд «Дзего»). Æддаг рæсугъддзинад æмæ сыгъдæгдзинады æнкъарынад æндавы сабийы зæрдæйы мидравгыл, йæ удыхъæды рæсугъддзинадыл. Саби йæ алыварс æрдзы рæсугъддзинад куы æмбара, уæд хайджын кæны уды сыгъдæг æнкъарæнтæй æмæ сомбон хызт уыдзæн хæрам, фыдæхы, ома чъынды, хæлæгдзинад, æнæцæстуарзон æмæ æндæр æууæлтæй.

Афтæмæй, Дзугаты Георги сабитæн сæ размæ рахаста алыхуызон уацмыстæ куыд сæ тематикæмæ гæсгæ, афтæ сæ жанрмæ гæсгæ дæр. Уыдон ахъаз сты сабитæн сæ зондахаст æмæ хъуыдыгæнынады рæзтæн, æвдисы сын сæ психологи, сæ миниуджытæ, дæттынц сын раст æмæ зонджын амонæнтæ. Уыдон æххæст кæнгæйæ, сабитæ суыдзысты фидæны моралон æгъдауæй рæсугъд, хæрзæгъдау, æнæниз фæлтæр.

## ЦАРДÆЙ ИСТ ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

Арæх фæдзурынц: «Цы дын ис, ууыл хæц, цы уыди, уый ауадз, фæлæ фидарæй æууæнд фидæныл».

* * *

Æцæг сыгъдæг уарзондзинадæн уæвæн нæй æнæ иузæрдыгдзинадæй.

* * *

Макуы бауæнд, цавæрдæр хъуыддагæн сраст кæнæн нал ис, зæгъгæ, ууыл. Гæнæнтæ алы хатт дæр вæййы, æрмæст сæ ссарын фæхъæуы.

* * *

Адæм уынынц иннæты рæдыдтытæ, сæхиуæттæ та – нæ. Цæст æддæмæ куыд уыны, мидæмæ афтæ нæ уыны.

* * *

Адæймагæн уæларвон зæдау сыгъдæг уæвын йæ бон нæу, стæй æнæмæнг хъуыддаг дæр нæу. Сæйрагдæр, цыфæнды уæззау уавæрты дæр баззай Адæймагæй.

* * *

Дæ цардмæ цæмæй хорздзинæдтæ æрбалвасай, уый тыххæй фаг у гыццыл хъуыддаг – хъуамæ дæ цæст æвзæрдзинад макæмæн уарза.

* * *

Æнæхъуаджы æгæр бирæ мæт кæнæм, æгæр хæстæг исæм алцы нæ зæрдæмæ. Алы хъуыддагмæ хуымæтæгдæр цæстæнгасæй кæсын æмбæлы, æцæг, лæмбынæг хъуыды кæнгæйæ. Сæйрагдæр, хъуыды кæн æмæ æдылы митæ ма ‘руадз.

* * *

Искæмæн куы æххуыс кæнай, уæд дæ рох ма уæд: царды йæ къуыхцыдзинæдты аххосджын дæу кæндзæн.

* * *

Амондджын уый у, бонивайæнты йæ бон банкъарын кæмæн свæййы, удæгас æмæ æнæниз кæй у! Хур та йыл кæй кæсы! Æмæ та ног рæсугъд хурыскаст кæй ралæудзæн.

*БЕРОЗТЫ Аслæнбег*

# ГОППОЙ ÆМÆ ПЫХЦЫЛ

*Радзырд*

Нана йæ дыууæ каркæн – Гоппой æмæ Пыхцылæн – иубон ныввæрдта къуыртт.

– Пыхцылыл мæ зæрдæ нæ дарын, фарон дæр мын фынддæс айчы фесæфта, фæлæ ма йæ ацы аз фæлварын, – загъта нана æмæ сæ цурæй рацыди.

Гоппой хæдзардзин бадт æркодта æйчытыл: йæ къæхтæй, йæ бырынкъæй сæ æрбæлвырд кодта, стæй сыл хъавгæ йæхи æруагъта æмæ райдыдта фынддæс айкыл къуырттытты бадын. Пыхцыл иучысыл абадти æйчытыл, стæй алырдæм дзæгъæл каст кæнын байдыдта. Æдде иннæ кæрчытæ кæрдæгыл хизынц, зæрдæхъæлдзæгæй хъа-хъа кæнынц.

Уыдонмæ кæсгæйæ, Пыхцыл йæ къуыртт фæуагъта æмæ рудзынгыл апæррæст ласта цæхæрадонмæ. Уайтагъд бæгъдулæг кæнын байдыдта картофы губаччы бын. Нана йæ куы ауыдта, уæд йæ рувын фæуагъта.

– Æбуалгъ фæуай, Пыхцыл, – загъта æмæ йæ расырдта уырдыгæй, фæлæ Пыхцыл йæ сæр фæныллæг кодта æмæ картæфты ʿхсæнты афардæг.

Нал æй ссардта уыцы бон нана. Æйчытæ дыууæ боны дзæгъæлæй фæлæууыдысты. Æртыккаг бон, нана кæрчытæн хæринаг куы рахаста, уæд та Пыхцыл дæр уым къуыртт-къуыртт кæнгæ фæзынди æмæ хæринагыл йæхи ныццавта.

Нана йæ æрцахста, бафсæста йæ хæринагæй, йæ куырттты цур дæр ын дзы ныккодта, стæй та йæ йæ бынаты сæвæрдта. Уымæй фæстæмæ дæр æнæбары бадт кодта Пыхцыл. Æппынæдзух йæ хъус æддæмæ дардта. Æйчыты æмхуызонæй йæ быны нæ хъарм кодта, Гоппойау сæ æдзух не змæлын кодта.

* * *

Нана дыууæ каркæн къуыртт куы сæвæрдта, уæдæй иу æмæ ссæдз боны куы рацыди, уæд Гоппойы бынæй «цъиу-цъиу» цæуын байдыдта. Райсомæй чысыл цъиутæ йæ бынæй сæ сæртæ радардтой æмæ сæ мады бырынкъ æмæ хъустæ сæ чысыл бырынчъытæй къуырццытæ кæнын байдыдтой. Дыууæ бонмæ цъиутæ æппæт дæр рацыдысты.

Нана йæм куы бацыд, уæд æй Гоппой йæхимæ хæстæг нæ уагъта, йæ цъиутæн тарсти. Хъæр кодта, нанайы къухтæм лæбурдта...

Нана Гоппойы бын банымадта фынддæс цъиуы, се 'ппæт дæр уыдысты сæрæн, рæсугъд...

Дыууæ боны сæ нана æддæмæ нæ рауагъта. Сæ алыварс зылди Гоппой æмæ сæ хъахъхъæдта алцæмæй дæр. Суанг ма гæды дæр сæ цурты ауайын нал уæндыд. Гоппой йæ удаист бирæ хæттыты фæкодта. Хъæргæнгæ йыл йæхи ныццæвы, æмæ та уæд гæды къуыппастæу æмæ пыхцылæй цары балæууы...

Æртыккаг бон нана Гоппойы æд цъиутæ фæскъулмæ ахаста. Уым сын ныккодта нартхоры ссады змæст, даргъ уис йæ къухмæ райста, сæ цуры æрбадт æмæ сæм иннæ кæрчыты хæстæг нæ уагъта. Цъиутæ уыдысты алыхуызон: саутæ, буртæ, гæрæмтæ, урсытæ, хъулæттæ, фæлæ се 'ппæт дæр уыдысты чысыл бæмбæджы тыхтæттæ хуызæн фæлмæн. Сæ мады алыварс згъорын байдыдтой, сæ чысыл бырынчъытæй ссады змæст хордтой. Мæнæ иу бур цъиу змæстæй егъау къуыбар фелвæста йæ дзыхы æмæ дæрддзæф алыгъди иннæтæй. Уым æй ахордта иунæгæй, стæй фæстæмæ æрбауад йе 'мбæлттæм æмæ та райдыдта уыдонимæ минас кæнын.

– Дæ чысыл гуыбын фехæла, дзибо, кæд цæй хинæйдзаг дæ, – загъта нана æмæ йын йе 'рагъ рæвдауæгау уисы кæронæй æрсæрфта.

Уыцы бонæй фæстæмæ Гоппой йæ цъиуты ракæ-бакæ кодта кæрты къуымты. Къахта сын лыстæр цæрæгойтæ фаджысæй. Хоры гага куы ссары, уæд æй йæхæдæг нæ ахæры. Цъиутæм фæсиды, æмæ йæм уыдон куы 'рбазгъорынц, уæд сын æй сæ цуры æрæппары. Цъиутæй йыл чи фæхæст вæййы, уый сæ цурæй алидзы, æмæ иннæтæ йæ фæстæ згъорын байдайынц, байсæм ын æй, зæгъгæ. Кæд æй сæ бахæццæмæ ахæры, уæд иннæтæ хорзау нал фæвæййынц, науæд та дарддæр лидзын байдайы.

Гоппой сæ фæхоны, хуыздæр æмæ адджындæр хæринæгтæ кæм ис, ахæм рæттæм. Къанауы фаллаг фарсмæ куы агæпп кæны Гоппой, цъиутæ йæ фæдыл куынæ фæуæндынц, уæд Гопппой фæстæмæ сæ цурмæ æрбагæпп кæны æмæ сæ æндæр рæтты ракæны къанауы иннæ фарсмæ. Хизгæ-хизын сæ хъахъхъæны алцæмæй дæр. Халон, куыдз, гæды, суанг ма сырддон цъиуты дæр хæстæг нæ уадзы Гоппой.

Уарын æртæхтæ кæнын куы райдайы, уæд сæ сарамæ бакæны, йæ

byны сæ æрбатымбыл кæны. Уыдон дæр йæ буары хъарммæ уайтагъд афынæй вæййынц.

Сæ иуæй-иутæ та йæ бумбулиты ‘хсæнты сæ чысыл сæртæ æддæмæ радарынц æмæ сæ гыццыл цæстытæй фæкæсынц.

– Гоппой йæ цъиутыл иузæрдион у, – раппæлы нана Гоппойæ, хæринаг сын куы рахæссы, уæд.

* * *

Пыхцылы цъиутæ дыууæ боны фæстæдæр рацыдысты Гоппойы цъиутæй. Нана йæм куы бацыди, уæд Пыхцыл йæхи бынтондæр ныппыхцыл кодта.

Йæхимæ бавналын нæ уагъта. Фæлæ йæ нана куы систа, уæд йæ быны разынди æрмæст æртæ цъиуы.

Нана йæ сæр ныттылдта... Фынддæс айкæй фыццаг бонты Пыхцыл æртæ асаста йæхæдæг, цы дыууадæс ма дзы баззади, уыдонæй та фараст лæхъуг фæкодта.

– Мæ зæрдæ мын ницæмæй барухс кодтай, – загъта нана æмæ Пыхцылæн æд цъиутæ йæ бынат æндæр ранмæ аивта. Дыууæ боны фæстæ сæ фæскъулмæ ахаста. Хæринаг сын æркодта, фæлæ Пыхцыл йæхæдæг зыд хæрд кæнын байдыдта.

Æртæ цъиуы сæ сæртæ хæрдмæ систой, фæлæ хæринагмæ не ‘вналдтой.

– Ахæрын сын кæн, хъæрццыгъа дæ ахæра, дæхи кой йеддæмæ дæм куы ницы ис, – загъта нана æмæ Пыхцылы синтæ уисæй æрцъыкк кодта. Пыхцыл сонт хъахъхъ фæкодта æмæ иуварс агæпп ласта. Чысыл цъиутæ дæр йæ фæдыл ауадысты.

Уыцы бонæй фæстæмæ Пыхцыл йæ фæдыл кæнын байдыдта йæ цъиуты. Бахоны сæ сисы рæбынмæ. Сисы сæрты фаджысмæ атæхы æмæ сæм уырдæм фæсиды. Цъиутæ сисы рæбын слæууынц, æмæ тæригъæд уастæй сæ хъæлæстæ ныффæсус вæййынц, фæлæ сæ Пыхцыл хъуыды дæр нæ кæны. Йæ зæрдæйы дзæбæхæн фаджысы бæгъдулæг кæны. Уарын куы райдайы, уæд Пыхцыл йæхæдæг сарамæ балидзы, фæлæ цъиутæ ныххуылыдз вæййынц, æмæ сæм уæд нана рацæуы. Йæ фæччийы нывæры хуылыдз æртæ цъиуы æмæ сæ сарамæ бахæссы. Пыхцыл нанайы куы ауыны, уæд къуыртт-къуыртт кæнгæ ралидзы уырдыгæй.

– Дæуæй мæ гал – æгæвдæс, мæ хъуг – æххормаг, – фæзæгъы нана

æмæ æртæ цъиуы Гоппойы бын бакæны. Гоппойы бын уайтагъд ахъарм вæййынц æмæ нал фæуасынц.

Фондз боны æнæбары цыд фæкодта Пыхцыл йæ цъиутимæ. Æхсæзæм бон изæрæй бæрзонд æфтуанхъæдмæ стахти æмæ уым иннæ кæрчытимæ хъалзæрдæйæ бадти. Æртæ цъиуы бынæй баззадысты æмæ уынгæг хъæлæсæй сæ мадмæ цъипп-цъипп кодтой. Фæлæ сæ уый хъуыды дæр нæ кодта. Нана цъиуты уасынмæ рацыд, йæ куатæйы сæ сæвгæдта, хæрдмæ скасти æфтуанхъæдмæ æмæ загъта: «Сæ тæригъæд сын бафид, Пыхцыл, сæ тæригъæд!»

Цъиуты Гоппойы бын бавæрдта нана. Гоппой сæ йæхионты хуызæн йæ быны æрбакодта, æмæ йæ хъарммæ уайтагъд афынæй сты. Сæ цъипп-цъипп дæр нал цыди.

Уæдæй фæстæмæ æстдæс цъиуы дæр уадысты Гоппойы фæдыл. Гоппой се 'ппæты дæр æмхуызон рæвдыдта, æмæ уайтагъд фæхъомыл сты.

Бæмбæджы хуызæн сыл раздæр цы фæлмæн хъуын уыди, уый сисæй ивын байдыдтой. Раздæр сæ базыртыл рахæцыд систæ, æмæ сæ куы аивазынц, уæд раст фæндыры тæнты хуызæн вæййынц. Ныр ссæрæн сты се 'ппæт дæр. Гоппой кæдæмдæриддæр багæпп кæна, уырдæм йæ фæдыл сæхи æмхуызонæй бакалынц. Æхсæвиуат куы 'ркæны Гоппой сарайы, уæд йæ быны нал фæцæуынц цъиутæ. Уымæ гæсгæ сæ æфтуанхъæдмæ ахуыр кæнын байдыдта. Ныллæгдæр æфтуанхъæдмæ стæхы æмæ уыдонмæ дæр басиды, ардæм ратæхут, зæгъгæ.



Уыдон дæр йæ алыварс рæнхъ-рæнхъ рабадынц...

Райсомæй нана кæркдоны дуар куы бакæны, уæд сæ бынæттæй рапæррæстытæ кæнынц, нанайы алыварс амбырд вæййынц, æмæ та сын уый дæр хæринаг ратты.

– Гоппой мæ кæрчыты хуыздæр у, – раппæлы дзы нана æмæ сæ хизынмæ ауадзы быдырмæ.

Цъиутæ ныр сæ мады йæстæ сты. Сæхæдæг цуан кæнынц, бындзыты æмæ гæлæбуты фæстæ фæйнæрдæм згъорынц, ахсынц сæ. Гоппой дæр семæ уайы æмæ сæ хъахъхъæны, сиды сæм, æгæр дард куыд нæ уайой, уый тыххæй. Афтæмæй хъæлдзæгæй арвитынц бон. Изæр та æфтуанхъæдыл рабадынц æмхуызонæй.

Пыхцыл дæр фæбады æфтуанхъæдыл сæ комкоммæ. Цъиутæй йæм хæстæг чи абады, уый ныкъкъуырцц кæны.

* * *

Пыхцыл йæ цъиуты куы ныууагъта, уæдæй цалдæр боны рацыд. Ногæй та фæстæмæ къуыртт-къуыртт кæнын байдыдта. Фæлæ йын нана йæ хинтæ базыдта æмæ загъта:

– Ды, Пыхцыл, мæн нæ, фæлæ дæхи сайыс. Æз дын схос кæндзынæн...

Нана рахаста хæсгард. Пыхцылæн йæ дыууæ базыры цыбыр ныллыг кодта, доны йæ нытъыста, хорз дзы куы сфæлмæцыд, уæд æй систа æмæ йæ тæсчъы бын бакодта.

– Зонд дæм куы уаид, Пыхцыл, уæд бамбарис, ацы тæрхон дын цæмæн скодтон, уый. Цъиутæ уадзынæй дын ацы фыдмитæ зындæр сты, фæлæ, сайгæ чи кæна, йæ хъуыддаг, йæ куыстыл иузæрдион чи нæ уа, уыдонæн-иу афтæ вæййы, – тызмæгæй загъта нана æмæ йæ цурæй рацыди.

*«Мах дуг», 1952 азы 5-æм номыр*

*ДЫГЪУЫЗТЫ Зæлинæ*

# КЪАППА-КЪУППА

## ÆХСÆРÆГ

Бады уæрдоны æхсæрæг,
Сырдтæн уæй кæны æхсæртæ.
Рувас-рувийæн,
Дзиба-дзибуйæн,
Арс-æрсæгойæн,
Хæфс-хъоппæгойæн.
Кæмæн – йæ русы,
Кæмæн – йæ къусы.
Кæмæн – йæ комы,
Кæмæн – йæ роны.
Ахæрут æхсæртæ,
Сфидар уой уæ сæртæ!





## ЦЫХЦЫРÆГ

Цæуыл кæуыс, цыхцырæг?
Дæ дзыкку ныппыхцыл и,
Дæ цæсгом ныххæмпус и,
Дæ къаба ныффæлурс и.

Мауал-ма тъиз, дон-чызгай!
Цæмæн дæ æдзух тæргай?
Дæ дарæс ныууымæл и,
Æгъуыз дæр дын уымæн у.

## ФЫДУАГ ГÆДЫ

Нæ гæдыйæн цæй фæрцы
Ис хъулæттæ йæ кæрцыл?
Дысон дæр та йæ рихи
Цæй аххосæй ныйих и?



Йæ цыргъ дæндаг цæй тыххæй
Нал фæзынди йæ дзыхæй?
Чидæр та йæ æрцавта –
Кæйдæр цыхт та адавта!

## ЦЪЫСЦЪЫСÆГ



Уæртæ хуымы зырзырæг
Нал лæууы йæ зыр-зырæй.
Бафæллади Цъысцъысæг
Йæ лæппынты хъыс-хъысæй.

Рацавта сæ хъисæй,
Акъуырдта сæ уисæй.
Зулкъ йæ цуры царди,
 Æлгъæй-иу ыл марди.

– Райхъус-ма мæм, Цъысцъысæг!
Схъыг ыстæм дæ цъыс-цъысæй,
Уый бæсты дæ лæппынтæн
Бацамон уæгъд гæппытæ!

Цъæх нæууыл сæ аирхæфс,
Галхæфсытæй мауал тæрс.
Сой кæрдæг сын ратон,
Стæй дæ фæрстæ атон!

Мадæлæн у уый йæ хæс –
Дæ лæппынтæм авгау кæс!
Бакодта йын фидис,
Бамбар ын йæ мидис!

## СÆРДЫГОН МОТИВТÆ



Нæууыл чи кæны гæппытæ,
Сойджын чи уарзы æппытæ?
Базон-ма йæ, уый та циу?
Уый у хъулонбазыр – цъиу.

Арвыл чи стулы сæумæйæ? –
У рæсугъддæр бирæ мæйæ,
Æртæх акæны уый сур.
Уый у царды бындур – хур!

Дæлæ та йæ тыхы фæрцы
Йе рагъыл фæдавы кæрдзын,
Кусынæй æппын нæ тæрсы.
Цыма чи у? Уый у мæлдзыг!

Хæлуарæг цы кæны уагæр?
Архайы йæ тыны тагыл.
Рацахста æнахуыр бындзы,
Ныр хæцы йæ рæсыд фындзыл.

Кæркдонæй «хъуыдатт» фæцыди.
Цæй, цы кодтам? Цæй, цы ‘рцыди?
Дары уым нана кæрчытæ,
‘Рæфтыдтой та нын æйчытæ!



# ÆЛДАРЫ ЧЫЗГ КÆНÆ ДЫУУÆ ÆРДХОРД ÆЛДАРЫ

*Аргъау-новеллæ*

Тынг адджынæй цардысты дыууæ æрдхорд æлдары. Стыр æууæнк уыди сæ астæу, кæрæдзийы цæрайæ цардысты, афтæмæй æрвыстой сæ бонтæ. Сæ хæрд дæр, сæ нозт дæр – иу: айк дыууæ 'мбисæй хордтой, сæ иуы маст, сæ иуы циндзинад аннæмæн уыдысты маст æмæ циндзинад.

Æлдæрттæй сæ иуæн уыди лæппу æмæ чызг, аннæ та уыди æнæзæнæг. Уыцы хуызæнæй ацардаиккой нукъорд азы, афтæ зæнæгджын æлдарæн амард йæ ус. Æлдар уыйадыл дзырд радта, иуæй, сау кæй бадардзæн афæдзы бонмæ, аннæмæй, Чабæмæ кæй фæцæудзæн, цæмæй дзы басгара Мæхæмæты зæппадз æмæ дзы ракура пехуымпарæй удыбæстæ йæ мард æфсинæн.

Йе 'рдхорды хæдзары ныууагъта йæ чызджы, йæхæдæг йæ фыртимæ араст Чабæмæ.

Цæрынтæ систа чызг йæ фысымтæм. Буц æй дарынц æлдар æмæ йæ ус, чызг дæр, раст зæгъын хъæуы, сæ зæрдæхудт ницæмæй исы.

Уæд æлдар æмæ æлдары ус хъазт скодтой, цæмæй сæ уазæг хъыг ма кæна. Бирæ фæсивæд æрæмбырд ис хъазтмæ, хъæлдзæг кæнынц адæмы дæр, сæхи дæр. Чысыл дзы нæ уыди рæсугъд чызджытæ, фæлæ дзы уазæг чызгæй рæсугъддæр æмæ аивдæр нæ разынд. Фæсивæдæй нукъорд лæппуйы зæрдæмæ тынг фæцыди, курын æй байдыдтой æмæ дзырд ныууагътой æлдармæ.

Сæ цæст æрæвæрдтой адæм æлдары чызгыл, уымæй æппæлынæй фылдæр нал уыдысты алы ран дæр æмæ-иу дзырдтой: «Уындæй дæр, лæджыхъæдæй дæр нæ уазæг чызджы хуызæн нæма уыди, гуыргæ дæр нæ ракæндзæн. Ничи скæндзæн, ничи бахуыйдзæн уый хуызæн, уый кæрдзыны сконд æмбал нæ уыдзæн; уæдæ æфсармæй, æгъдауæй та ахæм æфсармджын, ахæм уагджын у, æмæ бафæзминаг у алы чызгæн дæр».

Æмæ та æлдар хъазт сарæзта. Фыццаг хъазтæй дзы фылдæр фæсивæд æрæмбырд – æвзаргæ чызг æмæ æвзаргæ лæппуйæ. Хъазты дзыллæйæн сæ акаст уыди уазæг чызг. Хистæрæй, кæстæрæй сæ зæрдæтæ пиллон арт уагътой йæ уындæй; кафынæй нал фæллайынц, хъусынæй – йæ зардмæ.

Ноджыдæр та йыл фылдæр адæм фæсивæдæй дзурын байдыдта.

Ӕлдары хæдзар фæфидыдта уазæг чызгæй. Кæстæриуæг кæны æлдары чызг хæдзары хицæуттæн – лæг æмæ усæн, зæнæджы ад дзы базыдтой уыдон дæр.

Базмæлæнтæ нал уыди æвзаргæ фæсивæдæй æртыккаг хъазты: арвæй æхсидав куы 'рхаудаид, уæд зæххыл нал сæмбæлдаид. Нæ разынди ныр дæр уазæг чызгæн æмбал утæппæт чызджыты рæгъауæй. Хъазт райхæлд, фæсивæдæй та бирæтæ дзырд ныууагътой æлдармæ чызджы тыххæй.

Ӕрæнкъард æлдар, сагъæсыл сси. Бон æм арвы рухс нал зыны, æхсæв æй хуыссæг нал ахсы. Катайыл сси йæхинымæр. Хæдзары хъуыддæгтæм нал дæтты йæ зæрдæ, хæринаг ын ад нал кæны. Бинонтæ уынынц, æлдар йæхи уагыл кæй нал у, фæлæ цæмæн афтæ æрæнкъард, уый бафæрсæг æй нæй: ничи йæм хæссы йæ ныфс.

Бирæ хъуырдухæн кодта æлдар, фæлæ ницы бафæрæзта, йæ зæрдæйы мидæг цы 'ндавындзинад сæвзæрди, уый басæттынæн. Хæйрæджы хай йыл фæуæлахиз.

Ӕлдар æмæ йе 'рдхорд æфсымæры астæу цы æуууæнк уыди, дзыллæйы 'хсæн дзы цы æфсарм, цы кад уыди – се 'ппæтæй дæр уарзондзинад тыхджындæр разынди. Йæ уазæг чызджы бауарзта æлдар.

Фадат ран æлдар ской кодта чызгæн йæ сагъæстæ, йæ фæнд. Арв æй цыма æрцавта, уыйау фæци чызг, фæлæ ма йæхи афтæ равдисын йæ бон баци, цæмæй йыл æлдар ма фæгуырысхо уыдаид, йæ зæрдæйы æууæлтæ йын ма бамбæрстаид.

«Зондæй саразын куы ницы бафæразон, – дзуры чызг йæхицæн, – цæмæй æлдары уарзондзинадæй баиргъæвон мæхи, уæд рæстæрдæм нæ ауырдыг сты мæ хъуыддæгтæ».

Ӕмæ дзуры æлдармæ:

– Ӕлдар цæра, мæ фыд ам нæй, мæ иунæг æфсымæр дæр – уый хуызæн; хорз уыдаид, уыдон æрбаздæхынмæ куы фæкæсис.

– Хорз чызг, уымæн амал не 'рцæудзæн: мæ бар мæхиуыл нал цæуы. Дæхæдæг дæр æнæ уынгæ нæ дæ, мæ сæрæн кæй нал дæн, кæд, уыцы ранмæ цæмæн æрцыдтæн, уый дын æргом нæ уыди, уæддæр. Ныр уый бамбар, æз дæ афтæ бауарзтон, æмæ мын, æвæдза, исты зæрдæ нæ бавæрдтай, уæд мæ царды сæр нал райсдзынæн.

– Мæ фыд уый куы базона, æз дыккаг усæн фæцыдтæн, уæд ын куыд маст, куыд уайдзæф уыдзæн уыцы хъуыддаг, уый йе 'рдхорд æмгарæй

хуыздæр ничи бамбардзæн, стæй æз дæр аккаг куыд скæндзынæн мæхицæн, æмæ мæ разагъды фыд, мæ иунæг æфсымæрмæ уайдзæф æрхауа, æмæ дзыллæйы ‘хсæн ныхкъуырдæй цæрой мæ сæраппонд. Аннæмæй уыйбæрц кæимæ фæцардтæ, дæхицæн адджынæн, уарзонæн кæй бацагуырдтай, дзырд кæмæн радтай, уый бафхæрын хъуамæ ма бахæссай, ма, дæ сæрмæ. Хуыцауæй дæр æй нæ бауæнддзынæ.

– Лыггонд мын у уыцы хъуыддаг дæр: кад æмæ йæ радæй арвитдзынæн йæ фыды хæдзармæ, æгъдау куыд амоны, афтæ.

Уыйадыл æлдар усы арвыста йæ цæгатмæ. Чызг бамбæрста, зын фадаты кæй бахаудта, зынæй кæй фервæзын кæндзæн йæхи, зынæй кæй нæ бачъизи кæндзæн йæ фыд æмæ йе ‘фсымæры цæсгом дæр. Уæд ма йæ сæрæн уыцы хос ссардта, æмæ æлдары галуаны бамбæхсти, авд дуары дзы сæхгæдта йæхиуыл æмæ нал касти æддæмæ.

Æлдар куы тызмæгæй, куы сабырæй æвзаджы хатт æруадзы, хатын æм сисы, лæгъстæ йын кæны, фæлæ чызг ком нæ дæтты.

Зындзинæдтæ æвзары чызг мæсыджы адв дуары фæстæ: тыхсы æнæ хæринагæй дæр, дойныйæ дæр, уыцы уынгæг ран æй фыдæхсæвтæй сыст бахордта; фыр мæстæй хаттæй-хатт кæуын байдайы, æмæ йæ цæссыг налхъуыт-налмас фæрдгуытæ абузын сисы.

Иубон æлдарыл дзырд сæмбæлд, йе ‘рдхорд Чабæйæ кæй æрбаздæхы, стæй дзы кæй куры, цæмæй æлдар чабæдзауы размæ сæмбæла иу бонцау, цæмæй уыцы ран бацин кæной кæрæдзийыл. Уацхъуыдæй æлдары зæрдæ цанæбæрæджы барухс уыдаид, фæлæ йын уæддæр æдзæугæ амал кæм уыди.

Кæрæдзийæн салам радтой дыууæ æрдхорды, æмæ чабæдзау дзуры:

– Цæй тарæрфыгæй кæсыс, цы кодтай? Дæхи хуызæнæй дæм куы ницыуал баззади æппындæр. Бирæ мæгуырдзинæдтæ бавзæрстам мæ фыртимæ: кæм – æххормаг, кæм – æнæ дон, кæм – тасы бын абырджытæй æдзæрæг, æнтæф бæсты. Фæлæ, бауырнæд дæ, бауырнæд, ахæм рæстæг мыл никуы скодта, мæ зæрдыл кæд нæ лæууыдтæ, кæд дæ нæ мысыдтæн. Мæ хæдзармæ, мæ иунæг чызгмæ афтæ не ‘хсайдта мæ зæрдæ, дæумæ куыд æхсайдта. Ныр дæр дæм ме ‘рвысты сæр уыди уымæн, цæмæй дæ федтаин тагъддæр. Уæд мæм уый цы цæстæй кæсыс?! Афтæмæй та мыл, Хуыцау ме ‘вдисæн, æрхъæцмæ нæ хъæцыдтæ, дæ цард дын ад нæ кодта æнæ мæн.

– Мæ хæлар, хатыр дæ курын, дæхицæн уыцы зын скæн. Иучысыл

мæм æрбайхъус, æз дын радзурдзынæн, мæхи хуызæн цæмæн нал дæн, мæ зæрдæ дыл цæмæн сивтон, афтæ дæм цæмæн зыны, уыдонæн сæ аххосаг. Фæлæ дæм бахатин, дзурынмæ дын кæй хъавын, уыдон арф æвæрæны мæхимæ, мæ риуы, мæ зæрдæйы мидæг куы баззаиккой, уæд бирæ хуыздæр уаид. Нæ сæ тæры, нæ, мæ зæрдæ дæуæн радзурын: стыр низ дын куы скæной, уымæй дын тæрсын.

– Сомбон кæй базонон, фæстæдæр кæй фехъусон, уый мын ды, мæ иунæг æрдхорд, раздæр куы радзурай, уæд растдæр æмæ пайдадæр уыдзæн. Сæинаг цы низæй уон, уымæй хъуамæ раздæр басæйон, мæ хæс зынæй дæр раздæр хъуамæ бафидон. Зæгъ мын дæ зæгъинаг! Æз дæм хъусын.

– Уæдæ фæуæд дæ фæндон. Дæ иунæг чызг царди мæ хæдзары йæхи хæдзары хуызæн. Дыууæ уыдыстæм, æмæ, ныййарджытæ сæхи хъæбулмæ афтæ нæ бафæрæзтаиккой кæсын, зилын, афтæ йæм зылдыстæм, кастыстæм. Нæ хæдзары цы ардтам, уымæй йын ницы бацауæрстам. Чызг, раст зæгъын хъæуы, иу-дыууæ боны рæсугъдæй равдыста йæхи. Фæлæ стæй... стыр зын мын у йæ зæгъын дæр... стæй æвиппайды афæлывта йæ хуыз. Зæххыл нæ разындзæн ахæм æнæгъдаудзинад, ахæм æгаддзинад, уый йæ сæрмæ цы не 'рхаста. Ус æмæ лæг уыдыстæм, æмæ нæ кæрæдзийæн кард æмæ фыд фестын кодта йæ фыдæвзагæй: мæнæн – иу дзырд, нæ хæдзары æфсинæн – аннæ дзырд. Уый дын йæ иу хъуыддаг.

Аннæмæй афтæ суагъта йæ цæсгом, æмæ фæсивæдæй бирæтæн ныфс æвæрдта, аккаг цæмæй нæ уыди, ахæм хъуыддæгтæй. Цу, цу! Æмæ цæйбæрцытæ нæ бахъæцыд йæ цæсгом! Мæнæн дæр, дæ иунæг æрдхорд æфсымæрæн, баздæхт æмæ кæд хъардта йæхи. Дæ цæсгом бахæрай, зæгъгæ йын æй бауайдзæф кодтон, бартхъирæн æм кодтон дæ номæй. Уыйадыл нын афтæ фæтæргай, æмæ бацыди мæсыджы, авд дуары сæхгæдта йæхиуыл, нæ размæ нал æвдисы йæхи. Уыцы ран цы мигæнæг у, цæмæй цæры, Хуыцау – йæ зонæг. Дæ иунæг чызджы бавæрын дын кæй нæ бафæрæзтон, мæ хæдзары дын æвзæр уаг кæй райста, уымæй дæ стыр къæмдзæстыг фæдæн, мæ иунæг æмгар, стыр зылын хонын мæхи дæр, мæ хæдзары æфсины дæр.

Уæд чабæдзау æлдар баздæхт æмæ æрвнæрæгау байдыдта дзурын йæ иунæг фыртмæ:

– Мæ фырт, де 'фсымæр хо æмæ мæ иунæг чызг цытæ бакодта,

уыдон фехъуыстай мæ хæлары дзыхæй дæхи хъустæй. Цæугæ тагъд ме 'рдхорды хæдзармæ, мæнæ ацы сылыхъ дæр айс демæ. Аргæвд де 'фсымæр хо æмæ мæ иунæг чызджы. Йæ тугæй мын æрхæсс ацы сылыхъы дзаг. Цалынмæ мæ иунæг чызг, мæ хъæбулы тугæй мæ дойны басæттон, уæдмæ нæ басабыр уыдзæн мæ маст, уæдмæ фæцæуинаг нæ дæн мæ хæдзармæ, адæммæ нал равдисдзынæн уæдмæ мæ цæсгом. Цæрынæй-хæрынмæ уыцы хъахъхъæд фæкодтон мæхи, никуы ницæмæй бачъизи кодтон мæ цæсгом, кад æмæ радæй дзыллæты астæу фæхаттæн. Ныр мын мæ иунæг чызг, мæ уарзон хъæбул, мæ сæр ралыг кодта зæрондæрдæм, фæхудинаг мæ кодта, цæрдудæй мæ бафтыдта мæрдтыл. Къæмдзæстыгæй баззад мæ иунæг æрдхорд дæр æнæ аххосæй... Зæнæджы маст, цæй зын уромæн дæ, цæ!.. Тагъд бакæн, æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн ацы ран.

Фыр мæстæй цæхæртæ калгæ балæууыди æлдары фырт йæ фыды æрдхорды хæдзары. Тызмæг дзуры чызгмæ, дуар ын куыд бакæна.

Чызг, хъуыды циу, уый дæр æй нæ кæны.

Уæд æм æфсымæр байдыдта лæгъзæй дзурын.

– Ма тæрс, мæ хо, ма тæрс, дуар мын бакæн, æз де 'фсымæр дæн.

– Кæд æмæ æцæгæй дæр мæ иунæг æфсымæр дæ, уæд мæ мады къухдарæн сæппар, намæ дæм фæстæмæ дæр нæ акæсдзынæн, дуар дын нæ бакæндзынæн.

Æфсымæр æм къухдарæн сæппæрста, чызг æй бакодта йæ къухыл æмæ уæладзыгæй рагæпп кодта йе 'фсымæры хъæбысмæ.

Æфсымæр æй йæ быны æркодта, кард ын æрбавæрдта йæ хурхыл æмæ, ныр сæргæвда чызджы, афтæ йæм уый дзуры:

– Цы кæныс, цы, ме 'фсымæр, цы Хуыцау дæ ныццавта? Дæумæ æмæ мæ фыдмæ кæсынæй куы сурс сты мæ цæстытæ, æз мæ былыцъæрттæ куы хордтон уæ уындмæ; мæ зæрдæ сымахыл куы дардтон, мæ зындарæнæй мæ фервæзын кæндзыстут, мæ маст мын райсдзыстут, зæгъгæ, уæд мын ай цы хъуыддаг у?

Лæппу æруагъта йæ кард, чызджы слæууын кодта йæ къæхтыл. Чызг сæрæй бынмæ радзырдта йæ зындзинæдтæ иууылдæр. Æфсымæры зæрдæ фæтасыди, фæтæригъæд кодта йæ хойæн. Кæрты иу карк рацахста, æрбаргæвста йæ, сылыхъ карчы тугæй айдзаг кодта. Бæхыл сбадт, чызджы йæ фæсарцмæ сæргъæвта æмæ араст æлдары галуантæй.

Цæуы, цæуы æмæ фæндагыл фæсвæд иу пыхсы ныууагъта йæ хойы.

Йæхæдæг уыцы тæргæбæхæй ныххоста йæ фыдмæ. Æрхызт бæхæй, сылыхъ балæвæрдта йæ фыдмæ. Уый «бис-мил-ла» загъта, сылыхъ сдардта йæ дзыхыл æмæ уыйадыл суагъта йæ тыппыртæ, стæй араст сты сæ хæдзæрттæм.

Æлдары чызг пыхсы бады æмæ сагъæс кæны, цы уыдзæни, ууыл. Уалынмæ йыл цуанон куыйтæ бамбырд сты æмæ йыл рæйынц. Куыйты рæйынмæ цуанонтæ æрбауадысты æмæ дзурынц чызгмæ, фæлæ сæм уый фæстæмæ дæр нæ кæсы. Сæ уæлвæд пыхсы астæумæ йæ бæх æрбатардта æлдар дæр. Цуанæттæ æмæ куыйтæ дæр цуан кодтой уыцы æлдаримæ.

Æлдар хъуыддагмæ куы ‘ркаст, уæд дзуры чызгмæ:

– Цы дæ, цавæр дæ? Тагъд мын дзуапп ратт, намæ, мæ куыйтæ дæ куыд акъабæзтæ кæной, ахæм ми дын кæнын.

– Хорз æлдар, æртхъирæнæй никуыма ничи амарди, стæй, æртхъирæнæй чи фæтæрса, уыцы адæймагыл нæ сæмбæлдтæ: ды цы дæ, ахæм чызг бæргæ уыдтæн æз дæр, кæд мæ ацы сахат зынвадаты ссардтат, уæддæр. Мæхи та дæм уый тыххæй не здахын, æмæ дарæсæй рæвдз нæ дæн, æфсæрмы кæнын.

Æлдар цыдæртæ фелвæста йæ дарæстæй. Чызг сæ æрбакодта йæ уæлæ, æмæ, цы уыдысты, уымæй араст сты æлдары хæдзармæ.

Чызгæн уæлæдарæсæн цæйбæрц хъуыди, уыйбæрц æлдар алыхуызон зынаргъ хъуымац уайтагъд балхæнын кодта. Барвыста хуыйджыты чызгмæ, цæмæй йын сбарой йæ гуырыконд, йæ ас.

– Мæ гуырыконд баринаг нæу, – загъта чызг, – æз искæй хуыд мæ уæлæ не скæндзынæн. Мæхимæ мын рахæссут, мæ фæлыстæн цы хъæуы, уыдон, рахæссут мын хæсгард, судзин æмæ æндæхтæ.

Æрбадти чызг. Болат хæсгард райста, хъуымæцтæ акарста æмæ уайтагъд йæхи сфæлыста йæ къахæй йæ къухмæ.

Уыцы аив дарæсты æлдары чызг равдыста йæ конд, скалдта йæ хуыз. Йæ даргъ дзыкку саулох бæхы дымæгау йе счъилтыл хоста йæхи.

– Хъуаз фæрæтмæ æрцыди, – загъта æлдар, – рагæй-æрæгмæ кæмæ бæллыдтæн, уымæй ма хуыздæрыл дæр фæхæст дæн.

Чындзæхсæв скодта, æмæ ус æмæ лæгæй цæрын байдыдтой æлдар æмæ æлдары чызг. Цæрынтæ байдыдтой кæрæдзийы уарзгæйæ, кæрæдзийы нымайгæйæ, райгуырди сын цыкурайы фæрдыджы хуызæн дыууæ лæппуйы.

Иуæхсæв йæ хуыссæнуаты æлдары ус ныуулæфыди йæ къæхты бынæй.

– Уанцон нæу, æмæ уагæры уыцы улæфт цæуыл кæныс? – бафарста йæ æлдар.

– Цæуыл улæфын, цæ, мæ сабитæ дæр дæу хуызæн куы разыной – æнæмбаргæ, æдылы: уыдон дæр дæ тугæй равзæрдысты. Сындзы бынæй сындз æвзæры.

– Æмæ мын ахæм стыр уайдзæф цæй фæдыл бафæрæзтай, усай?

– Æмæ дæ æфхæргæ дæр куыд нæ бакæнон: хъаст хъæстæндагæй чындæуы. Ацал-ауал азы цæрын дæ хæдзары, дæ дыууæ фырты тагъд дæ сæрты акæсдзысты, фæлæ дæуæн дæ хъуыдыйы никуы æрцыди мæн бафæрсын: æвадатæй дæ цы ран ссардтон, уырдæм уæларвæй æрхаудтай, пыхсы иу къудзийы бынæй сæвзæрдтæ æви дуры хуылфæй рацыдтæ?

– Дæ хорзæхæй, мæ хорз æфсин, æмæ, кæд дæуæн ныййарджытæ ис, хæстæг-æввахс дын ис, уæд ма мæн стырдæр хорз цæмæн хъæуы? Мæ амондыл ма уæлдай амонд бафтыд.

– Фыдæй æмæ мадæй райгуырдтæн æз дæр, ис мын æфсымæр дæр. Мæ мад амард, фæлæ мæ фыд æмæ ме 'фсымæр – цардæгас. Фæнды мæ, куы сæ басгарин, мæ сабиты сын куы равдисин.

Æлдар цæуылнæ барæвдзытæ кодтаид йе 'фсины: хæрд, нозт, лæвæрттæ цы хъуыди æмæ цы æмбæлди, уыдон – ийуылдæр. Кæуыл æууæндыд, иу ахæм æмбаргæ адæймаджы йын сбадын кодта йæ фарсмæ, фондзыссæдз бараджы сын бафтыдта сæ фæдыл; дыууæ сабийы дæр арвыста сæ мадырвадæлтæм.

Цæуынтæ байдыдтой, цæуынтæ. Дзæвгар-дзæвгар куы ацыдысты, уæд иу ран доны былмæ бахæццæ сты.

– Ацы ран нæ фæллад суадзæм, исты дæр ахæрæм, стæй та нæ фæндаг дæр дардзыстæм, – загъта ус.

Æрæнцадысты, бахордтой, бануæзтой. Барджытæ æмæ ляппутæ доны был ауон ран нæуууыл сæхи æруагътой æмæ æрфынæйтæ сты. Бæхтæ астæумæ кæрдæджы хизынц.

Ус æмæ æлдары хæлар лæг бадынц æмæ сæ цæст дарынц сæ адæммæ.

Уæд лæг дзуры усмæ:

– Рагæй дæр мын уыдтæ тынг адджын, мæ зæрдæмæ дæуæй фылдæр сылгоймаг никуы бацыд. Аккаг скæн, æмæ æмуд куыд æрцæуæм кæрæдзимæ.

– Ард дæ фæдыл æфтыд фæуæд, кæд дæ мæ сæрыхицау уый тыххæй нæ рарвыста мемæ. Ахæм æнаккаг ныхас дæ куыд нал сирвæза, афтæ. Æрдхорд та ма дзы хуыздæр цы вæййы!

– Мæ фæндон мын сæххæст кæн, намæ дæ хъæбултæй ацы ран иуы æргæвдын.

– Сæ дыууæйы дæр мын куы ‘рбаргæвдай, уæддæр, сæрмæ бахæссинаг цы хъуыддаг нæ уа, уый нæ бахæсдзынæн мæ сæрмæ. Нæ фегад кæндзынæн мæ сæрыхицауы!

– Уæдæ ком нæ ратдзынæ, зæгъыс?

– Ницæй тыххæй!

Лæг фестад, кард фелвæста æмæ дыууæ лæппуйы къубæлттæ æрбаргæвста. Ус барджыты дарæстæй лæджы фæлыст рамбырд кодта æмæ доны уыцы фарсмæ аленк кодта. Уыцы ран сæрыхъуынтæ æрбамбырд кодта, худæй сæ æрæмбæрзта æмæ лæджы дарæстæ æрбакодта йæ уæлæ.

Уыцы хуызæнæй араст, иу хъæумæ бафтыд, æххуырсты бынат агуры. Сæмбæлди йыл иу ацæргæ лæг.

– Хорз, æз дæ бауромдзынæн, – загъта лæг. – Мæ фосмæ мын зилынц мæ уæтæры иуæндæс лæджы, иу лæг ма мæ хъæуы, ныллæуу мæм, мыздыл бафидаудзыстæм.

Æлдары ус сразы. Цæрынтæ байдыдта. Æркаст фыййæуттæн сæ хъуыддæгтæм, уæтæрты рæвдзытæм. Уайтагъд сын раиртæста сæ хъуæгтæ æмæ уынаффæ райста йæхимæ. Фос адихтæ кодта, алы фыййауæн дæр бæрæг куыст радта, хуыздæр сæ чи цæмæ арæхсти, ууыл æй бафтыдта, уаг сын сæвæрдта сæ цардæн.

Ноджы баздæхт æмæ фыййæутты цæрæнтæ, уæтæртæ цадæггай аивта. Уыдон уыдысты уисæй быд, æмæ сæ уый хъæдæй æмæ дурæй ног саразта.

Бирæ фæхуыздæр фосгæсты цард, бирæ фæхуыздæр фосмæ зылд. Бæрæгдæр уыдысты аннæ уæтæртæй, аннæ фосгæстæй.

Цух нал кодтой уазæгæй. Ахæм уазæг сæм нæ сæмбæлдаид, кусарт кæмæн нæ акодтаиккой, хорз кæй нæ федтаиккой. Фæлæ сæ фос уыйбæрц сысты хорз зылдæй, æмæ сыл бирæ хардз дæр нал зынди.

Фыййауы кой дæрдтыл айхъуысти. Фосджын æлдæрттæ, уæтæрджынтæ хæлæг байдыдтой, æлдары ус æххуырсты кæмæ уыди, уыцы фосджынмæ, ахæм адæймаг кæй уæтæры уынаффæ кодта.

Æлдæрттæ иуахæмы кæмдæр баиу сты. Сгуыхт фыййауы кой æрæфтыдтой. Дзырд радтой уыцы ран, цæмæй басгарой æлдары уæтæр

æмæ феной сæхи цæстытæй, цытæ бакодта разагъды фыййау. Фæхабар кодтой æлдармæ, æнхъæлмæ сæм куыд кæса бæрæг афонмæ йæ уæтæры.

Æлдар худын байдыдта йæхиуыл: «Кæйдæр æвджид бакодтон мæ ис-бис, дзыллæтыл айхъуыст мæ фосгæсты хорзы кой, фæлæ сæ иу сгæрст нæма бакодтон мæхædæг, цы гæнæг сты, уый нæ федтон».

Æмгъуыды бон æвиппайды æрхызтысты уæтæры æлдар æмæ йæ уазджытæ. Фыййæутты хистæр зилæнтæ кæны, лæггад кæны уазджытæн. Иу нард гал аргæвста, барæвдзытæ кодта алы хæрд, алы нозт æмæ хорз цæуылнæ федтаид йæ буц уазджыты.

Фæсхæрд уæтæры арæзтытæм, фосы дардмæ æркастысты уазджытæ. Кæрон нал уыди сæ дисæн, уыйбæрц хорз сæм фæкастысты, цы федтой уæтæры, уыдон.

Уæд уазджытæ фæрсынц сæ фысым æлдары:

– Чи у дæ фыййæутты хистæр, кæм федта, кæм базыдта, бакæнын цы бафæрæзта, уыдон æви сæ йæхи сæрæй сарæзта йæхæдæг?

Æлдар сын ницы дзуапп радта, уый тыххæй æмæ ницы зыдта йæ фыййауæн. Æлдæрттæ фæсидтысты уæд хистæр фыййаумæ æмæ йæ фæрсынц:

– Зæгъ-ма нын, зæгъ, чи дæ, стæй, кæй сарæзтай, уыдон дæхи сæрæй райстай æви сæ искæуыл базыдтай?

– Чысыл нæ федтам мах, ис нæ алкæмæ дæр фос, уæтæртæ, фыййæуттæ, фæлæ, дæуæн цы бантысти, уый нырма никæмæн бантысти фосы кондæй æмæ уæтæрты арæзтæй. Стæй, дæ фæнд, дæ куыст куыд фæзынди дæ хицауы хæдзарыл, афтæ никæй фæнд, никæй куыст фæзынди иу хæдзарыл дæр. Кæрон нал ис дæ хицауы фосæн.

– Хорз адæм, сымах цы бафæнда, уый сæххæст кæнын хæсыл нымайын æз мæхицæн. Фæлæ уын цалынмæ, чи дæн, уый сæргом уа, уалынмæ уæ курын, куыд мæм байхъусат, афтæ. Æз уын æрхæссон иу чысыл таурæгъ. Æрмæст мын æууæнк раттут, мæ ныхас мын къуылымпы чи кæна, æргом мын æй чи фауа, уый ацы ранæй куыд арвитат æмæ æндæр ран урæд куыд æрцæуа, цалынмæ нæ радзурон, уæдмæ.

Фыййауы ныхасыл сразы сты.

Уæд, æлдары усыл цы æрцыди, уыдон радзырдта, цыма æндæр кæуылдæр æрцыдисты уыцы хабæрттæ. Ус йæ таурæгъ куыд кодта, афтæ фыццаджыдæр æддæмæ рарвыстой æмæ бæрæг ран баурæдтой уымæн йæ фыды æрдхорды, йæ фыд Чабæмæ куы цыди, уæд кæй

хæдзары царди æмæ йын уыцы æфхæрдтæ чи бакодта, хæтæгхауæг кæй руаджы фæци.

Уый фæстæ рарвыстой уымæн йæ мойы хæлары, йæ лæппуты йын чи аргæвста доны был, ус йæ цæгатмæ куы фæцæйцыд, уæд.

Таурæгъ фæци дзырд. Фыййау систа йæ худ, æмæ уый хуызæн сæрыхил æркалдысты худы бынæй.

– Стыр æфсæрмы кæй фæкодтой, лидзæг чи фæци йæ фыды хæдзарæй, йæ хъæбулты саузæрдæ лæг кæмæн сæргæвста, уыйбæрц зынтæ чи федта, уый æз дæн. Ныр у, æмæ мæ хъаст хæссын сымахмæ – тæрхонгæнæг сымах фæут.

Тæрхоны æрбадтысты, уæдæ цы кодтаиккой.

– Хъæдын хырхæй сæ цыппæргæйттæй афадæм, æндæр тæрхон сын нæй.

– Уый нæ уыдзæн, – загъта иу æлдар. – Цыппæргай дихæй дæр мард мард у, æмæ уæ агурдзæн йе 'гъдау: марды кæнд, нығæнын – фæллой сыл ис. Мæ бæхрæгъаумæ ис æнæдомд уырсытæ, саргъ æвæрд кæуыл нæма уыди. Уыдонæй сæ дыууæйы къæдзилыл бабæттын хъæуы, дзæн, куыйхъæд, куыйдур сæ куыд бакæной æмæ се стæгдар дæр куыд нал сбæрæг уа. Уый та сын мæ тæрхон.

Æлдæрттæ фæстаг тæрхоныл сразы сты.

Дыууæ æлдары уырсыты дымджытыл ныббастой, æмæ сæ уыдон ныппырх кодтой.

Кæрæдзийыл фæцинтæ кодтой æлдары ус, йæ фыд, йæ мой. Ус æмæ та йæ мой цæрынтæ байдыдтой, зæнæг дæр та сын рацыди æмæ та амондджынæй æрвыстой царды бонтæ.

*Радзырдта йæ Баскаты Темболат, 55-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Æмбалты Цоцко, 14 мартъи, 1921 аз, Æрыдон.*
*Чиныг «Ирон адæмон сфæлдыстад»-æй ист*

# ТÆФÆРФÆС



## ДЗАНАЙТЫ ОЛЬГÆ

31 майы 76-аздзыдæй йæ цардæй ахицæн Ирыстоны уарзон хъæбул, ирон зарæг, ирон аивад йæ удæй фылдæр чи уарзта æмæ йын лæггад кæнынæй чи нæ бафсæст, РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ, Мариинаг театры цæгатирыстойнаг хайады нæлгоймæгты зарæггæнджыты къорды аивадон разамонæг, хормейстер, педагог ДЗАНАЙТЫ Ольгæ.

Дзæуджыхъæуы аивæдты училищейы зындгонд хормейстер Æчеты Аркадийы кълас каст фæуыны фæстæ сахуыр кодта Мæскуыйы Гнесинты номыл музыкалон академийы. Ирыстонмæ куы æрыздæхт, уæд кусын райдыдта рæзгæ фæлтæримæ. Йæ разамындæй камерон хор «Арион»-ы ном дардыл айхъуыст. Мариинаг театры нæлгоймæгты зарæггæнджыты къорд та сси, йæ цард кæмæн снывонд кодта, уыцы коллектив. Репертуары зарджытæ иууылдæр æвзæрста йæхæдæг. Ис дзы, абон царды кæй нал хъусæм, XIX æнусы ахæм зарджытæ-куывдтытæ. Уыдон Ольгæ рахаста стыр сценæмæ. Республикæйы Аивæдты лицейы кусгæйæ, хъомыл кодта ног фæлтæртæ хъæбатыртыл зарæггæнджыты къордтæм, сæ зæрдæты сын тыдта уарзондзинад сæ уидæгтæм æмæ ирон аивадмæ. Нæлгоймæгты зарæггæнджыты къорд ссис дунеон æмæ æппæтадæмон конкурсты уæлахиздзау Чехословакийы, Венгрийы, Польшæйы, Германийы. Сæ хæдхуыздзинад æмæ бæрзонд аивады руаджы систы бирæ бæстæты уарзон.

Æгæрон уыд йæ уарзондзинад Ирыстонмæ, ирон аивадмæ. Уымæн бантыст адæмон зарджытæ академион æмвæзадмæ сисын. Сценæйы уыд карз, домаг, дзырдта-иу, бæрзонд аивад кæй нæ быхсы лæмæгъдзинадæн. Куыддæр-иу фæскулисæтæм рахызтысты, афтæ та-иу фестад фæлмæнзæрдæ, алкæуыл дæр ныййарæгау узæлаг сылгоймаг. Сценæмæ сæ алы рацыд дæр уыд æнæхъæн спектакль. «Зарæгæн йæ истори куынæ зонай, уæд æй адæмæн нæ бауарзын кæндзынæ», – дзырдта-иу арæх маэстро. Афтæмæй-иу зарæг ссис зæрдæйы арфæй цæуæг сыгъдæг куывд.

Йæ амæлæтæй дыууæ боны размæ Дзанайты Ольгæ хорзæхджынгонд æрцыд нæ республикæйы стырдæр хæрзиуæг – «Намысы Орден»-æй.

Рухсаг у, Иры чызг…

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **20 майы** Дзæуджыхъæуы Центрон чиныгдоны арæзт æрцыд фыссæг, поэт, публицист, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, педагог Берозты Аслæнбеджы номарæн изæр. Йæ райгуырдыл сæххæст 110 азы. Скъолаты кусгæйæ амыдта уырыссаг æвзаг æмæ литературæ. Разамынд лæвæрдта рауагъдад «Ир»-æн, уыд Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы уæнг. Йе сфæлдыстады зынгæ бынат ахста сывæллæтты тематикæ. Фыста сын радзырдтæ, æмдзæвгæтæ.

► **21 майы** Национ наукон чиныгдоны сфæлдыстадон проект «Кадджын театры кадджын хистæртæ»-йы фæлгæты арæзт æрцыд аивадон номарæн изæр. Æрымысыдысты дзы ирон драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы, йæ чызг – фыццаг сылгоймаг-режиссер Брытъиаты Зарифæйы æмæ ирон театралон аивады бындурæвæрæг Тотраты Бесæйы рухс нæмттæ.

► **25 майы** Республикон Хæлардзинады хæдзары арæзт æрцыд поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг Хохойты Энверы сфæлдыстадон изæр.

► **29 майы** Дзæуджыхъæуы арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны æмæ Кæсæг-Балхъары республикæты парламентты ‘хсæн фыццаг форум «Иудзинады æмæ хæлардзинады фæндæгтыл». Архайдтой дзы цæгатирыстойнаг депутатты корпус æмæ Кæсæг-Балхъары закъонæвæрджыты делегаци. Кадджын уазджыты ‘хсæн – зындгонд советон æмæ уæрæсейаг паддзахадон архайæг Дзасохты Алыксандр, Кæсæг-Балхъары Коммунистон партийы комитеты секретарь Борис Зумакулов. Форум баст уыд Уæрæсейы адæмты иудзинады азимæ. Ахæм мадзæлттæ арæзт цæудзысты æндæр регионтимæ дæр.

**4-7 июны** Мæскуыйы уыд чингуыты æрвылазон XII æппæтуæрæсеон фестиваль «Сырх фæз». Цæгатирыстойнаг делегацийы минæвæрттæ – рауагъдад «Ир», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», «Дарьял» – чиныгуарджыты размæ рахастой сæ авторты уацмыстæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл фыст, историон-культурон чингуытæ. Куыд æрвылаз, афтæ та ныр дæр чиныгкæсджытæ цæгатирыстойнаг экспозицимæ стыр æргом здæхтой.

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 6. 2026 г.
Подписано в печать 15.06.2026 г. Выход в свет: 25.06.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 181. Цена свободная

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Цъарыл разæй Букуылты Андрейы ист къам «Заманхъулы дзæгъдзæгъгæнæджы быдыртæ».
Равдысты къамтæ сты Хозиты Барисы æмæ журнал «Мах дуг»-ы æвæрæнтæй.

# Рафыссæм ирон журнал «МАХ ДУГ»!

## Зынаргъ хæлæрттæ!

*Райдыдта 2026 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд чи у, ирондзинад йæ зæрдæйы рæбинаг кæмæн у, уыдонæн 2026 азы дыккаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Нæ индекс: 37247. Аргъ – 792 сомы æмæ 12 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 728 сомы æмæ 46 капеччы.*

*Журнал асламдæр аргъæй, 500 сомæй (афæдзы æмбисæн), рафыссæн ис редакцийы. Афæдзæн та – 1000 сомæй.*

*Иу хорз хабар ма! 30 журналы кæнæ фылдæр чи рафысса (республикæйы скъолатæ, районты администрацитæ, æндæр куыстуæттæ...), уыдонæн сæ редакци хæццæ кæндзæн лæвар.*

*Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг*

*Редакцийы телефонтæ:*
*25-09-64, 25-09-74,*
*8 (962) 743 58 78, 8 (918) 835 33 56*




Индекс 73247
12+